शुक्र
11 सितंबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

भादव, कृष्ण पक्ष, अमावस्या, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 04 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

# मधुबनी मे पकड़ल गेल फर्जी पासपोर्ट गिरोह, 62 पासपोर्ट जप्त भेला सं एजेंसीक ठनकल माथा

- फर्जी पासपोर्ट मामिला मे अखन एक व्यक्ति सं कएल जा रहल अछि पूछताछ
- पहिनहुं दरभंगा आ मधुबनी जिला सं जुड़ैत रहल अछि आतंकीक तार



**समदिया एक्सक्लूसिव**

**संजय कुमार झा, मधुबनी**

मधुबनी मे फर्जी पासपोर्टक एकटा मामिला आब लगातार नव-नव खुलासाक कारण गंभीर रूप लैत जा रहल अछि। एहि अंतरराष्ट्रीय गिरोह सं जुड़ल खुलासा स्थानीय पुलिसक संग-संग अन्य जांच एजेंसी सभक चिंता सेहो बढ़ा देने अछि। 6 सितंबर कें फर्जी पासपोर्ट सहित चारि लोकक गिरफ्तारीक बाद मामिलाक जांच मे कतेको चौंकाबयबला तथ्य सामने आबि रहल अछि। बुधदिन देर सांझ दरभंगा जिलाक मनिगाछी थाना क्षेत्रक नारायणपुर निवासी मो. यूनुसक पुत्र मो. जुनैद हुसैन कें मधुबनीक कोतवाली चौक सं गिरफ्तार कए पुलिस पूछताछ कए रहल अछि।

जुनैद हुसैनक विरुद्ध महाराष्ट्र मे विदेश पठयबाक नाम पर ठगी करबाक आरोप मे एकटा मामिला दर्ज अछि। फर्जी पासपोर्टक ई मामिला जखन सं सामने आयल अछि, पुलिस लगातार एहि गिरोहक संबंध मे नव तथ्यक पड़ताल कए रहल अछि। मामिलाक गंभीरता कें देखैत पुलिस अखन विस्तृत जानकारी देबाक मामिला मे सावधानी बरति रहल अछि। जांच एजेंसी सभ कें आशंका अछि जे एकर संबंध कोनो अंतरराष्ट्रीय षडयंत्र सं भए सकैत अछि।

### 62 पासपोर्ट बरामद भेलाक बाद खुजल राज

6 सितंबरक मध्यरात्रि घोघरडीहा थाना पुलिस नियमित गश्ती पर छल। एहि दौरान एकटा मोटरसाइकिल पर सवार दू युवक पुलिस कें देखिते भागय लगलाह। पुलिस दुनू युवक कें पकड़ि लेलक। तलाशीक क्रम मे हुनका सभक लग सं 62टा पासपोर्ट सहित अन्य सामान बरामद भेल। गिरफ्तारीक बाद पूछताछ शुरू भेल तं फर्जी पासपोर्टक मामिलाक कतेको महत्वपूर्ण पक्ष सामने आबय लागल।

जानकारीक अनुसार, बरामद अधिकांश पासपोर्ट एहन लोकक बताओल जा रहल अछि जे वर्तमान मे विदेश मे रहि काज कए रहल छथि। आरोप अछि जे एहन लोकक मूल पासपोर्ट घोघरडीहा थाना क्षेत्रक एकटा ग्रामीण डाककर्मीक पता पर मंगाओल जाइत छल। बाद मे एहि पासपोर्ट कें पटना, कानपुर सहित देशक अन्य स्थान पर पठाओल जाइत छल, जतय कथित रूप सं फर्जी पासपोर्ट तैयार कएल जाइत छल। आरोप अछि जे फर्जी पासपोर्टक आधार पर लोक कें खाड़ी देश सहित रूस, यूक्रेन आ अन्य देश पठाओल जाइत छल। एहि लेल संबंधित लोक सभ सं मोट पाइ वसूलल जाइत छल। पुलिस डाककर्मी कें सेहो हिरासत मे लए पूछताछ कए रहल अछि। पूछताछ मे सामने आबि रहल तथ्य पुलिस लेल सेहो गंभीर चिंताक विषय बनल अछि।

### नेपाल, बांग्लादेश आ अन्य देश सं जुड़ल भए सकैत अछि तार

सूत्रक अनुसार, फर्जी पासपोर्टक एहि मामिलाक तार भारतक विभिन्न राज्यक अतिरिक्त नेपाल, बांग्लादेश, म्यांमार आ खाड़ी देश सभ सं जुड़ल होयबाक आशंका अछि। मामिलाक अंतरराष्ट्रीय स्वरूप कें देखैत राष्ट्रीय जांच एजेंसी (एनआइए) सहित कतेको जांच एजेंसी एहि मामिलाक पड़ताल मे जुटि गेल अछि।

वरिष्ठ पुलिस सूत्रक कहब अछि जे ऊपर-ऊपर सं मामिला जतेक सरल देखाइ पड़ैत अछि, वास्तव मे ओतेक सरल नहि अछि। एकर तार देशक विभिन्न भाग सं लए कए विदेश धरि जुड़ल होयबाक आशंका अछि। आरोप अछि जे गिरोहक सदस्य विदेश पठेबाक नाम पर युवक सभ सं मोट रकम लैत छल आ फर्जी पासपोर्टक माध्यम सं हुनका सभ कें एक देशक रास्ते दोसर देश पठाओल जाइत छल। मूल पासपोर्ट अपना लग राखि लेबाक आरोप सेहो अछि। पुलिस आब ई पता लगेबाक प्रयास कए रहल अछि जे एहन पासपोर्टक आधार पर कतेक भारतीय विदेश गेल छथि आ वर्तमान मे कतय आ कोन स्थिति मे छथि।

### सीमांचल क्षेत्र मे सेहो पड़ताल

मामिला एनआइएक संज्ञान मे अयलाक बाद पुलिस आ जांच एजेंसी सभक गतिविधि तेज भेल अछि। जांच एजेंसी सभ मामिलाक तह धरि पहुंचबाक लेल सीमांचल क्षेत्र, विशेष रूप सं किशनगंजक सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे सेहो पड़ताल कए रहल अछि। सूत्रक अनुसार, एहि क्षेत्र सभ मे फर्जी पासपोर्टक काज व्यापक रूप सं चलबाक आशंका व्यक्त कयल जा रहल अछि। एहि संबंध मे रोहिंग्या लोक सभ कें सीमावर्ती क्षेत्र मे बसेबाक कथित प्रयासक आरोप सेहो लगाओल गेल अछि।

### पुरान आतंकी मामिला सं जुड़ल संदर्भ

मधुबनी आ दरभंगा भारत-नेपाल सीमाक समीप अवस्थित होयबाक कारण फर्जी दस्तावेज आ सीमापार गतिविधि सं जुड़ल मामिला सामने अयलाक बाद सुरक्षा एजेंसी सभ विशेष सतर्क रहैत अछि। मूल रिपोर्ट मे 2006 केर बाद देशक विभिन्न भाग मे भेल आतंकी गतिविधि सभक तार मधुबनी आ दरभंगा सं जुड़ल रहबाक उल्लेख कयल गेल अछि। जून 2026 मे बिहार आ मध्य प्रदेश एटीएसक संयुक्त कारबाइ मे मधुबनीक पंडौल थाना क्षेत्र सं एकटा मदरसाक शिक्षक मौलाना इजहारुल हक कें गिरफ्तार कयल गेल छल। जांच एजेंसीक अनुसार, ओकर संपर्क पाकिस्तानक एकटा हैंडलर सं छल आ ओ कथित रूप सं फर्जी दस्तावेज पर भारतीय सिम कीनि कए नेपालक रस्ते पाकिस्तान पठबैत छल।

एकर अतिरिक्त, रिपोर्ट मे यासीन भटकल आ अजमल सहित किछु कुख्यात आतंकीक दरभंगा-मधुबनी क्षेत्र मे रहलाक आ सीमावर्ती इलाका मे कथित स्लीपर सेल तैयार करबाक संदर्भ सेहो देल गेल अछि। एहि पृष्ठभूमि मे फर्जी पासपोर्टक मामिला सामने अयलाक बाद पुलिस आ सुरक्षा एजेंसी सभक चिंता बढ़नाइ स्वाभाविक अछि। फिलहाल फर्जी पासपोर्ट गिरोहक मामिलाक जांच जारी अछि। मधुबनीक पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमार कहलनि जे पुलिस अन्य जांच एजेंसी सबहक सहयोग सं मामिलाक तह धरि पहुंचबाक प्रयास कए रहल अछि।

---

**एक नजरि**

### वायरल करबाक बहन्ने एसएसबीक एसआइ पर दुष्कर्मक आरोप

**मुजफ्फरपुर :** मुजफ्फरपुरक एसकेएमसीएच सेक्टर मुख्यालय मे तैनात सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी)क सहायक उपनिरीक्षक विकास कुमार पर दिल्लीक एक महिला आ लखनऊक दू महिला सं ठगी आ ब्लैकमेलिंग करबाक आरोप लागल अछि। दिल्लीक महिलाक आरोप अछि जे विकास सोशल मीडिया पर फॉलोअर बढ़ेबाक प्रलोभन दए 7 दिसंबर 2025 कें हुनका मुजफ्फरपुर बजौलक। स्टेशन रोडक एकटा होटल मे ठहरबाक दौरान विकासक साथी द्वारा हुनका संग दुष्कर्म कयल गेल आ घटनाक वीडियो सेहो बना लेल गेल। विरोध करबा पर बच्चाक हत्या करबाक धमकी देल गेलाक आरोप अछि। महिलाक कहब अछि जे दिल्ली लौटलाक बाद वीडियो वायरल करबाक धमकी दए हुनका सं 20 हजार टका लेल गेल आ आर रुपैयाक मांग कयल गेल। मामिलाक जानकारी भेटलाक बाद एसएसबी स्वतः संज्ञान लैत तीन सदस्यीय जांच समिति गठित कयलक अछि।

---

# भागलपुर मे बाढ़ि सं बिगड़ल स्थिति एकहि परिवारक 5 गोटेक मृत्यु

- एक-दोसरा कें बचेबाक क्रम मे सभ गोटे डूबलाह

**भागलपुर, समदिया**

गंगाक बढ़ैत जलस्तरक बीच बाइपास थाना क्षेत्रक कोयली खुटहा गाम मे सड़क पर जमा बाढ़िक पानि मे डूबि एकहि परिवारक पांच गोटेक मृत्यु भए गेल। मृतक मे तीन महिला सेहो छथि। दुर्घटनाक बाद गाम मे शोकक वातावरण अछि। एकटा अन्य व्यक्ति गंभीर रूप सं घायल छथि आ हुनकर इलाज मायागंज अस्पताल मे चलि रहल अछि। परिजनक अनुसार, परिवारक लोक खेत दिस जा रहल छलाह। रस्ता मे सड़क पर बाढ़िक पानि जमा छल। पानिक गहराइक अनुमान नहि लागलाक कारण परिवारक किछु सदस्य गहींर पानि मे चलि गेलाह। एकटा व्यक्ति कें डूबैत देखि कए दोसर हुनका बचेबा लेल आगू बढ़लाह। एहि क्रम मे कतेको गोटे गहींर पानि मे डूबि गेलाह।



स्थानीय ग्रामीण आ घटनास्थल पर उपस्थित लोक सभ तत्काल बचाव कार्य शुरू केलनि। सभ कें पानि सं बाहर निकालि अस्पताल पठाओल गेल, जतय चिकित्सक पांच गोटे कें मृत घोषित कए देलनि। गंभीर रूप सं घायल व्यक्तिक इलाज मायागंज अस्पताल मे भए रहल अछि, जखन कि तीन गोटे कें फैब्रिकेटेड अस्पताल मे राखल गेल अछि। मृतकक पहिचान मंचों देवी, सोनाक्षी कुमारी, प्रिंस कुमार, अभिषेक कुमार आ अंशु प्रियाक रूप मे भेल अछि। सभ मृतक एकहि परिवारक बताओल जा रहल छथि। घटनाक सूचना भेटिते बाइपास थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि जानकारी लेलनि। थानाध्यक्ष, पंचायतक मुखिया आ स्थानीय लोक सेहो मायागंज अस्पताल पहुंचि गेलाह। पांच गोटेक मृत्यु सं कोयली खुटहा गाम मे शोक अछि। अस्पताल परिसर मे परिजनक चीत्कार सं वातावरण गमगीन भए गेल।

### राज्य भरि मे करीब 41 लाख लोक बाढ़ि सं छथि प्रभावित

**पटना।** राज्य मे बृहस्पति कें सेहो बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल रहल। राज्यक 14 जिलाक 84 प्रखंडक 517 पंचायत मे बाढ़िक पानि पसरल अछि आ 41.45 लाख सं बेसी लोक प्रभावित छथि। राहति आ बचावक काज जारी अछि। भागलपुर मे स्थिति विशेष रूप सं चिंताजनक अछि। गंगाक जलस्तर बढ़ला सं जिला मे बाढ़िक प्रभाव लगातार विस्तृत भेल अछि आ आइ करीब 6 लाख लोक प्रभावित होयबाक रिपोर्ट अछि। कतेको स्थान पर घर-दुआरि मे पानि प्रवेश कए गेल अछि, सड़क संपर्क बाधित अछि आ सामान्य जनजीवन पर पैघ असरि पड़ल अछि। भागलपुर-मुंगेर एनएच-80 पर सेहो बाढ़िक पानिक असरि पड़ल अछि। टीएमबीयू परिसर मे पानि भरल रहबाक कारण किछु भाग मे नावक सहारा लेल जा रहल अछि। राज्यक अन्य गंगातटीय जिला - पटना, मुंगेर, खगड़िया, कटिहार, लखीसराय, वैशाली, समस्तीपुर सहित कतेको क्षेत्र मे स्थिति गंभीर अछि। किछु नदीक जलस्तर मे कमी अयबाक संकेत जरूर अछि, मुदा गंगा सहित प्रमुख नदी सभक जलस्तर एखनहुं खतराक निशान सं ऊपर अछि। सरकारक दिस सं एनडीआरएफ आ एसडीआरएफक दल तैनात अछि आ सैकड़ो नाव राहति-बचाव मे लगाओल गेल अछि। मौसिमक स्थिति आ नदीक जलस्तर पर लगातार निगरानी राखल जा रहल अछि।

---

# ट्रैक्टर-जेसीबी सं घेरि पुलिस टीम पर हमला

**शराब कारोबारी कें छोड़ा लेलक भीड़**

- पुलिसकर्मी सभ संग माइरपीट सेहो कएल गेल

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा मे शराबक विरुद्ध छापामारी करय गेल पुलिस दल पर भीड़ द्वारा हमला कयल गेल अछि। घटना रैयाम थाना क्षेत्रक बनसरा ठीकरा टोल लग बुधदिन देर राति भेल। पुलिस करीब 2 लीटर देसी चुलाई शराब बरामद कय महावीर सहनी नामक कथित शराब कारोबारी कें हिरासत मे लए कए पुलिस वाहन मे बैसा देने छल। पुलिसक अनुसार, महावीर सहनीक परिजन आ नजदीकी लोक सभ ट्रैक्टर आ जेसीबी सं पुलिस वाहन कें घेरि लेलक। एहि दौरान पुलिसकर्मी सभक संग धक्का-मुक्की आ माइरपीट कयल गेल आ हिरासत मे लेल गेल महावीर सहनी कें पुलिसक कब्जा सं छोड़ा लेल गेल। भीड़ द्वारा पुलिसक सरकारी वाहन सेहो क्षतिग्रस्त कए देल गेल। हालांकि,



कोनो पुलिसकर्मी घायल भेल छथि वा नहि, तकर आधिकारिक पुष्टि नहि भेल अछि।

घटनाक सूचना भेटिते रैयामक अतिरिक्त केवटी, कमतौल, सिमरी, सदर, मब्बी सहित सात थाना क्षेत्रक पुलिस बल घटनास्थल पर पहुंचल। जिला मुख्यालय सं सेहो अतिरिक्त पुलिस बल मंगाओल गेल। कमतौल एसडीपीओ शुभेंद्र कुमार सुमनक अनुसार, घटनाक बाद पुलिस तत्काल कारबाइ करैत महावीर सहनी सहित कुल 10 गोटे कें गिरफ्तार केलक अछि। मामिलाक जांच आ आगांक कानूनी कारबाइ जारी अछि।

---

# लालू, राबड़ी आ तेजस्वी पर आइआरसीटीसी मामिला मे आरोप तय

**7 आरोपी बरी, आब अक्टूबर मे होयत एहि मामिलाक अगिला सुनवाई**

- मामिलाक आपराधिक पक्षक जांच सीबीआइ कए रहल अछि

**नई दिल्ली, एजेंसी**

राष्ट्रीय जनता दल (आरजेडी)क सुप्रीमो लालू प्रसाद यादव आ हुनकर परिवारक परेशानी बढ़ि गेल अछि। आइआरसीटीसी मनी लॉन्ड्रिंग मामिला मे दिल्लीक राउज एवेन्यू कोर्ट लालू यादव, हुनकर पत्नी राबड़ी देवी, पुत्र तेजस्वी यादव सहित 9 आरोपितक विरुद्ध आरोप तय केलक अछि। हुनका सभ पर मनी लॉन्ड्रिंग अधिनियमक धारा 3 आ 4 केर अंतर्गत आरोप तय कयल गेल अछि।



एहि मामिला मे न्यायालय 7 आरोपित कें बरी कय देने अछि। मामिलाक अगिला सुनवाइ अक्टूबर मे होयत।

ई मामिला लालू यादवक यूपीएक सरकार मे रेल मंत्री रहबाक समयक अछि। आरोप अछि जे हुनकर कार्यकाल मे आइआरसीटीसीक रांची आ पुरी स्थित दू होटल चलेबाक ठेका एकटा निजी कंपनी कें देल गेल छल। एहि ठेका मे कथित रूप सं अनियमितता भेल छल। मामिलाक आपराधिक पक्षक जांच केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो (सीबीआइ) कए रहल अछि, जखन कि प्रवर्तन निदेशालय (ईडी) धन शोधनक आरोपक जांच कय रहल अछि।

---

### बुद्ध सर्किट पर निमार्णाधीन पुलक ढांचा खसल, 7 घायल

**हाजीपुर :** वैशाली जिलाक लालगंजक जलालपुर गाम मे बृहस्पति कें निमार्णाधीन पुलक ढांचा अनचोके खसि पड़ल। एहि दुर्घटना मे 7 मजदूर घायल भेलाह। ई पुल भारतमाला परियोजनाक अंतर्गत सोनपुर सं केसरिया धरि बनि रहल छओ लेनक बुद्ध सर्किट राजमार्गक हिस्सा अछि। घायल मजदूर सभ कें रेफरल अस्पताल पहुंचाओल गेल, जतय सं 2 गोटेक हालति गंभीर रहबाक कारण हाजीपुर पठाओल गेल। जिला प्रशासनक अनुसार, पुलक लॉन्चर विस्थापित करबाक क्रम मे ई दुर्घटना भेल। घटनाक कारणक जांचक आदेश देल गेल अछि। जांचक आधार पर आवश्यक कारबाइ होयत।

---

# बनत पशुपतिनाथ-वैद्यनाथधाम हाई स्पीड कॉरिडोर भेजा, गंडौल-कुशेश्वरस्थान होइत गुजरत

**एहि सं मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत नेपाल आ झारखंड धरि पहुंचत आ पर्यटन कें दीर्घकालीन लाभ भेटत**

**दरभंगा, समदिया**

मिथिला लेल एकटा महत्वपूर्ण उपलब्धिक रूप मे पशुपतिनाथ-वैद्यनाथधाम हाई स्पीड कॉरिडोर कें कुशेश्वरस्थान, खगड़िया होइत बनेबाक दिशा मे पहल भेल अछि। केंद्रीय सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी 7 सितंबर कें मंत्रालय कें एहि कॉरिडोरक शीघ्र निर्माणक लेल पत्र लिखने छथि। प्रस्तावित मार्ग भेजा गंडौल आ कुशेश्वरस्थान होइत आगू बढ़त।

जनतब दी जे दरभंगा सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर एहि संबंध मे 3 अप्रैल कें केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी सं भेंट कए पत्र सौंपने छलाह आ शीघ्र पहल करबाक आग्रह केने छलाह। मंत्रालय द्वारा यातायात घनत्व, माल ढुलाई, यात्री आवागमन, क्षेत्रक सामाजिक-आर्थिक स्थिति आ पर्यटनक संभावना सहित विभिन्न पक्षक अध्ययन आ आकलनक बाद एहि कॉरिडोर कें कुशेश्वरस्थान होइत बनेबाक दिशा मे पहल कयल गेल अछि।



पशुपतिनाथधाम-वैद्यनाथधाम हाई स्पीड कॉरिडोर धार्मिक पर्यटन, भारत-नेपाल सीमा-पार संपर्क आ क्षेत्रीय आर्थिक विकासक दृष्टि सं अत्यंत महत्वपूर्ण होयत। कुशेश्वरस्थान जकां उत्तर बिहारक प्रमुख धार्मिक स्थल कें एहि मार्ग सं जोड़ला सं श्रद्धालु सभक आवागमन सहज होयत आ धार्मिक पर्यटन कें सेहो नव गति भेटत।

हाई स्पीड कॉरिडोर सं दरभंगा सहित लगपासक कतेको जिला सभ कें नीक सड़क संपर्क भेटत। एकर फलस्वरूप व्यापार, रोजगार आ आधारभूत संरचनाक विकास कें गति भेटबाक संभावना अछि।

# बाढ़ि पीड़ित किसान कें भेटत राहति, 14 जिला मे फसल नोकसानक भरपाई आ सहायता मे जुटल कृषि विभाग

**पटना, समदिया**

सरकार बाढ़ि प्रभावित 14 जिलाक किसानक परेशानी कें गंभीरता सं लेने अछि। कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा बुध दिन विभागक शीर्ष अधिकारीसभक संग उच्चस्तरीय बैठक कए बाढ़ि सं प्रभावित क्षेत्र आ फसलक स्थितिक विस्तृत समीक्षा कएलनि।

ओ अधिकारी कें बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे फसल नोकसानक वास्तविक, विस्तृत आ प्रमाणिक आकलन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।



जिला कृषि पदाधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल अछि जे ओ अपन-अपन जिलाक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक स्थलीय निरीक्षण कए फसल नोकसानक आकलन करथि। रिपोर्ट विभाग कें यथाशीघ्र उपलब्ध कराउथि। किसान कें कोनो प्रकारक कठिनाइ नहि होय आ वास्तविक नोकसानक सही आकलन कए प्रभावित किसान धरि समय पर राहति आ सहायता पहुंचेब विभागक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि।

वास्तविक फसल नोकसानक विस्तृत आकलनक आधार पर प्रभावित किसान कें फसल क्षतिपूर्ति आ अन्य आवश्यक सहायता उपलब्ध करबाक कारबाइ कएल जायत। राज्य सरकार बाढ़िक एहि कठिन परिस्थिति मे अपन किसानक संग पूरा मजबूती सं ठाढ़ अछि। कृषि विभाग हरसंभव सहायता उपलब्ध करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

कृषि मंत्री कहलनि जे बाढ़िक कारण जं कोनो क्षेत्र मे फसल पूरा तरहे वा आंशिक रूप सं प्रभावित भेल अछि तं आगामी फसल चक्र बनौने रखबाक लेल वैकल्पिक फसल लगाबय कें किसान कें सरकार प्रेरित करत। कृषि विभाग एहि लेल आवश्यक कार्ययोजना सेहो तैयार कए रहल अछि।

किसानक स्थानीय परिस्थिति, माटिक आ मौसिमक स्थिति कें ध्यान मे राखि उपयुक्त वैकल्पिक फसलक संबंध मे तकनीकी मार्गदर्शन, आवश्यक सलाह आ अन्य सहयोग उपलब्ध कराबय लेल सेहो विभाग दिस सं काज कएल जा रहल अछि।

कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि, हम अपन अन्नदाता कें बाढ़िक कठिन घड़ी मे एकसर नहि छोड़ब। किसानक कठिनाइ दूर करब सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता मे अछि। फसल नोकसानक वास्तविक आकलन कए प्रभावित किसान कें नियमानुसार हरसंभव सहायता उपलब्ध कराओल जायत।

# नगर निगम गंगाक घाट आ क्षेत्र मे बढ़ौलक निगरानी, खतरा एखन टरल नहि

**पटना, समदिया**

पटना मे एहि साल डेंगूक प्रकोप किछु कम अछि, मुदा खतरा एखन टलल नहि अछि। डेंगूक पीक सीजन अक्टूबर आ नवंबर मे रहैत अछि। गंगाक जलस्तर घटलाक बाद निचला इलाका मे जगह-जगह पानि जमा भए गेल अछि। रुकल ई पानि मच्छरक प्रजनन लेल अनुकूल अछि। एहन स्थिति मे नगर निगम गंगा सं सटल घाट आ संवेदनशील क्षेत्र मे विशेष निगरानी बढ़ा रहल अछि। टीमक दिस सं संभावित मच्छर प्रजनन स्थल सभक पहचान कएल जा रहल अछि आ एंटी लार्वाक छिड़काव होयत अछि। मच्छरक मौजूदगी बला संवेदनशील क्षेत्र मे फॉगिंग सेहो कराओल जा रहल अछि। नगर आयुक्त यशपाल मीणाक अनुसार, फील्ड मे फॉगिंग आ एंटी लार्वा अभियानक वास्तविक स्थिति जांचबाक लेल मेट्रोपॉलिटन सर्विलांस यूनिट कें लगाओल गेल अछि।



फॉगिंग आ एंटी-लार्वा छिड़कावक मॉड्यूल मे बदलाव कएल गेल अछि। सभ 75 वार्ड कें 375 सेक्टर मे बांटि कए प्रत्येक सेक्टर मे एक-एक एंटी लार्वा टीम तैनात कएल गेल अछि। सामान्य इलाका मे दू बेर आ स्वास्थ्य विभाग द्वारा चिह्नित हॉटस्पॉट पर दिन मे तीन बेर फॉगिंगक व्यवस्था कएल गेल अछि। शहर मे 57 वाहन माउंटेड आ 75 हैंड हेल्ड फॉगिंग मशीनक संग 132 कर्मीक तैनाती कएल गेल अछि। लोक अपन घर, कार्यालय अथवा आसपासक क्षेत्र मे फॉगिंग आ एंटी लार्वा छिड़कावक लेल टोल फ्री नंबर 155304 पर संपर्क कए सकैत छथि। एहि नंबर पर शिकायत सेहो कएल जा सकैत अछि।

# बिहार कांग्रेसक 29 नेता कें कारण बताओ नोटिस

## पार्टी विरोधी गतिविधिक आरोप, 72 घंटाक भीतर मांगल गेल जवाब

**पटना, समदिया**

बिहार प्रदेश कांग्रेस कमिटीक अनुशासन समिति पार्टी विरोधी गतिविधि आ अनुशासनहीनताक आरोप मे 29 नेता कें कारण बताओ नोटिस जारी कएलक अछि। ई कारबाइ 8 सितंबर कें नव दिल्ली मे एआईसीसी मुख्यालयक नजदीक प्रदेश कांग्रेस नेतृत्वक विरोध मे आयोजित धरना-प्रदर्शन मे शामिल होयबाक मामिला मे कएल गेल अछि।

बिहार प्रदेश कांग्रेस अनुशासन समितिक अध्यक्ष कपिलदेव प्रसाद यादवक दिस सं जारी नोटिस मे कहल गेल अछि जे संबंधित नेताक धरना-प्रदर्शन मे शामिल होयब पार्टीक नीति, अनुशासन आ निर्देशिक उल्लंघन अछि। समिति एकरा गंभीर अनुशासनहीनता मानैत सभ नेता सं लिखित स्पष्टीकरण मांगल गेल अछि।

नोटिस मे संबंधित नेता कें एकरा प्राप्त भेलाक 72 घंटाक भीतर बिहार प्रदेश कांग्रेस कमिटीक अनुशासन समितिक समक्ष अपन लिखित जवाब प्रस्तुत करबाक कहल गेल अछि। नेता सं पूछल गेल अछि जे हुनकर विरुद्ध पार्टीक नियमक अंतर्गत अनुशासनात्मक कारबाइ किएक नहि कएल जाए। समिति ई सेहो स्पष्ट कएलक अछि जे निर्धारित समय सीमा मे जवाब नहि भेटल वा स्पष्टीकरण संतोषजनक नहि भेटल तं संबंधित नेताक विरुद्ध पार्टीक नियमक अनुसार एकतरफा अनुशासनात्मक कारबाइ कएल जा सकैत अछि।

कारण बताओ नोटिस पाबनिहार 29 नेता मे पूर्व विधायक अनिल सिंह आ पूनम देवीक अलावा सिवानक पूर्व जिलाध्यक्ष विधूशेखर पांडेय, पश्चिमी चंपारणक पूर्व जिलाध्यक्ष भारत भूषण दूबे, मधेपुराक पूर्व जिलाध्यक्ष सत्येंद्र यादव आ औरंगाबादक पूर्व जिलाध्यक्ष मृत्युंजय सिंह समेत अन्य नेता शामिल छथि।

8 सितंबर कें एहि नेता सभ आ पार्टीक किछु अन्य कार्यकर्ता नव दिल्ली मे प्रदेश कांग्रेस नेतृत्वक विरोध मे धरना-प्रदर्शन केने छलाह। आब एहि प्रदर्शन मे सक्रिय भागीदारी कें आधार बना कए अनुशासन समिति कारबाइक प्रक्रिया शुरू कएलक अछि।

## पटना मे 12 सितंबर कें राष्ट्रीय लोक अदालत

**पटना।** पटना मे 12 सितंबर कें गांधी मैदानक गेट नंबर-7 पर राष्ट्रीय लोक अदालत आयोजित कएल जायत। एतय ट्रैफिक चालान सं जुड़ल मामिलाक लेल 32 काउंटर लगाओल जायत। एहि काउंटर पर लोक अपन ट्रैफिक चालानक रजिस्ट्रेशन करा सकताह आ निर्धारित प्रक्रियाक अंतर्गत राहति पाबि सकताह। ट्रैफिक चालान सं जुड़ल लोक कें राष्ट्रीय लोक अदालत मे मात्र अपन चालान लए पहुंचबाक होयत। ओतय चालान जमा करबाक बाद चालानक राशिक 50 प्रतिशत काउंटर पर जमा करए पड़त। राशि जमा भेलाक बाद संबंधित व्यक्ति कें ओकर रसीद देल जायत। बताओल गेल अछि जे 12 सितंबर कें 50 प्रतिशत राशि जमा भेलाक बाद 13 सितंबर कें अधिकृत मोबाइल नंबर पर मैसेज पठाओल जायत। एहि प्रक्रियाक अंतर्गत संबंधित चालान कें निरस्त कएल जायत। राष्ट्रीय लोक अदालत मे भीड़ आ प्रक्रिया कें आसान बनेबाक लेल जिला परिवहन कार्यालयक दिस सं प्री-रजिस्ट्रेशनक सुविधा सेहो देल जा रहल अछि।

# राज्य मे डिजिटल होयत स्वास्थ्य व्यवस्था

## क्यूआर कोड सं भेटत अस्पताल मे खाली बेडक रियल टाइम जानकारी

**पटना, समदिया**

बिहार मे स्वास्थ्य व्यवस्था कें डिजिटल कएल जायत, जाहि मे रेफरल सिस्टम, एंबुलेंस सेवा एकीकरण आ टेली-मेडिसिनक विस्तार शामिल अछि।

रेफरल व्यवस्था कें सॉफ्टवेयर आधारित बनाओल जायत, जाहि सं वास्तविक निगरानी संभव होयत। एकर अलावा 102 आ 108 एंबुलेंस सेवा कें एकीकृत कएल जायत। इमरजेंसी रेफरलक मामिला मे एंबुलेंस मेए रोगीक स्थितिक आकलन कए डैशबोर्डक माध्यम सं कंट्रोल सेंटर कें सूचना देल जायत। इमरजेंसी नेटवर्कक माध्यम सं 102 आ 108 सेवा कें अस्पताल सं जोड़ल जायत।



एंबुलेंस मे उपलब्ध कियोस्क सं सरकारी अस्पताल मे बेडक उपलब्धताक रियल टाइम जानकारी आ रोगीक वर्तमान लोकेशन संबंधित अस्पताल कें उपलब्ध कराओल जायत। एकरा लेल एम्स, आईजीआईएमएस, पीएमसीएच आ एनएमसीएच कें पायलट प्रोजेक्ट मे शामिल कएल जायत। ई सभ निर्देश स्वास्थ्य मंत्री निशांत देलनि। ओ बृहस्पति दिन राज्य स्वास्थ्य समितिक सभागार मे भेल समीक्षा बैठकक अध्यक्षता कए रहल छलाह।

बैठक मे रेफरल व्यवस्था, स्मार्ट एंबुलेंस, टेली-मेडिसिन आ आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस (एआइ)क माध्यम सं स्वास्थ्य सेवाक गुणवत्ता, पहुंच आ कार्यक्षमता बढ़ेबापर विस्तार सं चर्चा भेल। मंत्री कहलनि जे स्वास्थ्य विभाग मे कमांड कंट्रोल सेंटर स्थापित करबाक संग क्यूआर कोड आधारित बेड मैनेजमेंट आ बेडक रियल टाइम एंट्री सुनिश्चित कएल जाए।

रोगीक खान-पान सं संबंधित जानकारी एएनएम, आशा आ जीविका दीदी सं भेटत। आयुष चिकित्सकक दिस सं प्रभावी दवाक जानकारी सेहो संकलित कएल जायत। टेली-मेडिसिन सेवा कें मजबूत करबाक लेल 104 सेवा कें ई-संजीवनी सं जोड़बाक संभावना पर विचार कएल जायत।

मंत्री एआईक माध्यम सं स्वास्थ्य सेवाक गुणवत्ता, पहुंच आ कार्यक्षमता बढ़ेबाक संग रोगीक डेटा कें प्रभावी ढंग सं उपयोग करबाक निर्देश देलनि। बैठक मे राज्य स्वास्थ्य समितिक कार्यपालक निदेशक अमित कुमार पांडेय, बीएमएसआईसीएलक एमडी सुब्रत सेन आदि उपस्थित छलाह।

# बिहारक गाम मे भारतनेट सं बढ़त इंटरनेटक गति, घर-घर पहुंचत फाइबर कनेक्शन

**पटना, समदिया**

बिहारक गाम मे आब पंचायत भवन सं आगू बढ़ि कए हर घर धरि इंटरनेट पहुंचेबाक तैयारी अछि। केंद्रक संशोधित भारतनेट योजनाक अंतर्गत गाम मे नेटवर्क मजबूत करबाक संग सरकारी संस्थान आ ग्रामीण परिवार कें सीधे फाइबर कनेक्शन सं जोड़बाक तैयारी चलि रहल अछि। एकरा लेल राज्य सरकार आ केंद्रक बीच पहिने भेल समझौता मे जरूरी बदलाव कएल जा रहल अछि। सूचना एवं प्रावैधिकी विभाग एहि दिशा मे



काज शुरू कए देने अछि। आशा अछि जे वर्षक अंत धरि नेटवर्क विस्तारक कवायद शुरू भए जायत। भारतनेट कें नव स्वरूप मे नेटवर्क कें बेसी भरोसेमंद बनेबाक पर जोर देल जा रहल अछि। करीब 99 प्रतिशत नेटवर्क अपटाइमक लक्ष्य राखल गेल अछि। एकरा लेल आधुनिक तकनीकक संग रिंग टोपोलॉजी अपनाओल जायत। नेटवर्कक कोनो एकटा हिस्सा मे तकनीकी खराबी अयलापर दोसर रास्ता सं इंटरनेट सेवा जारी रखबा मे सहायता भेटत। ग्राम पंचायत स्तर पर स्कूल, पुलिस थाना, आंगनबाड़ी, डाकघर, स्वास्थ्य केंद्र, सहकारी संस्था आ कृषि विज्ञान केंद्र कें फाइबर सं जोड़बाक योजना अछि। एकर संग फाइबर टू द होम (एफटीटीएच)क माध्यम सं व्यक्तिगत घर धरि इंटरनेट पहुंचेबापर जोर अछि। एहि सं गामक लोक कें पढ़ाइ, सरकारी सेवा, स्वास्थ्य आ दोसर ऑनलाइन काजक लेल नीक इंटरनेट सुविधा भेटि सकत।

# पाटलिपुत्र सेटेलाइट टाउनशिपक बदलत नक्शा

**पटना, समदिया**

पाटलिपुत्र सेटेलाइट टाउनशिप कें लए नव अपडेट सामने आयल अछि। एहि परियोजनाक अंतर्गत मात्र नव शहर नहि बसाओल जायत, बल्कि पर्यावरण आ बरखाक पानिक उपयोग पर सेहो जोर देल जायत। नद, पोखरि, पार्क, नहर, जंगलक संग खुलल क्षेत्र सभ कें जोड़ि कए एकटा वाटर नेटवर्क तैयार कएल जायत।

जानकारीक अनुसार, एहि मे बाढ़ि आ जलजमाव सं बचाव सं लए बरखाक पानिक उपयोग धरि पर विशेष ध्यान देल जायत। नगर विकास विभागक सूत्रक अनुसार, सेटेलाइट टाउनशिपक योजना मे प्राकृतिक जलस्रोत आ पर्यावरण कें ध्यान मे राखैत संवेदनशील क्षेत्र सभ कें सुरक्षित रखबाक लेल जोर देल जायत। एकर संग ग्रीन एरिया विकसित कएल जायत, जाहि सं गाछ-गाछ आ जीव-जंतु लेल नीक वातावरण बनि सकय।

सरकारक दिस सं जिन प्रमुख बिंदुपर ध्यान देल जायत, ताहि मे बाढ़ि आ जलजमावक खतरा कम करब अत्यंत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त पानिक उपलब्धता बनौने राखब, पार्क आ खुलल क्षेत्र मे मनोरंजनक साधनक विकास, गाछ-गाछ लगा कए गर्मीक प्रभाव कम करब, टाउनशिप मे रहनिहार लोक लेल स्वच्छ वातावरण, प्राकृतिक जलस्रोत आ जैव विविधता पर जोर देल जायत।

बताओल जा रहल अछि जे बरखाक पानिक निकासी आ ओकर संरक्षणक सेहो व्यवस्था कएल जायत। बरखाक पानि कें जमीनक भीतर धरि पहुंचाओल जायत, जाहि सं जमीनक भीतर पानि जमा रहल आ आगूक दिन मे पानिक जरूरत पड़लापर ओकर उपयोग कएल जा सकत। एहि तरहे पाटलिपुत्र सेटेलाइट टाउनशिप कें लए धीरे-धीरे काज मे तेजी आनल जा रहल अछि आ लोकक जरूरतक अनुसार व्यवस्था तैयार कएल जा रहल अछि।

# पटना मे तीन साल मे 97.7 प्रतिशत घटल डेंगूक मामिला

## 375 सेक्टर मे सक्रिय एंटी लार्वा यूनिट

**पटना, समदिया**

राजधानी मे डेंगूक मामिला आब लगातार कम भए रहल अछि। पछिला तीन साल मे डेंगूक मामिला मे करीब 97.7 प्रतिशत कमी दर्ज कएल गेल अछि। वर्ष 2023 मे पटना मे डेंगूक करीब 8 हजार मामिला सामने आयल छल, जखनकि एहि साल 2 सितंबर धरि मात्र 178 मामिला चिह्नित कएल गेल अछि। एकर पहिने 2022 मे 6784, 2024 मे 5000 आ 2025 मे 1800 मामिला दर्ज भेल छल। वर्ष 2023 मे पटना मे डेंगूक सब सं बेसी मामिला सामने आयल छल।

एकर बाद पटना नगर निगम आ स्वास्थ्य विभागक दिस सं कएल जा रहल प्रयास सं राजधानी मे डेंगूक मामिला मे



लगातार गिरावट दर्ज भेल अछि। नगर निगमक दिस सं नियमित फॉगिंग आ एंटी लार्वाक छिड़काव कराओल जा रहल अछि। लोकक शिकायत पर हुनकर घरक आसपास सेहो फॉगिंग कराओल जा रहल अछि। एकरा लेल निगमक दिस सं टोल फ्री नंबर सेहो जारी कएल गेल अछि। ओतहि, एहि साल बरखा कम होयबाक कारण मच्छरक प्रकोप सामान्य रहबाक बात कहल गेल अछि। पटना नगर निगमक सभ 75 वार्ड कें 375 सेक्टर मे बांटि कए एंटी लार्वा यूनिट कें सक्रिय कएल गेल अछि। प्रत्येक वार्ड मे प्रतिदिन दू पाली मे फॉगिंग आ एंटी लार्वाक छिड़काव कएल जा रहल अछि। चिह्नित हॉटस्पॉट पर दिन मे तीन बेर धरि फॉगिंग कराओल जा रहल अछि। अभियान लेल 57 माउंटेड वाहन आ 75 हैंड हेल्ड मशीनक संग कुल 132 कर्मी कें मैदान मे तैनात कएल गेल अछि।

नूतन राजधानी अंचल मे 28, पाटलिपुत्र अंचल मे 29, बांकीपुर मे 21, कंकड़बाग मे 21, पटना सिटी मे 14 आ अजीमाबाद अंचल मे 19 कर्मी डेंगू नियंत्रण अभियान मे मुस्तैदी सं काज कए रहल छथि। अभियानक दौरान नागरिक सं लॉगबुकक माध्यम सं लगातार फीडबैक सेहो लेल जा रहल अछि, जाहि सं जरूरतक अनुसार फॉगिंग आ एंटी लार्वाक छिड़काव कराओल जा सकय।

गंगा नदीक जलस्तर मे कमी भेलाक बाद घाट आ तटीय इलाका मे जमा पानि कें लए विशेष सतर्कता बरतल जा रहल अछि। संभावित मच्छर प्रजनन स्थल सभक पहचान कए ओतय तत्काल एंटी लार्वाक छिड़काव कराओल जा रहल अछि। नाला, खाली प्लॉट, निमार्णाधीन स्थल आ सार्वजनिक परिसर मे मच्छरक प्रजनन रोकबाक लेल सेहो त्वरित कारबाइ कएल जा रहल अछि।

पूरा अभियानक लगातार मॉनिटरिंग मेट्रोपॉलिटन सर्विलांस यूनिट (एमएसयू)क दिस सं कएल जा रहल अछि। एमएसयू विशेषज्ञ टीम फील्ड मे जा कए स्थितिक निरीक्षण कए रहल अछि। टीमक दिस सं अभियान मे लागल कर्मी कें प्रशिक्षण सेहो देल गेल अछि।

# आईआईटी पटना मे उद्यमी सभ कें भेटल मार्गदर्शन, बिजनेस ग्रोथ पर विशेष सत्र

**पटना, समदिया**

इन्क्यूबेशन सेंटर आईआईटी पटना मे एसबीआई फाउंडेशनक एलईएपी : ग्रामप्रो पहल अंतर्गत कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि मे 90 सं बेसी सूक्ष्म लाभार्थी आ प्रमुख हितधारक शामिल भेलाह। कार्यक्रमक उद्देश्य सूक्ष्म उद्यमी सभ कें व्यवसाय विकास, उद्यम विस्तार आ उपलब्ध संस्थागत सहयोगक जानकारी देब छल। कार्यक्रमक मुख्य अतिथि एमएसएमई, बिहार सरकारक निदेशक अमन समीर उद्यमी सभ सं पारंपरिक तरीका सं आगू बढ़ि कए सोचबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे बदलैत बाजार मे उद्यम कें मजबूत बनेबाक लेल नवाचार आ नव दृष्टिकोण जरूरी अछि। ओ एमएसएमई विभागक दिस सं उपलब्ध विभिन्न सुविधा, सहायता तंत्र आ अवसरक जानकारी देलनि।

अमन समीर बिहारक आगामी एमएसएमई नीति संबंधी सेहो प्रतिभागी सभ कें जानकारी देलनि। ओ बतौलनि जे सूक्ष्म आ लघु उद्यम सरकारी योजना आ विभागीय सहायताक लाभ लए अपन कारोबारक विस्तार कए सकैत अछि। ओ उद्यमी सभ कें उपलब्ध अवसरक नीक उपयोग करबाक लेल प्रोत्साहित कएलनि।

एसबीआई फाउंडेशनक सहायक प्रबंधक वैष्णवी शिखा ऑनलाइन माध्यम सं कार्यक्रम कें संबोधित कएलनि। ओ एलईएपी : ग्रामप्रो पहल कें उद्देश्य आ एकर अंतर्गत उपलब्ध सहयोग व्यवस्थाक जानकारी देलनि। प्रतिभागी सभ कें पहल कें सहयोगात्मक ढांचा सं सेहो अवगत कराओल गेल।

कार्यक्रम मे बिजनेस ग्रोथ सेशनक अंतर्गत कार्यशाला आयोजित कएल गेल। एकर संचालन बायोनेस्ट, इन्क्यूबेशन सेंटर आईआईटी पटना कें चीफ मैनेजर डॉ. कुमार सिद्धार्थ सिंह कएलनि। कार्यशाला मे उद्यमी सभ कें व्यवसाय विकासक नीक समझ देबाक संग कारोबार विस्तारक अवसरक पहचान आ उद्यम कें मजबूत बनेबाक विषय पर चर्चा कएल गेल। इन्क्यूबेशन सेंटर आईआईटी पटना कें प्रोफेसर इंचार्ज डॉ. प्रमोद कुमार तिवारी सेहो प्रतिभागी सभ कें संबोधित कएलनि। ओ कार्यक्रमक उद्देश्य आ उद्यमी सभ लेल एहन सहयोगात्मक प्रयासक महत्व पर प्रकाश देलनि। कार्यक्रमक शुरूआत इन्क्यूबेशन सेंटर आईआईटी पटना कें महाप्रबंधक जोसेफ पॉल अरक्कालनक स्वागत संबोधन सं भेल। ओ कार्यक्रमक रूपरेखा आ उद्देश्यक जानकारी देलनि। कार्यक्रमक अंत मे ओ अतिथि, एसबीआई फाउंडेशनक टीम, प्रतिभागी आ सभ हितधारकक प्रति आभार व्यक्त कएलनि। ई कार्यक्रम इन्क्यूबेशन सेंटर आईआईटी पटना आ एसबीआई फाउंडेशनक बीच सूक्ष्म उद्यमी सभ कें मार्गदर्शन, संस्थागत सहयोग आ व्यवसाय विस्तारक अवसर उपलब्ध कराबयक प्रयासक हिस्सा रहल।

# 24 घंटा मे बाढ़ि लेलक 9 जान भागलपुर मे दुःख पर दुःख

**एकहि परिवारक पांच लोकक मृत्यु सं कोयली खुटहा मे मचल हाकरोस**

## • एक दिन पहिने सेहो चारि लोकक गेल जान

**भागलपुर, समदिया**

गंगाक उफानक बीच भागलपुर मे बाढ़ि आब मात्र घर, खेत आ सड़क कें नहि डुबा रहल अछि, बल्कि लोकक जान सेहो लए रहल अछि। मात्र 24 घंटाक भीतर बाढ़ि आ एहि सं जुड़ल दुर्घटना मे 9 लोकक मृत्यु सं पूरा जिला दहलि उठल अछि। बृहस्पतिदिन बाइपास थाना क्षेत्रक कोयली खुटहा गाम मे एक्के परिवारक पांच लोकक पानि मे डूबला सं मृत्यु भए गेल। एकर एक दिन पहिने सेहो जिलाक अलग-अलग क्षेत्र मे चारि लोकक जान गेल छल।



कोयली खुटहा मे भेल दुर्घटना अत्यंत हृदयविदारक रहल। सड़क पर जमा बाढ़िक पानिक गहराइक अनुमान नहि भए सकल आ एक्के परिवारक लोक दुर्घटनाक शिकार भए गेलाह। परिवारक एक सदस्य कें डूबैत देखि दोसर लोक हुनका बचाबय लेल पानि मे उतरला, मुदा बचाबयक प्रयास देखते-देखते मृत्यु-सिलसिला मे बदलि गेल। एक-एक कए पांच लोक गहींर पानि मे समा गेलाह। मृतक सभ मे तीन महिला छथि।

मृतकसभक पहचान मंचों देवी, सोनाक्षी कुमारी, प्रिंस कुमार, अभिषेक कुमार आ अंशु प्रियाक रूप मे भेल अछि। एक अन्य व्यक्तिक स्थिति गंभीर बताओल जा रहल अछि। दुर्घटनाक बाद अस्पताल मे परिजनक चीत्कार सं वातावरण गमगीन भए गेल।

**बुधदिन सेहो चारि लोकक मृत्यु :** बुधदिन सेहो बाढ़िक कहर चारि परिवार पर टूटल छल। नवगछियाक परबत्ता मे पूर्व विधायक गोपाल मंडलक 18 वर्षीय भतीजा शुभमक डूबला सं मृत्यु भेल।

पीरपैंतीक एकचारी दियारा मे तीन वर्षीय रूपेशक पानि मे डूबला सं जान चलि गेल। अजगैवीनाथ धामक बाढ़िग्रस्त फतेहपुर गाम मे 16 वर्षीय रोहित कुमारक करंट लगला सं मृत्यु भेल। ओतहि नाथनगरक बाढ़ि राहति शिविर मे रहि रहल 76 वर्षीय रामदेव मंडलक सेहो मृत्यु भए गेल। दू दिनक ई घटना स्पष्ट करैत अछि जे बाढ़िक खतरा मात्र डूबि जाय धरि सीमित नहि अछि। कतहु पानिक गहराइ जानलेवा बनि रहल अछि, कतहु बिजलीक करंट तं कतहु बाढ़िक बीच स्वास्थ्य आ वृद्धावस्था सं जुड़ल परेशानी लोकक जान पर भारी पड़ि रहल अछि। कोयली खुटहाक घटना बाढ़िग्रस्त क्षेत्र मे आवाजाहीक सुरक्षापर सेहो गंभीर प्रश्न ठाढ़ केलक अछि। पानि सं ढकल सड़क ऊपर सं सामान्य देखाइत अछि, मुदा ओकर नीचां गड्ढा, नाला अथवा अनचोके बढ़ल गहराइ जानलेवा भए सकैत अछि। ग्रामीणक अनुसार कतेको स्थान पर पानिक वास्तविक गहराइक अनुमान लगेनाइ कठिन अछि। 24 घंटा मे भेल 9 मृत्यु चेतावनी दैत अछि जे बाढ़िक पानि मात्र बाट नहि रोकैत अछि, बल्कि थोड़ो असावधानी सेहो जानलेवा भए सकैत अछि। आब प्रशासनक सामने पानि सं घेरल क्षेत्र मे लोकक आवाजाही रोकब, खतरनाक स्थानक पहचान करब आ प्रभावित परिवार धरि तत्काल राहति पहुंचेनाइ पैघ चुनौती अछि।

# दू हत्याक दोषी कें आजीवन कारावास जमीन विवाद मे चलल छल गोली

**झंझारपुर, समदिया**




जमीन विवादक कारण पिस्तौल सं गोली मारि दू लोकक हत्या आ तीन लोक कें घायल करबाक मामिला मे जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश तृतीय, झंझारपुर अनिल कुमार रामक अदालत बृहस्पति कें महत्वपूर्ण फैसला सुनौलनि। फुलपरास थाना कांड संख्या 49/2024 आ सत्रवाद संख्या 212/2024 मे सुदई, फुलपरास निवासी संजय कुमार झा कें भारतीय दंड संहिताक धारा 302 आ 307 अंतर्गत दोषी ठहरबैत आजीवन कारावासक सजा सुनाओल गेल। अदालत धारा 302 अंतर्गत आजीवन कारावासक संग 25 हजार रुपैयाक अर्थदंडक सजा सुनौलनि। अर्थदंड जमा नहि करबाक स्थिति मे नौ मासक अतिरिक्त साधारण कारावास भुगतबाक आदेश देल गेल। ओतहि धारा 307 अंतर्गत पांच वर्षक साधारण कारावास आ 25 हजार रुपैयाक अर्थदंडक सजा सुनाओल गेल। अर्थदंड नहि देल गेल तं तीन मासक अतिरिक्त कारावास भुगतबाक होयत। दुनू धाराक सजा एकहि संग चलत। जेल मे बिताओल गेल अवधि कें सजा अवधि मे समायोजित करबाक आदेश सेहो देल गेल अछि। अपर लोक अभियोजक देवशंकर झा कहलनि जे सूचिका अंजू देवी उर्फ अंजू झा 7 फरवरी 2024 कें फुलपरास थाना मे प्राथमिकी दर्ज करौने छलीह। आरोप छल जे जमीन पर करीब डेढ़ बीता अधिक जमीन मे खूंटा गाड़बाक विरोध करबाक कारण संजय कुमार झा पिस्तौल सं गोली चला देलनि। एहि घटना मे अशोक झा आ विमला देवीक मृत्यु भए गेल छल, जखन कि शंभूनाथ झा, बमबम झा आ राकेश कुमार पासवान घायल भेल छलाह। अदालत मृतक अशोक झाक पत्नी अंजू देवी उर्फ अंजू झा कें बिहार विक्टिम कंपनसेशन स्कीम-2014 अंतर्गत मुआवजा देबाक आदेश जिला विधिक सेवा प्राधिकार, मधुबनीक सचिव कें देलनि। बचाव पक्षक दिस सं अधिवक्ता परशुराम मिश्रा अपन दलील रखलनि। ओतहि सूचिकाक दिस सं अधिवक्ता लक्ष्मेश्वर सिंह फैसला कें न्याय केर जीत बतौलनि।

## अज्ञात वाहनक ठोकर सं महिलाक मृत्यु, एक गंभीर रूप सं घायल

**झंझारपुर ।** अररिया संग्राम थाना क्षेत्र मे बुधवारक सांझ एनएच-27 पर भेल सड़क दुर्घटना मे एक महिलाक मृत्यु भए गेल, जखन कि दोसर महिला गंभीर रूप सं घायल भए गेली। घटना पिपरोलिया कट लगक अछि। कहल जा रहल अछि जे दुनू महिला सड़क पार कए रहल छलीह, तखने तेज रफ्तार अज्ञात वाहन दुनू कें ठोकर मारि फरार भए गेल। दुर्घटना मे एक महिलाक घटनास्थल परे मृत्यु भए गेल, जखन कि दोसर महिला गंभीर रूप सं घायल भए गेली। अररिया संग्राम थानाध्यक्ष अर्पण कुमार कहलनि जे मृतक महिलाक पहचान झंझारपुर थाना क्षेत्रक रहिकान गांव निवासी 54 वर्षीय पच्चो खातूनक रूप मे भेल अछि। घायल महिलाक पहचान मरीना खातूनक रूप मे भेल अछि। स्थानीय लोकक सहयोग सं घायल महिला कें झंझारपुरक नोवा अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल, जतय हुनकर इलाज चलि रहल अछि। जानकारीक अनुसार दुनू महिला काज सं पिपरोलिया गेल छलीह। काज पूरा कए वापस लौटबाक क्रम मे ई दुर्घटना भेल। घटनाक सूचना भेटलाक बाद पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि मृतक महिलाक शव कें अपन कब्जा मे लेलनि आ पोस्टमार्टम लेल मधुबनी सदर अस्पताल पठा देलनि।

# रैरा बिनु निबंधित जमीन कारोबार पर उठल सवाल, स्टांप पर एग्रीमेंटक चर्चा

**प्रशासनक निष्क्रियता सं भविष्य मे बढ़ि सकैत अछि विवाद**

**सहरसा, समदिया**

शहर मे जमीनक खरीद बिक्री कारोबार मे नियमक अनदेखी कयल जा रहल होबाक शिकायत लगातार सामने आबि रहल अछि। स्थानीय स्तर पर चर्चा अछि जे शहरक विभिन्न भाग मे सक्रिय सैकड़ो जमीन ब्रोकर खाली भूखंड आ जमीनक सौदा 100 टाका सं लए 1000 टाका धरि मूल्यक स्टांप पर कथित रूप सं एग्रीमेंट करबा रहल छथि। एहि मे अधिकांश ब्रोकर नियमानुकूल तरीका सं कारोबार करैत छथि वा नहि, एकर लेल सेहो प्रश्न उठि रहल अछि।




जानकारसभक अनुसार, रियल एस्टेट (विनियमन एवं विकास) अधिनियम, 2016 (रैरा)क धारा 9क अंतर्गत रैरा मे निबंधित परियोजनाक बिक्री मे मध्यस्थता करयवला रियल एस्टेट एजेंटक निबंधन आवश्यक अछि। ओतहि मात्र स्टांप पेपर पर एग्रीमेंट करा लेब अपने-आप मे जमीनक स्वामित्वक हस्तांतरण नहि मानल जाइत अछि। अचल संपत्ति सं संबंधित अधिकारक हस्तांतरण लेल पंजीकरण अधिनियम, 1908क प्रावधान सेहो महत्वपूर्ण अछि। तें जमीन कारोबार मे स्टांप, एग्रीमेंट आ विधिवत निबंधित दस्तावेजक बीचक अंतर बुझब आवश्यक अछि। मत्स्यगंधा क्षेत्र मे पूर्व मे जमीन कारोबार सं जुड़ल रहल घंटू झा, अफशेर सहित किछु लोकक मृत्युक हवाला सेहो स्थानीय लोक दैत छथि। मुदा एहि घटनासभक जमीन कारोबार सं कोनो संबंध अछि वा नहि, एकर आधिकारिक पुष्टि प्रशासनक दिस सं नहि भेल अछि।

## हत्या, लूट, अपहरण आ प्राणघातक हमलाक आरोपित सभक जमानत खारिज

**दरभंगा।** दरभंगा जिला एवं सत्र न्यायाधीश अजय कुमार शर्माक अदालत प्राणघातक हमलाक आरोप मे दर्ज कमतौल थाना कांड संख्या 191/26क आरोपित जहांगीर टोला निवासी मुमताज उर्फ भगलूक अग्रिम जमानतक याचिका खारिज कय देलनि। लोक अभियोजक अमरेंद्र नारायण झा बतौलनि जे नाबालिग लड़कीक अपहरणक आरोप मे दर्ज विश्वविद्यालय थाना कांड संख्या 168/25 मे जेल मे बंद आरोपित अजीत कुमार रामक जमानत अर्जी प्रथम अपर सत्र न्यायाधीश नीरज कुमारक अदालत सेहो खारिज कय देलनि। एहि क्रम मे अपर सत्र न्यायाधीश श्री कुमारक अदालत हत्या आरोप मे दर्ज विशनपुर थाना कांड संख्या 107/26 मे जेल मे बंद आरोपित विश्वनाथ महतो आ रामपरी देवीक जमानत याचिका खारिज कय देलनि।

# डीएमसीएच मे पीजी डॉक्टर पर हमला, इमरजेंसी सेवा प्रभावित

**सुरक्षाक मांग पर पीजी आ जूनियर डॉक्टर जुटलाह, करीब आधा घंटा बाधित रहल सेवा**

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल (डीएमसीएच) मे बृहस्पतिदिन मरीजक स्वजन आ नर्सिंग स्टाफक बीच भेल विवादक बाद एक पीजी डॉक्टर पर पाछू दिस सं बेल्टक बकल सं हमला कयल गेल। हमला मे डॉक्टरक माथ मे गंभीर चोट लागल आ खून निकलय लागल। घटनाक बाद आक्रोशित पीजी आ जूनियर डॉक्टर इमरजेंसी विभाग मे जुटि गेलाह आ सुरक्षाक मांग कें लय करीब आधा घंटा धरि इमरजेंसी सेवा प्रभावित रहल। सांझ करीब 3:30 बजे डॉक्टर सभ सुरक्षा व्यवस्थाक मांग कें लय फेर इमरजेंसी सेवा बाधित कय देलनि। जानकारीक अनुसार, मेडिसिन विभागक वार्ड मे भर्ती 65 वर्षीय




पलटू लाल देवक स्वजन आ ड्यूटी पर तैनात महिला नर्सिंग स्टाफक बीच वार्ड मे बेसी लोकक मौजूदगी कें लय कहासुनी भेल छल। आरोप अछि जे एहि विवादक बाद राउंड पूरा कय लौटि रहल पीजी डॉक्टर पर पाछू सं हमला कयल गेल। मरीजक स्वजन मनोहर लाल देव डॉक्टरक पहचान कय बेल्टक बकल सं हुनकर माथ पर वार कयलनि, एहन आरोप लगाओल गेल अछि। घायल डॉक्टरक तत्काल इमरजेंसी विभाग मे उपचार कयल गेल। जूनियर डॉक्टर एसोसिएशनक अध्यक्ष डॉ. कुणाल झा अस्पताल मे सुरक्षाक व्यवस्था मजबूत करबाक मांग केलनि। घटनाक सूचना भेटलाक बाद अस्पताल अधीक्षक डॉ. जगदीश चंद्र, प्राचार्य डॉ. यूसी झा आ पुलिस अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। सदर डीएसपी एसके सुमनक नेतृत्व मे पुलिस अस्पतालक सीसीटीवी फुटेजक जांच केलक। डीएसपी कहलनि जे फुटेज मे एक व्यक्ति डॉक्टर पर पाछू सं हमला करैत देखाइ पड़ैत अछि। डॉक्टरक आवेदनक आधार पर प्राथमिकी दर्ज करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। आरोपितक पहचान कय गिरफ्तारी लेल छापामारी कयल जा रहल अछि।

# डायवर्सन मे खसल बिजली मिस्त्रीक मृत्यु एक मासक बेटी सं उठल पिताक साया

**शिवाजीनगर, समस्तीपुर**

रोसड़ा बहेरी मुख्य पथ पर गोसाई पोखरक समीप बृहस्पतिदिन राति करीब 10 बजे निमार्णाधीन पुलियाक डायवर्सन मे बाइक खसि गेला सं एक युवकक मृत्यु भए गेल। दुर्घटना मे बाइकक पाछां बैसल ओकर साथी सेहो गंभीर रूप सं घायल भए गेल। मृतकक पहचान शिवाजीनगर प्रखंडक रानीपरती पंचायतक खनुमा गाम, वार्ड 9 निवासी रामवदन यादवक 25 वर्षीय पुत्र दीपक कुमारक रूप मे भेल अछि। घायल युवक रोसड़ा थाना क्षेत्रक ऐरौत गाम निवासी साहिल कुमार बताओल गेल अछि।



दीपक निजी स्तर पर बिजली मिस्त्रीक काज करैत छल। बुधदिन काज समाप्त कए ओ साहिलक संग बाइक सं घर लौटि रहल छल। गोसाई पोखरक समीप सड़क चौड़ीकरण आ निर्माण कार्यक दौरान बनाओल गेल डायवर्सन सं बाइक अनियंत्रित भए निमार्णाधीन पुलियाक गड्ढा मे खसि गेल। दुनू युवक गंभीर रूप सं घायल भेल। आवाज सुनि आसपासक लोक घटनास्थल पर पहुंचल आ दुनू कें इलाज लेल प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र, शिवाजीनगर पहुंचाओल।

पीएचसी मे चिकित्सक डॉ. रंजन कुमार दीपक कें मृत घोषित केलनि। साहिलक स्थिति गंभीर देखैत प्राथमिक उपचारक बाद सदर अस्पताल, समस्तीपुर रेफर कयल गेल। बाद मे ओकर स्थिति चिंताजनक रहबाक कारण पीएमसीएच, पटना पठाओल गेल। घायल साहिलक हालत एखनहुं नाजुक बताओल जा रहल अछि। सूचना भेटलाक बाद शिवाजीनगर थाना पुलिस शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठौलक। प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद शव परिजन कें सुपुर्द कय देल गेल। आखरी संस्कारक समय वातावरण गमगीन रहल। मृतकक पांच वर्षीय भतीजा सुशांत कुमार चाचा कें मुखाग्नि देलक। दीपकक मृत्यु सं परिवार पर पैघ संकट आबि गेल अछि। करीब एक बरख पहिने ओकर विवाह बेगूसरायक बखड़ा निवासी कोमल कुमारी सं भेल छल। हुनकर एक माहक बेटी सृष्टि कुमारी अछि। दीपकक कमाइ सं परिवारक भरण-पोषण चलैत छल। परिजन प्रशासन सं आर्थिक सहायता आ नियमानुसार मुआवजाक मांग केलनि।

स्थानीय लोक निमार्णाधीन पुलियाक समीप सुरक्षा व्यवस्थापर सेहो सवाल उठौलनि। हुनकर आरोप अछि जे राति मे पर्याप्त घेराबंदी, चेतावनी संकेत आ प्रकाशक व्यवस्था नहि छल। निर्माण एजेंसी सं सुरक्षा मानकक पालन सुनिश्चित करबाक मांग कयल गेल अछि। बीस सूत्री अध्यक्ष संतोष कुमार बबली, मुखिया विनोद पासवान, रंजीत यादव सहित कतेको लोक मृतकक घर पहुंचि परिजन कें सांत्वना देलनि। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार कहलनि जे पोस्टमार्टमक बाद शव परिजन कें सौंप देल गेल अछि। एखन धरि कोनो आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। आवेदन भेटलाक बाद विधिसम्मत कारबाइ कयल जायत।

## शराब कारोबारी कें छोड़ाबय लेल पुलिस टीम पर हमला, वाहन क्षतिग्रस्त

**केवटी।** रैयाम थाना क्षेत्रक बनसारा ठीकरा टोलक लग बुधदिन देर रात शराब कारोबारी कें पुलिसक कब्जा सं छुड़ाबय लेल पुलिस टीम पर हमला कयल गेल। एहि दौरान रैयाम थाना पुलिसक वाहन कें ट्रैक्टर आ जेसीबी सं घेरि क्षतिग्रस्त कय देल गेल। पुलिसकर्मी सं धक्का-मुक्की आ मारपीटक सेहो घटना भेल। एहि घटना मे चारि पुलिसकर्मीक घायल होबाक सूचना अछि, मुदा पुलिस एकर आधिकारिक पुष्टि नहि केलक अछि। जानकारीक अनुसार, गुप्त सूचनाक आधार पर रैयाम थाना पुलिस शराब बरामदगी लेल बनसारा ठीकरा टोल पहुंचल छल। छापेमारीक दौरान पुलिस करीब 2 लीटर देशी चुलाई शराब बरामद कय कथित कारोबारी महावीर सहनी कें हिरासत मे लय पुलिस वाहन मे बैसा लेने छल।

# अररिया संग्राम पुलिसक पैघ कारबाइ मे 30 किलो गांजाक संग तस्कर गिरफ्तार

**झंझारपुर, समदिया**



अररिया संग्राम थाना पुलिस नशाक कारोबारक विरुद्ध पैघ कारबाइ करैत 29.500 किलो गांजाक संग एक तस्कर कें गिरफ्तार कयलनि अछि। पुलिस तस्करी मे प्रयुक्त ऑटो कें सेहो जब्त कए लेलनि अछि। थानाध्यक्ष अर्पण कुमार बतौलनि जे गुप्त सूचनाक आधार पर थाना क्षेत्रक चलितर कट लग वाहन जांच अभियान चलाओल जा रहल छल। एहि क्रम मे सिमराही दिस सं आबि रहल एकटा ऑटो कें रोकि जांच कयल गेल। तलाशी लेलाक बाद ऑटो मे लुका कए राखल 29.500 किलो गांजा बरामद भेल। पुलिस घटनास्थल सं 53 वर्षीय तस्कर जय किशोर साह कें गिरफ्तार कयलनि। कहल जा रहल अछि जे गिरफ्तार तस्कर वैशाली जिलाक निवासी अछि। ओ सिमराहीक आसपास सं गांजा लए वैशाली दिस जा रहल छल। जानकारीक अनुसार बरामद 29.500 किलो गांजाक अनुमानित बाजार मूल्य करीब 5 सं 6 लाख रुपैया अछि। पुलिस गिरफ्तार तस्कर सं पूछताछ करैत गांजा तस्करीक नेटवर्कक संबंध मे जानकारी जुटा रहल अछि। पुलिसक अनुसार आरोपितक विरुद्ध एनडीपीएस अधिनियमक अंतर्गत मामिला दर्ज कए ओकरा न्यायिक हिरासत मे पठेबाक प्रक्रिया कयल जा रहल अछि।

# सीतामढ़ीक 3.35 लाख पेंशनधारीक खाता मे पहुंचल 38.23 करोड़ टाका

**सीतामढ़ी, समदिया**

सामाजिक सुरक्षाक पेंशनधारी सभ लेल बिहार सरकार द्वारा बढ़ाओल गेल पेंशनक लाभक अंतर्गत बृहस्पतिदिन अगस्त मासक पेंशन राशि पेंशनधारीसभक खाता मे अंतरित कयल गेल। सीतामढ़ी जिला मे कुल 3,34,624 पेंशनधारीक खाता मे डीबीटीक माध्यम सं 38 करोड़ 23 लाख 52 हजार 200 टाका अंतरित कयल गेल अछि। बताबी जे बिहार सरकार सामाजिक सुरक्षाक अंतर्गत देल जायवला पेंशन कें 400 टाका सं बढ़ाकए 1100 टाका प्रतिमाह करबाक घोषणा केने छल। सरकार द्वारा पेंशनधारी सभ कें ई सेहो जानकारी देल गेल छल जे प्रत्येक मासक 10 तारीख कें पिछला मासक पेंशन 1100 टाका प्रतिमाहक दर सं हुनकर खाता मे भेजल जाएत। एहि क्रम मे 10 सितंबर 2026कें अगस्त मासक पेंशनक राशि पेंशनधारीसभक खाता मे अंतरित कयल गेल। पेंशन भुगतान कार्यक्रमक सीधा प्रसारण सेहो कयल गेल, जाहि मे राज्यभरि सं पैघ संख्या मे पेंशनधारी सहभागी बनि एहि अवसरक साक्षी बनलाह। सीतामढ़ी मे मुख्य कार्यक्रम समाहरणालय स्थित विमर्श सभा कक्ष मे आयोजित भेल। जिलास्तरीय कार्यक्रमक अध्यक्षता जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया केलनि। एहि अवसर पर उप विकास आयुक्त श्वेता भारती सेहो उपस्थित छलीह। पेंशनधारी सभ कें संबोधित करैत जिलाधिकारी कहलनि जे वृद्धजन, विधवा आ दिव्यांगजनक आर्थिक आ सामाजिक उत्थान लेल जिला प्रशासन प्रतिबद्ध अछि।

# 11 सूत्री मांग लेल अनुमंडल कार्यालय पर भाकपा माले आ खेग्रामसक विशाल प्रदर्शन

## नेताक कहब जे, पर्चाबला जमीन पर दखलकब्जा लेल कार्यालयक चक्कर लगा रहल छथि महादलित

जयनगर, समदिया



भूमि अधिकार अभियानक अंतर्गत आइ रेलवे स्टेशन परिसर, जयनगर सं सैकड़ो गरीब, मजदूर, भूमिहीन, दलित आ महादलित परिवार लाल झंडा लए विशाल प्रतिरोध मार्च निकाललनि। मार्च बस स्टैंड, शहीदचौक, मेन रोड आ भेलवा चौक होइत अनुमंडल कार्यालय पहुंचल, जतय सभा कए अनुमंडल पदाधिकारी केंमांग-पत्र सौंपल गेल। मार्चक नेतृत्व भाकपा-मालेक प्रखंड सचिव भूषण सिंह आ खेग्रामसक प्रखंडसंयोजक कॉ. मो. तस्लीम कयलनि। मार्चक क्रम मे शहीद चौक पर डॉ. भीमराव अंबेडकर आ शहीद नथुनी साहक स्मारक पर तथा प्रखंड मुख्यालयक द्वार पर डॉ. भीमराव अंबेडकर आ राष्ट्रपिता महात्मागांधी कें स्मारक पर माल्यार्पण कयल गेल। अनुमंडल कार्यालयक समक्ष आयोजित सभा कें संबोधितकरैत भाकपा-मालेक जिला सचिव कॉ. ध्रुव नारायण कर्ण भूमि अधिकार आंदोलन कें तेज करबाक आह्वान कयलनि। ओ कहलनि जे सरकारी भूमि उपलब्ध रहितो पैघ संख्या मे गरीब परिवार भूमिहीनछथि। दोसर दिस, वर्षो पूर्व पर्चा प्राप्त कयल महादलित परिवार अपनहि पर्चा वाली जमीन पर दखल-कब्जा लेल कार्यालयक चक्कर लगा रहल छथि। भूषण सिंह जयनगर अंचल मे गरीब-भूमिहीन परिवारक समस्या, सहयोग पोर्टल पर अभियान बसेरा अंतर्गत देल गेल आवेदन आ पर्चाधारी सभक दखल-कब्जाकलंबित मामिला कें उठौलनि। ओ अंचलाधिकारी, जयनगरक कार्यप्रणालीक संबंध मे प्राप्त शिकायतकउल्लेख करैत भू-माफिया तथा सरकारी अथवा पर्चा वाली जमीन पर अवैध कब्जा कएनिहार सभ सं कथित सांठगांठ, गरीब-भूमिहीन सभक शिकायतक अनदेखी तथा अंचल कार्यालयक बदला आवास सं राति मे कथित रूप सं सरकारी कार्य संचालित करबाक शिकायतक निष्पक्ष आ उच्चस्तरीय जांच करबाक मांग कयलनि। मांग पत्र मे अभियान बसेरा अंतर्गत सभ पात्र भूमिहीन परिवार कें बासभूमि उपलब्ध करेनाइ, उसराही–देवधा आ कुआढ़ मौजाक अभिलेख संख्या 1 आ 4 मे बरख 2004–05 केर कुल 65 महादलित पर्चाधारी परिवार कें दखल-कब्जा देनाइ, सरकारी भूमि सं अवैध कब्जा हटेनाइ आ भूमिहीन सभ कें नियमानुसार भूमि उपलब्ध करेनाइ शामिल अछि। एकर अतिरिक्त पड़वा बेल्ही पंचायतक लिखियाही मुसहर टोला मे शौचालय आ श्मशानघाटक निर्माण, बंद उप-स्वास्थ्य केंद्र सभ कें चालू करेनाइ, अनुमंडल अस्पतालक रोगी कल्याण समितिक वित्तीय व्ययक निष्पक्ष जांच, सरकारी विद्यालय आ आंगनबाड़ी केंद्रसभक नियमित निरीक्षण तथा संबंधित शिकायत पर कारबाइ करबाक मांग कयल गेल।आंदोलनकारी सभ कहलनि जे मांग पर शीघ्र कारबाइ नहि भेल तं भूमि अधिकार आंदोलन कें आरव्यापक आ तेज कयल जाएत। प्रशासन सं सभ शिकायत पर कयल गेल कारबाइ, जांचक स्थिति आ परिणामक लिखित जानकारी देबाक मांग सेहो कयल गेल। प्रदर्शन मे सैकड़ो आंदोलनकारी सहभागी छलाह। मुस्कान तस्लीम, नरेश ठाकुर, विकास यादव, नजाम, फुलो देवी, शिबो देवी, वविता देवी, सदाय, कासिंदर यादव, जहाना खातून, रीता देवी, प्यारी देवी, महेश्वर पासवान, महेंद्री देवी, रामप्रसाद राम सहित अन्य लोक मांग-पत्र अनुमंडल पदाधिकारी, जयनगर दीपक कुमार कें सौंपलनि।

# मध्य विद्यालय बिस्फीक बीईओ कयलनि औचक निरीक्षण, देलनि कतेको निर्देश



बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक राजकीय मध्य विद्यालय बिस्फीक औचक निरीक्षण बीडीओ सह बीईओ बसंत कुमार सिंह कयलनि। एहि दौरान ओ विद्यालयक पठन-पाठन, गुणवत्तापूर्ण शिक्षा देबाक व्यवस्था आ मध्याह्न भोजनक जायजा लेलनि। ओ विद्यालयक समस्त व्यवस्थाक गहन निरीक्षण सेहो कयलनि। निरीक्षणक क्रम मे बीईओ शिक्षक सभक उपस्थिति पंजी, छात्र-छात्राक उपस्थिति, विद्यालयक साफ-सफाई सहित अन्य व्यवस्थाक जानकारी लेलनि। मध्याह्न भोजनक गुणवत्ता कें गंभीरतापूर्वक लैत बीईओ स्वयं भोजन तैयार करबाक प्रक्रिया देखलनि आ भोजनक स्वाद लए ओकर गुणवत्ता जांचलनि। ओ कहलनि जे बच्चा सभ कें हर हाल मे गुणवत्तापूर्ण शिक्षा आ शुद्ध भोजन भेटबाक चाही। मध्याह्न भोजनक गुणवत्ता मे कोनो प्रकारक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जाएत। प्रधानाध्यापक फुलदेव प्रसाद यादव कें स्पष्ट निर्देश दैत बीईओ कहलनि जे बच्चा सभ कें नीक शिक्षा उपलब्ध करेनाइ विद्यालयक प्राथमिक जिम्मेवारी अछि। शिक्षक सभक नियमित उपस्थिति आ पठन-पाठनक व्यवस्था मे कोनो प्रकारक लापरवाही नहि होबाक चाही। ओ कहलनि जे शिक्षक वा शिक्षिका अपन कर्तव्यक प्रति लापरवाह बरतैत पाओल गेलाह तं नियमानुसार कारबाइ कयल जाएत। बीईओ विद्यालय प्रबंधन कें साफ-सफाई, छात्र-छात्राक उपस्थिति, मध्याह्न भोजन सहित विद्यालयक सभ व्यवस्था दुरुस्त करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे चरणबद्ध ढंग सं सभ विद्यालयक निरीक्षण कयल जाएत। एहि अवसर पर वीएओ कौशल कुमार सिंह, सुधीर कुमार मंडल, महाराणा प्रताप सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

# मिलेट उत्पाद प्रसंस्करण प्रशिक्षणक निरीक्षण, प्रतिभागी सभ कें स्वावलंबन लेल प्रेरित कयल गेल

## कौशल विकास आ योजनाक जानकारी सं सशक्त बनताह प्रतिभागी

मधुबनी, समदिया



» प्रशिक्षण सं हुनर, हुनर सं रोजगारक बाट; मिलेट प्रशिक्षणक भेल निरीक्षण

ग्राम विकास युवा ट्रस्ट, मधुबनी द्वारा प्रधानमंत्री कौशल विकास योजना (पीएमकेवीवाई) 4.0 केर अंतर्गत चलाओल जा रहल मिलेट उत्पाद प्रसंस्करण प्रशिक्षणक दुनू बैचक आइ हेमंत कुमार मंडल, जिला परियोजना प्रबंधक, महिला एवं बाल विकास निगम, मधुबनी द्वारा भ्रमण कए निरीक्षण कयल गेल। निरीक्षणक क्रम मे श्री मंडल प्रशिक्षण प्राप्त कए रहल प्रतिभागी सभ सं आब धरि देल गेल प्रशिक्षण, हुनका सभ द्वारा अर्जित कौशल आ प्रशिक्षणक उपयोगिताक संबंध मे विस्तार सं जानकारी लेलनि। ओ प्रतिभागी सभ सं मिलेट सं विभिन्न प्रकारक उत्पाद तैयार करबाक विधि, उत्पादक गुणवत्ता आ प्रशिक्षणक क्रम मे प्राप्त व्यावहारिक ज्ञानक संबंध मे सेहो संवाद केलनि। निरीक्षणक दौरान प्रशिक्षणक गुणवत्ता, प्रतिभागी सभक सहभागिता, प्रशिक्षणक उपयोगिता आ हुनका सभ द्वारा अर्जित व्यावहारिक कौशलक अवलोकन कयल गेल। प्रतिभागी सभ कें प्रशिक्षण पूरा भेलाक बाद प्राप्त कौशलक प्रभावकारी उपयोग करैत स्वावलंबी बनबाक आ आर्थिक रूप सं सशक्त होबाक लेल प्रोत्साहित कयल गेल। एहि क्रम मे प्रतिभागी सभ कें महिला एवं बाल विकास निगम, बिहार केर अंतर्गत चलाओल जा रहल विभिन्न महिला एवं बाल कल्याण, सुरक्षा, संरक्षण, सशक्तीकरण, पुनर्वास आ कौशल विकास संबंधी योजना आ कार्यक्रमक संबंध मे विस्तृत जानकारी देल गेल। महिला आ बालिका सभ लेल चलाओल जा रहल योजनाक उद्देश्य, पात्रता आ ओहि सं भेटयवला लाभक संबंध मे प्रतिभागी सभ कें अवगत कराओल गेल। पात्र लाभार्थी सभकें संबंधित योजनाक लाभ प्राप्त करबाक लेल जागरूक आ प्रेरित कयल गेल। कार्यक्रमक दौरान कौशल विकास प्रशिक्षणक संग-संग महिला एवं बाल कल्याण संबंधी योजनाक जानकारी सं प्रतिभागी सभ कें जोड़बाक आवश्यकता पर बल देल गेल, जाहि सं ओ प्रशिक्षण सं प्राप्त ज्ञान आ कौशलक उपयोग अपन आर्थिक आ सामाजिक सशक्तीकरण लेल प्रभावकारी रूप सं कए सकथि।

# एसडीओ कयलनि स्वास्थ्य विभागक कार्यक समीक्षा

## बेनीपट्टी आ हरलाखी मे डॉग बाइटक दवाइ नहि

बेनीपट्टी, समदिया



अनुमंडल कार्यालय स्थित एसडीओ कार्यालय प्रकोष्ठ मे अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेयक अध्यक्षता मे अनुमंडलक स्वास्थ्य व्यवस्था सं संबंधित कार्यक समीक्षाक लेल सभ प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी, स्वास्थ्य प्रबंधक आ अनुमंडलीय अस्पतालक उपाधीक्षकक संग समीक्षात्मक बैसार भेल। बैसार मे एसडीओ सभ एमओआइसी कें निर्देश देलनि जे रोगी कल्याण समितिक बैसार सरकार द्वारा निर्धारित समयानुसार नियमित रूप सं करथि। ओ सभ एपीएचसी मे चिकित्सकक उपस्थिति सं संबंधित सूची सूचनापट्ट पर प्रदर्शित करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं आम लोक कें ई जानकारी भए सकय जे कोन दिन अस्पताल मे चिकित्सक उपलब्ध रहताह। एसडीओ कहलनि जे जाहि-जाहि प्रखंडक कोनो अस्पताल मे भवन, पेयजल, शौचालय आदि सुविधाक आवश्यकता हो, तकर सूचना अविलंब सिविल सर्जन कें देल जाय आ एकर प्रतिलिपि हुनका कें सेहो उपलब्ध कराओल जाय।ओ कहलनि जे जाहि प्रखंड मे स्वीकृत एपीएचसी लेल जमीन उपलब्ध नहि अछि, ताहि संबंध मे मधुबनी फर्स्ट पोर्टल पर प्रविष्टि करेनाइ सुनिश्चित कयल जाय। अनुमंडलीय अस्पतालक स्वास्थ्य व्यवस्था आ साफ-सफाई दुरुस्त करबाक लेल एसडीओ उपाधीक्षक कें कड़ा निर्देश देलनि। बैसार मे अस्पताल सभ मे सर्पदंश आ डॉग बाइटक दवाक उपलब्धताक संबंध मे सभ प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी आ डीएस सं जानकारी लेल गेल। एहि दौरान पता चलल जे बेनीपट्टी आ हरलाखी मे डॉग बाइटक दवा उपलब्ध नहि अछि। अन्य स्थान सभ मे सर्पदंश आ डॉग बाइटक दवा उपलब्ध भेटल। एसडीओ तत्क्षण दवाक अधियाचना करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे बेनीपट्टी अनुमंडलीय अस्पतालक उपाधीक्षक अवधेश कुमार, पीएचसीक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. प्रताप नारायण झा सहितमधवापुरक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी, अन्य प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी, स्वास्थ्य प्रबंधक आ संबंधित अधिकारी उपस्थित छलाह।

# एकहि सड़क पर दू योजनाक दावा, मुखिया आ पंसस मे भिड़ंत

## शिकायतक बाद बीडीओ निर्माण काज पर लगौलनि रोक, जांच धरि काज बंद

झंझारपुर, समदिया




प्रखंडक लोहना उत्तर पंचायतक वार्ड-11 मे फसल सुरक्षात्मक तटबंध सह सड़क निर्माण कें लए पंचायतक राजनीति गरमा गेल अछि। एकहि सड़क पर दू अलग-अलग योजनाक दावा करैत मुखिया आ पंचायत समिति सदस्य आमने-सामने आबि गेल छथि। विवादक शिकायत भेटलाक बाद बीडीओ पंकज कुमार दीक्षित फिलहाल निर्माण काज पर रोक लगौलनि अछि। जांच पूरा नहि होय धरि काज बंद रखबाक निर्देश देल गेल अछि। सड़क निर्माण स्थल पर पैघ संख्या मे स्थानीय लोक आ महिला सभ जुटि गेलीह। महिला सभ सड़क निर्माण रोकल गेलाक विरोध मे आक्रोश व्यक्त करैत प्रदर्शन केलनि। ग्रामीण सभक कहब छल जे आपसी विवादक कारण जनहितक काज बाधित नहि होयबाक चाही। प्रशासन कें शीघ्र निष्पक्ष जांच कए निर्माण काज फेर शुरू करबाक चाही। पंचायत समिति सदस्य मीरा देवी जिलाधिकारी, मधुबनी, उप विकास आयुक्त, बीडीओ, झंझारपुर सहित अन्य अधिकारी सभ कें आवेदन दए मुखिया पर निर्माण काज रोकबाक आ मारपीटक आरोप लगौलनि। आवेदन मे कहल गेल अछि जे नुनुजी मिश्रा केर खेत सं अमरनाथ केर खेत धरि फसल सुरक्षात्मक तटबंधक योजना मनरेगा सं स्वीकृत अछि, जाहि लेल अंचल कार्यालय सं एनओसी सेहो लेल जा चुकल अछि। निर्माण काज चलिये रहल छल, तखने मंगल कें मुखिया अशोक कुमार झा उर्फ लड्डू अपन भाय संतोष कुमार झा आ अन्य लोकक संग स्थल पर पहुंचि करीब 100 फीट भाग मे जबरन पीसीसी ढलाई कराबय लगलाह। विरोध करबाक क्रम मे माइरपीट करबाक आरोप सेहो लगाओल गेल अछि। हालांकि एहि आरोपक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। पंससपक्षक कहब अछि जे मनरेगा योजना पहिनहि सं स्वीकृत भए काज लेल खुलल अछि आ करीब 84 हजाररुपैयाक मजदूरी भुगतानक प्रक्रिया सेहो शुरू भए गेल अछि। एहन स्थिति मे ओहि सड़क पर दोसरयोजना सं निर्माण करबाक कोनो औचित्य नहि अछि।ओम्हर मुखिया अशोक कुमार झा सभ आरोप कें खारिज कयलनि। हुनकर कहब अछि जे पंचायत सं एनओसी लेने बिना मनरेगा सं निर्माण काज कराओल जा रहल छल। हुनका अनुसार एहि सड़क लेल 15म वित्त आयोग योजनाक अंतर्गत पहिनहि योजना स्वीकृत कए खोलल जा चुकल अछि आ ओही योजनाक अंतर्गत काज शुरू कराओल गेल अछि। ओ एकहि सड़क पर मनरेगा सं दोबारा योजना चलाओल जाय पर सेहो सवाल उठौलनि। बीडीओ पंकज कुमार दीक्षित कहलनि जे मामिलाक शिकायत डीडीसी, मधुबनीक स्तर पर सेहो कयल गेल अछि। हुनकर निर्देश पर फिलहाल निर्माण काज रोकल गेल अछि। जांच लेल टीम गठित कयल जाएत आ जांच प्रतिवेदनक आधार पर आगू निर्माण काजक संबंध मे निर्णय लेल जाएत।

# श्री गुरु संत रविदास विकास शिविर मे 96 आवेदन प्राप्त

मनीगाछी, समदिया



बिहार सरकारक निर्देशानुसार बृहस्पति कें प्रखंड क्षेत्रक 6 पंचायत मे श्री गुरु संत रविदास विकास शिविरक आयोजन कयल गेल। शिविर मे सार्वजनिक वितरण प्रणाली, औपचारिक शिक्षाक लेल विद्यालय मे नामांकन, आधार कार्ड, वासभूमि, सामाजिक सुरक्षा योजना, हर घर नल-जल योजना, बिजली, स्वच्छता अभियान, ई-श्रम कार्ड आ कल्याण बोर्ड मे निबंधन सहित विभिन्न योजना सं संबंधित आवेदन लेल गेल। बीडीओ संदीप कुमार पांडेय बतौलनि जे बलौर पंचायत मे 18 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 6 आवेदनक तत्काल निष्पादन कयल गेल। राजे मे 23 आवेदन मे सं 9, राघोपुर उत्तरी मे 16 आवेदन मे सं 5 आ राघोपुर दक्षिणी मे 14 आवेदन मे सं 7 आवेदनक निष्पादन घटनास्थल पर कयल गेल। नेहरा पूर्वी पंचायत मे 5 आवेदन प्राप्त भेल, मुदा कोनो आवेदनक तत्काल निष्पादन नहि भए सकल। ओतहि ब्रह्मपुरा भटपुरा पंचायत मे 20 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 1 आवेदनक निष्पादन कयल गेल। एहि प्रकारें सभ 6 पंचायत मे कुल 96 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 28 आवेदनक निष्पादन तत्क्षण कयल गेल। शेष 68 प्रक्रियाधीन आवेदन कें निष्पादनक लेल संबंधित विभाग कें पठा देल गेल अछि।

# राष्ट्रीय लोक अदालतक सफलता लेल अधिवक्ता सभक संग बैसार

बेनीपट्टी, समदिया



राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरण, नयी दिल्लीक निर्देशानुसार 12 सितंबर कें व्यवहार न्यायालय मे राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल जाएत। एकर सफलता आ बेसी सं बेसी सुलहनीय वादक निष्पादन कें लए व्यवहार न्यायालय परिसर मे अधिवक्तासभक संग बैसार आयोजित कयल गेल। बैठकक अध्यक्षता अपर मुख्य न्यायिक दंडाधिकारी बृजनाथ कयलनि, जखन कि संचालन अनुमंडल न्यायिक दंडाधिकारी मनीष राय आ न्यायिक दंडाधिकारी-सह-मुंसिफ मनीष रंजन कयलनि। एहि दौरान लोक अदालतक कार्यप्रणाली आ निष्पादित होमयवाला सुलहनीय वादसभक संबंध मे विस्तार सं विचार- विमर्श कयल गेल। संगहि लोक अदालत मे बेसी सं बेसी मामिलाक निष्पादन सुनिश्चित करबाक पर जोर देल गेल।बैसार मे अधिवक्ता संघक नवनिर्वाचित अध्यक्ष दशरथ बेयर प्रियदर्शी, महासचिव बृजेश कुमार सिंह, पूर्व महासचिव राजदेव प्रसाद, वरीय अधिवक्ता परमेश्वर यादव, ललित कुमार झा, पंकज कुमार पासवान, रामसुंदर चौधरी, बाबू साहब पासवान, प्रशांत कुमार ठाकुर, समीर कुमार, आशीष कुमार झा, हिमांशु शेखर, पवन कुमार राय, संतोष कुमार झा, शिवेश कुमार झा सहित अन्य अधिवक्ता उपस्थित छलाह।

# मधुबनी जिलाक 5.11 लाख सं बेसी पेंशनधारीक खाता मे 59.47 करोड़ टकाक अंतरण

## पेंशनधारीक संख्या आ अंतरित राशिक मामिला मे मधुबनी जिला राज्य मे पहिल स्थान पर

मधुबनी, समदिया



मुख्यमंत्री दिस सं पटना मे आयोजित समारोह मे सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक लाभुक सभक बैंक खाता मे प्रत्यक्ष लाभ अंतरण (डीबीटी)क माध्यम सं पेंशनक राशि अंतरित कयल गेल। एहि अवसर परराज्यक विभिन्न जिलाक पेंशनधारी सभ कें सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक लाभ प्रदान कयल गेल। उल्लेखनीय अछि जे मधुबनी जिला मे कुल 5,11,977 पेंशनधारी सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजना सं आच्छादित छथि। आइ सभ पेंशनधारीक बैंक खाता मे कुल 59,47,99,900 टकाक राशि अंतरित कयल गेल। पेंशनधारीक संख्या तथा अंतरित कुल राशिक मामिला मे मधुबनी जिला राज्य मे प्रथम स्थान पर अछि। ई उपलब्धि जिला मे सामाजिक सुरक्षा योजनाक प्रभावकारी क्रियान्वयन तथा पात्र लाभुक धरियोजनाक लाभ समयबद्ध आ पारदर्शी ढंग सं पहुंचाबय दिस महत्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा रहल अछि।मुख्यमंत्री वृद्धजन पेंशन योजनाक अंतर्गत मधुबनी जिलाक 2,73,951 पेंशनधारीक बैंक खाता मे कुल32,96,88,300 टकाक राशि अंतरित कयल गेल। ई राशि जिलाक पैघ संख्या मे वृद्धजन कें आर्थिक सहायता देबाक संग हुनका सभ कें सम्मानजनक आ सुरक्षित जीवन जीबय मे सहयोग करत। ओही प्रकार इंदिरा गांधी राष्ट्रीय वृद्धावस्था पेंशन योजनाक अंतर्गत जिलाक 1,48,782 पेंशनधारीक खाता मे कुल 16,38,55,400 टकाक अंतरण कयल गेल। एहि योजनाक माध्यम सं पात्र वृद्धजन कें सामाजिक आ आर्थिक सुरक्षा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। लक्ष्मीबाई सामाजिक सुरक्षा पेंशनयोजनाक अंतर्गत जिलाक 20,858 लाभुकक बैंक खाता मे कुल 2,41,57,800 टका अंतरित कयल गेल। ओतहि इंदिरा गांधी राष्ट्रीय विधवा पेंशन योजनाक अंतर्गत 32,271 लाभुकक खाता मे कुल 3,60,39,400 टका अंतरित कयल गेल। एहि क्रम मे बिहार निःशक्तता पेंशन योजनाक अंतर्गत जिलाक 29,917 लाभुकक बैंक खाता मे कुल 3,42,13,600 टका तथा इंदिरा गांधी राष्ट्रीय निःशक्तता पेंशन योजनाक अंतर्गत 6,198 पेंशनधारीक खाता मे कुल 68,45,400 टका अंतरित कयल गेल। सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक माध्यम सं राज्य सरकार द्वारा वृद्धजन, विधवा आ दिव्यांगजन सहित समाजक कमजोर आ जरूरतमंद वर्ग कें नियमित आर्थिक सहायता उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। एहि अवसरपर मधुबनी समाहरणालय स्थित सभाकक्ष सं वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं उप विकास आयुक्त तुषार कुमार सेहो समारोह सं जुड़ल रहलाह। ओ जिलाक सभ सामाजिक सुरक्षा पेंशनधारी आ लाभुक केंशुभकामना देलनि तथा हुनका सभक स्वस्थ, सुखी आ मंगलमय जीवनक कामना केलनि। उप विकास आयुक्त कहलनि जे राज्य सरकार द्वारा समाजक कमजोर आ जरूरतमंद वर्ग कें सामाजिक सुरक्षा प्रदान करबाक उद्देश्य सं संचालित विभिन्न पेंशन योजनाक लाभ पात्र लाभुक धरि पहुंचेनाइ जिला प्रशासनक प्राथमिकता मे शामिल अछि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें योजनाक प्रभावकारी क्रियान्वयन, पात्र लाभुक कें समय पर लाभ उपलब्ध करेनाइ तथा डीबीटीक माध्यम सं राशि अंतरणक प्रक्रिया सुचारु राखबाक निर्देश देलनि। मधुबनी जिला मे 5,11,977 पेंशनधारीक खाता मे एक्के बेर 59,47,99,900 टकाक राशि अंतरित होनाइ सामाजिक सुरक्षा क्षेत्र मे राज्य सरकारक प्रतिबद्धता कें दर्शबैत अछि। पेंशनधारीक संख्या आ अंतरित राशिक मामिला मे मधुबनी जिलाक राज्य मे प्रथम स्थान प्राप्त करनाइ सामाजिक सुरक्षा योजनाक सफल क्रियान्वयनक महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि।

# गली-मोहल्ला धरि पसरल अवैध पैथोलॉजी जांच घरक कारोबार

## शहर मे धड़ल्ले सं चलि रहल अवैध पैथोलॉजी, कारबाइ पर उठि रहल सवाल

**सहरसा, समदिया**



शहरक विभिन्न इलाका मे पैघ संख्या मे पैथोलॉजी जांच केंद्र कथित रूप सं बिना निर्धारित मानकक संचालित कयल जा रहल अछि। बताओल जा रहल अछि जे छोट-पैघ चिकित्सकक नर्सिंग होमक अतिरिक्त शहरक अलग-अलग हिस्सा मे सेहो पैथोलॉजी जांच केंद्र चलाओल जा रहल अछि। एहन केंद्र सभक वैधता, संचालकक योग्यता, तकनीकी कर्मचारी तथा जांच रिपोर्टक प्रमाणिकताक जांच कयल जएबाक आवश्यकता अछि। चिकित्सा क्षेत्र मे पैथोलॉजी जांच अत्यंत संवेदनशील मानल जाइत अछि, कारण जांच रिपोर्टक आधार पर चिकित्सक रोगीक उपचार निर्धारित करैत छथि। राष्ट्रीय आयुर्विज्ञान आयोगक निर्धारित मानकक अनुसार प्रयोगशालाक प्रमुख अथवा जांच रिपोर्ट पर हस्ताक्षर करऽबला विशेषज्ञक लेल संबंधित चिकित्सकीय योग्यता आवश्यक अछि। पैथोलॉजी संचालन आ जांच रिपोर्टक लेल एमडी अथवा डीएनबी पैथोलॉजी, जैव रसायन, चिकित्सकीय सूक्ष्मजीव विज्ञान, प्रयोगशाला चिकित्सा तथा नैदानिक विकृति विज्ञान मे डिप्लोमा आदि निर्धारित योग्यताक प्रावधान अछि। एहि अतिरिक्त, प्रयोगशाला मे जांच करए बला तकनीकी कर्मचारीक

» बिना निर्धारित योग्यता आ मानकक संचालनक शिकायत
» विभागीय स्तर पर जांच आ कारबाइक मांग

लेल सेहो निर्धारित शैक्षणिक योग्यता आ प्रशिक्षण आवश्यक अछि। मात्र तकनीकी रूप सं जांच करब आ रोगीक बेमारीक चिकित्सकीय निदान करब एक समान नहि अछि। जांचक आधार पर चिकित्सकीय राय देबाक लेल संबंधित चिकित्सकीय विशेषज्ञक भूमिका आवश्यक होइत अछि। सरकार आम लोक कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं सदर अस्पताल मे विभिन्न प्रकारक जांच निःशुल्क उपलब्ध करा रहल अछि। एकर बावजूद निजी स्तर पर संचालित कथित अवैध पैथोलॉजी जांच केंद्रक संख्या बढ़नाइ गंभीर सवाल ठाढ़ करैत अछि। स्थानीय लोकक आरोप अछि जे शिकायतक बादो कतेको मामिला मे कारबाइ नहि होइत अछि। सूत्र विभागीय मिलीभगतक चर्च सेहो करैत छथि, मुदा एकर स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। एहन स्थिति मे स्वास्थ्य विभाग आ जिला प्रशासन सं शहर मे संचालित सभ पैथोलॉजी केंद्रक योग्यता, निबंधन, तकनीकी कर्मचारी, उपकरण, जांच प्रक्रिया तथा रिपोर्ट पर हस्ताक्षर करऽबला विशेषज्ञक जांच कयल जाइ आ नियमानुसार कारबाइ कयल जाय, एहि मांग जोर पकड़ि रहल अछि।

# प्रधानाध्यापक पंकज कुमारक निधन, इलाका मे शोकक लहरि

**सीतामढ़ी, समदिया**



श्री जागेश्वर उच्च विद्यालय, भुतहीक प्रभारी प्रधानाध्यापक पंकज कुमार केशवक बुधदिन सांझ पटना स्थित मेदांता अस्पताल मे निधन भए गेलनि। ओ बहुत दिन सं गंभीर बेमारी सं पीड़ित छलाह। बुधदिनसांझ करीब 6 बजे ओ आखरी सांस लेलनि। हुनकर निधनक खबरि पसरिते भुतही सहित समूचा इलाका मे शोकक लहर पसरि गेल। प्रधानाध्यापक पंकज कुमार केशव क्षेत्र मे लोकप्रिय, कर्मठ आ समर्पित शिक्षकक रूप मे परिचित छलाह। ओ बरख 2007 मे एहि विद्यालय मे शिक्षकक रूप मे अपन सेवा शुरूकयने छलाह। शिक्षा क्षेत्र मे लगन आ समर्पणक कारण बरख 2025 मे हुनका विशिष्ट शिक्षकक दर्जा भेटल छल। एकर अतिरिक्त ओ एनसीसीक एसोसिएट एनसीसी अधिकारीक रूप मे सेहो छात्र-छात्रा कें मार्गदर्शन करैत छलाह। हुनकर असामयिक निधन पर विद्यालयक प्रबंधक-सह-स्थानीय विधायक ई. अनिल कुमार राम आ विद्यालयक सभ शिक्षक गहिर दुख व्यक्त कयलनि। विधायक शोक व्यक्त करैत कहलनि जे पंकज बाबूक निधन शिक्षा जगत आ समाज लेल अपूरणीय क्षति अछि। एकटा उत्कृष्ट शिक्षक आ नेक मनुष्यक रूप मे हुनकर योगदान सदिखन स्मरण कयल जाएत। विद्यालय परिवार सं जुड़ल शिक्षा प्रेमी संजय पूर्वे, बिरेंद्र कुमार, श्यामली सिन्हा, धनंजय कुमार, शिखा रानी, मनीषा कुमारी, रविंद्र कुमार राम, सुप्रिया मौर्य, जागृति, रामचंद्र प्रसाद सिंह, आशुतोष, ऋषिकेश आनंद, भवेश प्रसाद निराला आ गीता देवी सहित सभ सहकर्मी आ छात्र-छात्रा सभ नम आंखि सं अपन प्रिय शिक्षक कें श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

# एसपीक सेवा संवाद-समाधान मे सुनल गेल आम लोकक शिकायत

## सीधा संवाद, त्वरित समाधानक मे शिकायत पर अधिकारी कें देलनि निर्देश

**सहरसा, समदिया**



आम नागरिकक समस्या आ शिकायतक त्वरित एवं प्रभावकारी समाधानक उद्देश्य सं पुलिस अधीक्षक विक्रम सिंहाक दिस सं सेवा संवाद-समाधान मे सीधा संवाद, त्वरित समाधान कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक दौरान जिलाक विभिन्न थाना आ ओपी क्षेत्र सं पहुंचल आम लोक पुलिस अधीक्षककसमक्ष अपन-अपन समस्या आ शिकायत रखलनि। पुलिस अधीक्षक फरियाद लए कए पहुंचल लोकक शिकायत कें गंभीरता आ संवेदनशीलताक संग सुनलनि। ओ संबंधित मामिलाक जानकारी लैत मौके परउपस्थित पुलिस पदाधिकारी सभ सं आवश्यक कारबाइक संबंध मे विचार-विमर्श केलनि। एकर बाद संबंधित पदाधिकारी सभ कें शिकायतक त्वरित निष्पादन आ प्रभावकारी समाधान लेल आवश्यक दिशा- निर्देश देलनि। एसपी अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे आम लोकक शिकायत कें प्राथमिकताक आधार पर सुनल जायआ नियमानुसार ओकर शीघ्र समाधान सुनिश्चित कयल जाय। ओ कहलनि जे पुलिसक मुख्य उद्देश्य आम नागरिक कें सुरक्षित वातावरण उपलब्ध करेनाइक संग-संग हुनकर समस्याक निष्पक्ष आ समयबद्ध ढंग सं समाधान करेनाइ अछि। कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न थाना आ ओपी क्षेत्र सं आयल लोक कें सीधे पुलिस अधीक्षकक समक्ष अपन बात रखबाक अवसर भेटल। एहि सं लोक मे अपन समस्याक समाधान कें लए भरोसा सेहो बढ़ल। पुलिस प्रशासनक दिस सं एहन कार्यक्रमक माध्यम सं आम लोक आ पुलिसक बीच सीधा संवाद स्थापित करबाक तथा शिकायतक त्वरित निपटारा पर जोर देल जा रहल अछि।

# जिलाक 2.17 लाख पेंशनधारीक खाता मे पहुंचल अगस्तक पेंशन

## डीबीटीक माध्यम सं राज्यक 1.05 करोड़ सं बेसी लाभुक कें जारी भेल राशि

**सहरसा, समदिया**



मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बृहस्पति कें वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं राज्यक 1,05,67,975 पेंशनधारीक बैंक खाता मे प्रत्यक्ष लाभ अंतरण (डीबीटी)क माध्यम सं अगस्त महिनाक सामाजिक सुरक्षा पेंशनक राशि जारी कयलनि। जिला स्तर पर उप विकास आयुक्त गौरव कुमार, अपर समाहर्ता निशांत, जिला ग्रामीण विकास अभिकरणक निदेशक, जिला कल्याण पदाधिकारी, सहायक निदेशक जिला बाल संरक्षण इकाई, सहायक निदेशक जिला सामाजिक सुरक्षा कोषांग सहित 100 सं बेसी पेंशनधारी उपस्थित छलाह। मुख्यमंत्री वृद्धजन, विधवा महिला आ दिव्यांगजनक कल्याणक प्रति सरकारक प्रतिबद्धता दोहरबैत कहलनि जे आब प्रत्येक महिनाक 10 तारीख कें पिछला महिनाक पेंशन राशि लाभुकक बैंक खाता मे डीबीटीक माध्यम सं पठाओल जाएत। उप विकास आयुक्त बतौलनि जे जिला मे जीवन प्रमाणीकरण पूरा कए चुकल 2,17,828 लाभुक कें अगस्त महिनाक पेंशन जारी कयल गेल अछि। एहि मे मुख्यमंत्री वृद्धजन पेंशन योजनाक 1,19,722, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय वृद्धावस्था पेंशनक 56,641, बिहार निःशक्तता पेंशनक 15,434, लक्ष्मीबाई सामाजिक सुरक्षा पेंशनक 14,770, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय विधवा पेंशनक 9,808 आ इंदिरा गांधी राष्ट्रीय निःशक्तता पेंशनक 1,453 लाभुक शामिल छथि। ओ बतौलनि जे 10 सितंबर धरि 28,389 पेंशनधारीक जीवन प्रमाणीकरण लंबित अछि। एहन लाभुक अपन नजदीकी सीएससी केंद्र (वसुधा केंद्र) पर जा शीघ्र जीवन प्रमाणीकरण करा लीथि, जाहि सं हुनका पेंशनक लाभ निरंतर भेटैत रहय।

# पोषण माहक अवसर पर सखी वार्ता-सह-पोषण संवेदनशीलता सत्रक आयोजन

**सुपौल, समदिया**



पोषण माहक अवसर पर महिला एवं बाल विकास निगमक अंतर्गत संचालित जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वीमेन, सुपौल अंतर्गत बेटी बचाओ बेटी पढ़ाओ योजनाक माध्यम सं बाल विकास परियोजनाकार्यालय, किशनपुर आ बाल विकास परियोजना कार्यालय, सरायगढ़-भपटियाही मे सखी वार्ता-सह-पोषण संवेदनशीलता सत्रक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य महिला आ बालिका सभ कें पोषण, लैंगिक समानता, बाल विवाहक रोकथाम तथा महिला आ बालिका लेल संचालित विभिन्न सरकारी योजनाआ सेवाक प्रति जागरूक आ संवेदनशील बनौनाइ छल। कार्यक्रमक दौरान लैंगिक विशेषज्ञ श्रीमती नितु कुमारी लैंगिक भेदभाव, बाल विवाह आ पोषण सं जुड़ल महत्वपूर्ण विषय पर विस्तार सं जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे स्वस्थ आ सशक्त समाजक निर्माण लेल बालिका आ महिला कें समान अवसर देनाइ आवश्यक अछि। लैंगिक भेदभावक प्रतिकूल प्रभाव बालिकाक शिक्षा, स्वास्थ्य, पोषण आ समग्र विकास परपड़ैत अछि। बाल विवाहक दुष्परिणाम पर प्रकाश दैत ओ कहलनि जे कम उमेर मे विवाह भेला सं बालिकाक स्वास्थ्य,शिक्षा आ भविष्य पर प्रतिकूल प्रभाव पड़ैत अछि। ओ उपस्थित प्रतिभागी सभ सं बाल विवाहक विरुद्ध समाज मे जागरूकता फैलाबय तथा बाल विवाह जेना सामाजिक कुरीति कें समाप्त करबा मे सक्रिय भूमिका निभेबाक अपील केलनि। पोषणक विषय मे जानकारी दैत श्रीमती नितु कुमारी कहलनि जे गर्भवती आ धात्री महिला, किशोरी तथा बच्चा सभक नीक स्वास्थ्य आ विकास लेल संतुलित आ पौष्टिक आहार अत्यंत आवश्यक अछि। ओ पोषण सं जुड़ल उचित व्यवहार कें परिवार आ समुदायक स्तर धरि पहुंचाबय पर जोर देलनि। प्रखंड समन्वयक श्री रतन प्रकाश सेहो पोषणक महत्व पर चर्चा केलनि। ओ कहलनि जे बच्चा, किशोरी, गर्भवती आ धात्री महिलाक नीक स्वास्थ्य लेल नियमित आ संतुलित पोषण पर विशेष ध्यान देनाइ आवश्यक अछि। ओ प्रतिभागी सभ सं पोषण संबंधी जागरूकता कें घर-घर धरि पहुंचाबय तथा परिवार आ समुदाय मे स्वस्थ खान-पानक आदत कें बढ़ावा देबाक अपील केलनि। ओतहि लैंगिक विशेषज्ञ श्रीमोहम्मद तारीक सिद्दीकी महिला आ बालिकाक अधिकार, सुरक्षा आ सशक्तीकरण सं संबंधित विषय पर जानकारी साझा केलनि। ओ कहलनि जे महिला आ बालिका कें अपन अधिकार तथा हुनका लेल उपलब्ध सहायता आ सरकारी सेवाक जानकारी रहनाइ आवश्यक अछि, जाहि सं आवश्यकता पड़लाक समय ओ समय पर उचित सहायता प्राप्त कए सकथि। ओ प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजना, बेटी बचाओ बेटी पढ़ाओ सहित महिला आ बालिका लेल संचालित विभिन्न योजनाक जानकारी दैत कहलनि जे योजनाक वास्तविक उद्देश्य तखने पूरा होयत, जखन पात्र लाभार्थी धरि ओकर जानकारी आ लाभ पहुंचत। ओ आंगनबाड़ी सेविका आ महिला पर्यवेक्षिका सभ सं अपन क्षेत्रक पात्र महिला आ बालिका कें योजनाक जानकारी देबाक तथा लाभ लेबाक लेल प्रोत्साहित करबाक अपील केलनि। श्री सिद्दीकी ई सेहो कहलनि जे समाज मे महिला आ बालिकाक प्रति सकारात्मक आ सम्मानजनक दृष्टिकोण विकसित करबा मे परिवार आ समुदाय केर भूमिका महत्वपूर्ण अछि। बाल विवाह, लैंगिक भेदभाव आ महिला पर हिंसा जेहन सामाजिक समस्याक रोकथाम लेल सामूहिक प्रयासआवश्यक अछि। कार्यक्रम मे बाल विकास परियोजना कार्यालय, किशनपुर आ सरायगढ़-भपटियाहीक महिलापर्यवेक्षिका, आंगनबाड़ी सेविका तथा अन्य महिला आ पुरुष प्रतिभागी सभ भाग लेलनि। प्रतिभागी सभ कें पोषण, लैंगिक समानता, बाल विवाहक रोकथाम तथा महिला आ बालिकाक सशक्तीकरण सं संबंधित विषय पर जागरूक कयल गेल। कार्यक्रमक दौरान प्रतिभागी सभ विभिन्न विषय पर चर्चा मे भाग लेलनि तथा अपन-अपन क्षेत्र मे महिला आ बालिका कें जागरूक करबाक लेल आवश्यक जानकारी प्राप्त केलनि। कार्यक्रमक अंत मे उपस्थित प्रतिभागी सभ सं अपील कयल गेल जे ओ अपन-अपन क्षेत्र मे पोषणक प्रतिजागरूकता, बाल विवाहक रोकथाम, लैंगिक समानता तथा महिला आ बालिकाक सशक्तीकरणक संदेश बेसी सं बेसी लोक धरि पहुंचाबथि, जाहि सं स्वस्थ, सुरक्षित, शिक्षित आ समानतापूर्ण समाजक निर्माण कयल जा सकय।

# बाबा गणिनाथ गोविंदक 94म जयंती आइ, निकलत शोभायात्रा

**सहरसा, समदिया**




लोकदेवता बाबा गणिनाथ गोविंदक 94म जयंतीक अवसर पर अखिल भारतीय मध्यदेशीय वैश्य समाजक तर्फ सं शुक्रदिन सं दू दिवसीय धार्मिक आ सामाजिक महोत्सवक आयोजन कयल जाएत। समारोह कें लएसमाजक लोक मे उत्साह अछि। सहरसा सहित कोसी क्षेत्रक विभिन्न गाम सं पैघ संख्या मे श्रद्धालुक पहुंचबाक संभावना अछि। महोत्सवक मुख्य आकर्षण शुक्रदिन निकलऽवाली भव्य शोभायात्रा होएत। आयोजन समितिक अनुसार शोभायात्रा सुपर बाजार स्थित कला भवन परिसर सं शुरू भए शहरक प्रमुख मार्ग सं गुजरत। एहि मे समाजक पदाधिकारी, युवा कार्यकर्ता आ पैघ संख्या मे श्रद्धालु शामिल होएताह। वाहनक काफिलाक संग शोभायात्रा कहरा प्रखंडक बलहाडीह मंदिर टोला मे स्थित गणिनाथ गोविंद धाम पहुंचे। धाम पहुंचला पर शोभायात्रा धर्मसभा मे परिणत भए जाएत। तकर बाद 24 घंटाक अखंड जागरण, भजन-कीर्तन, प्रवचन आ धार्मिक अनुष्ठान होएत। श्रद्धालुसभक लेल महाप्रसाद आ भोजनक व्यवस्थाकयल गेल अछि। समारोहक दोसर दिन 12 सितंबर कें वैदिक मंत्रोच्चारक संग हवन, सांझक वंदना आविशेष पूजा-अर्चना कयल जाएत। जिलाध्यक्ष रामकृष्ण साह उर्फ मोहन साह बतौलनि जे जयंती श्रद्धा,भक्ति आ सामाजिक एकताक संग मनाओल जा रहल अछि। युवा कार्यकर्ता गाम-गाम जा लोक कें समारोह मे शामिल होमय लेल निमंत्रण दए रहल छथि।

## बीज उत्पादन सं शोध धरि संकट, 17 किस्म पर चलि रहल छल प्रयोग

# गंगाक बाढ़ि डुबौलक धानक प्रयोगशाला

**भागलपुर,प्रदीप विद्रोही**



गंगाक बढ़ैत जलस्तर आब खेत-गाम सं आगू बढ़ि कृषि विज्ञानक ओहि प्रायोगिक मैदान धरि पहुंचि गेल अछि, जतय भविष्यक खेतीक तैयारी कयल जाइत अछि। बिहार कृषि विश्वविद्यालयक अधीन बिहार कृषि महाविद्यालयक प्रायोगिक फार्म मे करीब 67 एकड़ धानक फसल जलमग्न भए गेल अछि। एहि सं विश्वविद्यालयक बीज उत्पादन कार्यक्रमक संग धान पर चलि रहल महत्वपूर्ण शोध कें सेहो पैघ झटका लागल अछि। प्रायोगिक फार्मक 67 एकड़ मे धानक खेती कयल गेल छल, जाहि मे करीब 47.85 एकड़ क्षेत्र ब्रीडर सीड प्रोडक्शन (बीएसपी) लेल निर्धारित छल। बाढ़िक पानि भरला सं एहि क्षेत्र मे तैयार भए रहल बीज सामग्री प्रभावित भेल अछि। संगहि नीक धानक किस्मक पहचान लेल चलि रहल प्रयोग सभ पर सेहो संकट ठाढ़ भए गेल अछि।17 किस्म पर चलि रहल छल शोध फार्मक एल, एम, एन, के आ जे ब्लॉक सेहो बाढ़िक पानि मे डूबल अछि। एहि क्षेत्र सभ मे धानक 17अलग-अलग किस्म पर शोध आ बीज उत्पादनक काज चलि रहल छल। विश्वविद्यालयक मॉडल भिट्ठी फार्म (एमबीएफ)क लगभग 10 एकड़ क्षेत्र सेहो जलमग्न भेल अछि। एहि कारण नोकसान मात्र एहि मौसिमक फसल धरि सीमित नहि, बल्कि दीर्घकाल सं चलि रहल कृषि अनुसंधान पर सेहो असर पड़बाक आशंका अछि।कुलपति कयलनि निरीक्षण बुधदिन बिहार कृषि विश्वविद्यालयक कुलपति डी. आर. सिंह निदेशक, वैज्ञानिक आ अधिकारीसभक संग बाढ़ि प्रभावित प्रायोगिक फार्मक निरीक्षण कयलनि। ओ फसलक नुकसानक संग शोध गतिविधि आ बीज उत्पादन पर पड़ल प्रभावक जानकारी लेलनि। निरीक्षणक दौरान भविष्य मे एहन नोकसान कम करबाक उपाय पर विशेष जोर देल गेल। कुलपति वर्तमान मे उगाओल जा रहल धानक किस्मक समीक्षा कए बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे नीक ढंग सं टिकि सकऽवाली किस्मक पहचान करबाक सुझाव देलनि। बाढ़ि सहन करए बाला किस्म पर जोरविश्वविद्यालय आब जलवायु परिवर्तन आ बाढ़िक परिस्थिति ध्यान मे राखि जलवायु प्रतिरोधी धानक किस्म पर शोध आगू बढ़ेबाक तैयारी मे अछि। संगहि जलनिकासी व्यवस्था मजबूत करब, ड्रेनेज चैनल मे सुधार, पानि शीघ्र बाहर निकालबाक व्यवस्था आ निचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि प्रवेश रोकबाक दीर्घकालीन उपाय पर सेहो विचार कयल जा रहल अछि। कुलपतिक अनुसार, भविष्यक नोकसान कम करबाक लेलमात्र फसल बदलनाइ पर्याप्त नहि होएत। उपयुक्त किस्मक चयन, फसल प्रबंधन, बुआईक समय मे परिवर्तन, प्रभावी जलनिकासी आ बाढ़ि नियंत्रण - सभ पहलू कें एक संग लए रणनीति बनाबऽ पड़त। एहि बाढ़िने कृषि वैज्ञानिकसभक समक्ष बदलैत मौसिम मे खेतीक तरीका बदलबाक पैघ चुनौती सेहो ठाढ़ कए देलक अछि।

# बंगालक तर्ज पर बिहार मे दुर्गापूजा समिति कें सरकारी अनुदानक मांग

## मिथिला लोकतांत्रिक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष मनोज झा 5 लाख धरि वार्षिक अनुदानक केलनि मांग

**पटना/समदिया**

पश्चिम बंगाल सरकार द्वारा राज्यक दुर्गापूजा समिति सभ कें देल जा रहल अनुदानक निर्णय कें उचित बतबैत मिथिला लोकतांत्रिक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष मनोज झा बिहार सरकार सं सेहो ओहि तर्ज पर सभ स्थायी दुर्गापूजा समिति कें सम्मानजनक सरकारी अनुदान देबाक मांग कयलनि। ओ कहलनि जे बिहार, विशेष कए मिथिला क्षेत्र, दुर्गापूजाक प्राचीन आ जीवंत परंपराक प्रमुख केंद्र रहल अछि। ई पर्व मात्र पूजा- पाठ धरि सीमित नहि, बल्कि संस्कृति, सामाजिक एकता आ स्थानीय रोजगार सं सेहो जुड़ल अछि। मनोज झा कहलनि जे बिहार मे आइयो हजारो पूजा समिति जनसहयोग आ आपसी चंदाक आधार पर कठिन परिस्थिति मे दुर्गापूजाक आयोजन करैत अछि। हुनकर प्रश्न छल जे जखन पश्चिम बंगाल सरकार अपन हजारो पूजा समिति कें 400 करोड़ टका सं बेसी अनुदान दए सकैत अछि, तं बिहार सरकार एहन व्यवस्था किएक नहि कए सकैत अछि।



▪ कहलनि जे, सभ स्थायी पूजा समिति कें 2 लाख सं 5 लाख धरि वार्षिक अनुदान देल जाय

ओ कहलनि जे दुर्गापूजा सं लाखो मूर्तिकार, पंडाल कलाकार, फूल- माला व्यवसायी, सजावट कारीगर, बिजली मिस्त्री आ अन्य छोट व्यवसायी तथा दोकानदारक परिवारक आजीविका जुड़ल अछि। सरकारी अनुदान भेटला सं पूजा आयोजन बेसी सुरक्षित, व्यवस्थित आ भव्य ढंग सं कयल जा सकत। मिथिला लोकतांत्रिक मोर्चाक तर्फ सं सरकारक समक्ष पांच सूत्री मांग रखल गेल अछि। एहि मे बिहारक सभ स्थायी दुर्गापूजा समिति कें 2 लाख सं 5 लाख टका धरि वार्षिक अनुदान देब, पूजा पंडाल लेल निःशुल्क बिजलीक व्यवस्था करब, अग्निशमन उपकरण उपलब्ध करायब, महिला सुरक्षाक विशेष प्रबंध करब आ स्वच्छताक लेल विशेष व्यवस्था करब शामिल अछि।

# विवि परिसर मे छात्रावास बनला सं टरत दुर्घटना

अभी आर्या

दिल्लीक सत्य निकेतन मे भेल दुर्घटना अत्यंत दु:खद अछि। एहि दुर्घटनाक संकेत पहिनहि भेटि रहल छल आ गंभीर आशंका सेहो छल। मानवीय लापरवाहीक कारण भेल एहि त्रासदी मे कतेको छात्रक जान चलि गेल। एकर मूल कारण दिल्ली विश्वविद्यालय मे छात्रावासक अपर्याप्त व्यवस्था मानल जा सकैत अछि। लेखक मास्को विश्वविद्यालय मे पीएचडी करैत काल चारि वर्ष छात्रावास मे रहलाह। ओतय छात्रावासक लगभग प्रत्येक कोन मे रसोई आदि सुविधा छल, जतय छात्र अपन इच्छानुसार कहियो-कहियो भोजन बना सकैत छलाह। एकर अतिरिक्त पैघ-पैघ भोजनालय सेहो पर्याप्त संख्या मे छल। छात्रसभके रोजमर्राक जरूरतक चिंता नहि रहैत छल आ ओ सभ निश्चिंत भए कए पढ़ाइ मे ध्यान दैत छलाह। सप्ताहांत मे छात्रावास मे तरह-तरहक सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन छात्र स्वयं करैत छलाह। सभके अपन कलात्मक आ सृजनात्मक प्रतिभा विकसित करबाक अवसर भेटैत छल। नाच-गान सहित विभिन्न कला सीखबाक सुविधा सेहो छात्रावासक जीवनक हिस्सा छल। मास्को विश्वविद्यालय मे छात्रावासक सुविधा नि:शुल्क छल। रहबाक अतिरिक्त व्यायामशाला, चिकित्सालय आ रोजमर्राक अन्य आवश्यक सुविधा सेहो छात्रावास परिसर मे उपलब्ध छल। अर्थात छात्रावास घर सं दूर छात्रसभके घर-जेकां वातावरण उपलब्ध करबैत छल। स्वीडन आ फिनलैंड मे सेहो किछु-किछु एहन अनुभव भेटैत अछि, मुदा ओतुक्का छात्रावास महंग होइत अछि आ बहुत छात्रक सामर्थ्य सं बाहर रहैत अछि। दिल्ली विश्वविद्यालय मे अध्यापक बनलाक बाद लेखकके एहि विश्वविद्यालयक तीनटा स्नातकोत्तर छात्रावासक व्यवस्था सं जुड़बाक अवसर भेटल। ओ जुबली हॉल आ पीजी मेन्स हॉस्टलक प्रोवोस्ट तथा ग्वायर हॉलक रेजिडेंट ट्यूटर रहलाह। एहि अनुभव सं दिल्ली विश्वविद्यालय मे छात्रावासक कमी आ ओकर गंभीरता बुझबाक अवसर भेटल। नि:संदेह, दिल्ली विश्वविद्यालय मे छात्रावासक अत्यंत कम सुविधा निराशाजनक अछि। विश्वविद्यालय मे 80 सं बेसी कॉलेज अछि, मुदा मात्र लगभग 10 कॉलेज मे छात्रावास अछि। एहि मे अधिकांश कॉलेज मुख्य परिसर मे अछि। मिरांडा हाउस, सेंट स्टीफेंस, हिंदू कॉलेज, हंसराज, रामजस, किरोड़ीमल, एसआरसीसी, डीआर, आइपी आदि कॉलेज छात्रावासक सुविधा दैत अछि। मुख्य परिसरक बाहर मात्र लेडी श्रीराम कॉलेज मे छात्रावास अछि। मुदा एहि छात्रावास सभ मे सेहो दिल्लीक बाहर सं आबि कए पढ़निहार सभ छात्रके जगह नहि भेटैत अछि। फलत: छात्र सभ रहबाक ठामक खोज मे भटकि रहल छथि। दिल्ली विश्वविद्यालय मे दिल्ली सं बाहरक छात्रक स्थिति दयनीय कहल जा सकैत अछि। विश्वविद्यालयक 50 सं बेसी स्नातकोत्तर विभागक लेल कुल सात-आठटा छात्रावास अछि - जुबली हॉल, ग्वायर हॉल, पीजी



मेन्स आ विमेंस हॉस्टल, दूटा अंतरराष्ट्रीय छात्रावास तथा उत्तर-पूर्वक छात्र सभ लेल एक छात्रावास। दक्षिण परिसर मे मात्र एकटा महिला छात्रावास अछि। स्नातक आ स्नातकोत्तर सभ छात्रावास मिला कए लगभग 2,500 छात्रक रहबाक व्यवस्था अछि, जखन कि जरूरत दसियों हजार छात्रावास कक्षक अछि। आधुनिक सुविधा तं दूर, रहबाक लेल मात्र एकटा खाट भेटि जाए तकरो भाग्य मानबाक स्थिति अछि। दिल्ली मे अलग-अलग सरकारक समय लगभग 57टा कॉलेज बनल, मुदा एहि मे ककरो अपन परिसर मे छात्रावासक पर्याप्त व्यवस्था करबाक प्रयास नहि भेल। कॉलेज बना देल गेल, मुदा बाहर सं आबि कए पढ़निहार छात्रक आवासक समस्या पर ध्यान नहि देल गेल। अपन देशक राजधानी मे पढ़ाइ करबाक अधिकार बाहरी छात्रसभके अछि, मुदा एहि अधिकारक कीमत हजारो जोखिमक रूप मे चुकाबऽ पड़ैत अछि। सत्य निकेतनक घटना सेहो एही स्थितिक परिणाम अछि। विश्वविद्यालय अनुदान आयोग सेहो एहि अनदेखी मे हिस्सेदार मानल जा सकैत अछि। नव कॉलेजक लेल छात्रावासक सुविधा अनिवार्य नहि बनाओल गेल अछि। कॉलेज मे अन्य आधारभूत संरचना संग छात्रावास बनबाक शर्त सेहो नहि रहैत अछि। मानू छात्रसभके रहबाक-खाइबाक कोनो जरूरत नहि हो। विश्वविद्यालय प्रशासनके सेहो एहि कमी लेल जिम्मेदारी लेबाक चाही। प्रशासन छात्रावास निर्माण सं बचैत रहल अछि आ एकरा बहुत पैघ झंझट मानैत रहल अछि। लेखकक अनुसार, कॉलेज व्यवस्थाक जिम्मेदारी सं जुड़ल एक डीन अक्सर कहैत छलाह जे छात्रावास विश्वविद्यालय लेल अनावश्यक परेशानी पैदा करैत अछि। कतेको अधिकारी जवाहरलाल नेहरू विश्वविद्यालयक उदाहरण दैत छथि आ मानैत छथि जे ओतय छात्रसभके बेसी स्वतंत्रता भेटैत अछि। उच्च शिक्षा लेल बजट मे कटौती, शिक्षा उपकरक राशि दोसर काज मे उपयोग आ निजीकरणक बढ़ैत जोर सेहो एहि संकटके गंभीर बनबैत अछि। छात्रावास प्रशासनक एकटा समस्या ईहो अछि जे कतिपय छात्र पाठ्यक्रमक अवधि समाप्त भेलाक बादो छात्रावास नहि छोड़ैत छथि। लेखकक अनुसार, जुबली हॉलक प्रोवोस्ट रहैत हुनका पाठ्यक्रमक अवधि सं बहुत बेसी समय धरि रहनिहार छात्रसभके हटेबाक लेल एक बेर पुलिसक सहायता लेबऽ पड़ल छल। किछु छात्र तं 10-15 वर्ष सं ओतहि रहि रहल छलाह। दिल्ली विश्वविद्यालयक आसपास छात्रावासक कमीके कारण तेजी सं पनपल पेइंग गेस्ट आवासक संचालक सेहो विवश छात्र सभ सं भारी कमाइ करैत छथि। मुखर्जी नगर, हडसन लेन, विजय नगर आ दक्षिण परिसरक सत्य निकेतन जेकां क्षेत्र एहि समस्याक परिणाम अछि। बाहर सं आएल छात्रसभके कतेको पीजी मे अत्यंत खराब परिस्थिति मे रहऽ पड़ैत अछि। सत्य निकेतनक घटना एहनहि असुरक्षित आवासीय व्यवस्थाक भयावह परिणामक रूप मे सामने आयल अछि। समाधान स्पष्ट अछि झ पैघ स्तर पर आ तेज गति सं छात्रावासक निर्माण हो। इच्छाशक्ति रहय तं ई संभव अछि। हैदराबादक सेंट्रल यूनिवर्सिटी आ इंग्लिश एंड फॉरेन लैंग्वेजेज यूनिवर्सिटी एकर उदाहरण अछि, जतय तीन वर्ष सं कम समय मे लगभग 3,000 छात्रक लेल उच्चस्तरीय छात्रावास बनाओल गेल। ओतय लगभग सभ छात्रके सहजता सं छात्रावास उपलब्ध भए जाइत अछि। एहि प्रकारक व्यवस्था दिल्ली विश्वविद्यालय आ ओकर कॉलेज सभ मे सेहो विकसित कएल जाए तं छात्रसभके असुरक्षित आवासक भरोसापर निर्भर नहि रहय पड़त आ सत्य निकेतन जेकां हादसाक आशंका बहुत हद धरि टलि सकैत अछि।

प्रशासन छात्रावास निर्माण सं बचैत रहल अछि आ एकरा बहुत पैघ झंझट मानैत रहल अछि। लेखकक अनुसार, कॉलेज व्यवस्थाक जिम्मेदारी सं जुड़ल एक डीन अक्सर कहैत छलाह जे छात्रावास विश्वविद्यालय लेल अनावश्यक परेशानी पैदा करैत अछि। कतेको अधिकारी जवाहरलाल नेहरू विश्वविद्यालयक उदाहरण दैत छथि आ मानैत छथि जे ओतय छात्रसभके बेसी स्वतंत्रता भेटैत अछि। उच्च शिक्षा लेल बजट मे कटौती, शिक्षा उपकरक राशि दोसर काज मे उपयोग आ निजीकरणक बढ़ैत जोर सेहो एहि संकटके गंभीर बनबैत अछि। छात्रावास प्रशासनक एकटा समस्या ईहो अछि जे कतिपय छात्र पाठ्यक्रमक अवधि समाप्त भेलाक बादो छात्रावास नहि छोड़ैत छथि। लेखकक अनुसार, जुबली हॉलक प्रोवोस्ट रहैत हुनका पाठ्यक्रमक अवधि सं बहुत बेसी समय धरि रहनिहार छात्रसभके हटेबाक लेल एक बेर पुलिसक सहायता लेबऽ पड़ल छल। किछु छात्र तं 10-15 वर्ष सं ओतहि रहि रहल छलाह। दिल्ली विश्वविद्यालयक आसपास छात्रावासक कमीके कारण तेजी सं पनपल पेइंग गेस्ट आवासक संचालक सेहो विवश छात्र सभ सं भारी कमाइ करैत छथि।

# पाकिस्तान मे 28म संशोधनक चर्चा तेज, सिंधक विभाजनक आशंका

बंटीरानी

पाकिस्तान मे 28म संविधान संशोधन कें लए कए चर्चा तेज भए गेल अछि। एहि संशोधनक माध्यम सं प्रांत सभक सीमा फेर निर्धारित करबाक संभावना व्यक्त कएल जा रहल अछि। विशेष रूप सं सिंध प्रांतक विभाजन आ कराची कें अलग प्रशासनिक इकाई बनेबाक अटकल लगाओल जा रहल अछि। सत्तारूढ़ पाकिस्तान मुस्लिम लीग-नवाजक नेतृत्वबला गठबंधनक प्रमुख घटक पाकिस्तान पीपुल्स पार्टी (पीपीपी) एहि संभावनाक कड़ा विरोध कए रहल अछि। सिंध पाकिस्तानक दोसर सर्वाधिक जनसंख्या बला प्रांत अछि आ 2008 सं पीपीपीक मजबूत राजनीतिक गढ़ रहल अछि। एहि कारण पार्टी कें आशंका अछि जे कराची कें सिंध सं अलग कए देल गेल तं ओकर राजनीतिक आ आर्थिक आधार कमजोर भए सकैत अछि। पाकिस्तानक पूर्व राजदूत हुसैन हक्कानी एहि प्रयासक तुलना मुंबइक बिना महाराष्ट्र बनेबाक प्रयास सं केने छथि। किंग्स कॉलेज लंदनक आयशा सिद्दीक कें चेतावनी देलनि जे सिंधक विभाजनक प्रयास गंभीर संघर्षक कारण बनि सकैत अछि। 3 सितंबर कें सिंध विधानसभा सर्वसम्मति सं प्रस्ताव पारित कए प्रांतक वर्तमान सीमा मे कोनो परिवर्तनक संभावना कें अस्वीकार कए देलक। प्रस्ताव मे सिंध कें ऐतिहासिक, सभ्यतागत आ संवैधानिक इकाई बताओल गेल। विधानसभा ई सेहो स्मरण करौलनि जे 3 मार्च 1943 कें सिंध ब्रिटिश भारतक पहिल प्रांतीय विधानसभा छल, जे पाकिस्तानक गठनक समर्थन मे प्रस्ताव पारित केने छल। प्रस्तावक स्पष्ट संदेश छल - सिंध एक अछि आ एक्कहि रहत। संविधानक अनुच्छेद 239(4) सेहो सिंधक पक्ष कें मजबूत करैत अछि। एहि प्रावधानक अनुसार कोनो



प्रांतक सीमा बदलनिहार संविधान संशोधन कें राष्ट्रपति लग स्वीकृतिक लेल तखने पठाओल जा सकैत अछि, जखन संबंधित प्रांतीय विधानसभा ओकर कुल सदस्यक कम-सं-कम दू-तिहाई बहुमत सं पारित कए।

**शासन-व्यवस्था मे बदलावक तैयारी? :** पछिला किछु सप्ताह सं पाकिस्तानी माध्यम मे 28म संशोधन कें लए कए रिपोर्ट आबि रहल अछि। एहि मे नव प्रांत वा प्रशासनिक इकाई बनौनाइ आ स्थानीय सरकार सभ कें मजबूत करबाक प्रस्ताव शामिल भए सकैत अछि। जुलाईक अंत मे गृहमंत्री मोहसिन नकवी कहलनि जे वर्तमान शासन-व्यवस्था ढहि गेल अछि आ देश कें नव प्रशासनिक इकाईक आवश्यकता अछि। एक दिन बाद सेनाक मीडिया प्रकोष्ठ डीजी-आइएसपीआर सेहो कहलनि जे सुशासन लेल प्रशासनिक पुनर्गठन जरूरी हो तं ओकरा कएल जाय। एहि बयान सभक बाद ई आशंका बढ़ल जे सैन्य प्रतिष्ठान प्रांत सभक पुनर्गठन पर विचार कए रहल अछि। चर्चा मे चीफ ऑफ डिफेंस फोर्सेज फील्ड मार्शल आसिम मुनीरक बढ़ैत प्रभाव कें सेहो महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। नवंबर 2025 मे पारित 27म संविधान संशोधनक माध्यम सं मुनीर कें आजीवन फील्ड मार्शल बनाओल गेल आ रक्षा बल सभक प्रमुखक रूप मे हुनकर स्थिति मजबूत कएल गेल। हुनका अभियोजन सं राष्ट्रपति सदृश संरक्षण सेहो देल गेल। एहि सं पहिने 26म संशोधन सेना प्रमुखक कार्यकाल पांच वर्ष केने छल, जे आर पांच वर्ष बढ़ाओल जा सकैत अछि।

**केंद्र आ प्रांतक बीच टकराव :** 2010क 18म संशोधन प्रांत सभ कें अधिक स्वायत्तता आ अधिकार देने छल। 2009क राष्ट्रीय वित्त आयोग पुरस्कारक माध्यम सं संघीय कर-विभाज्य कोष मे प्रांत सभक हिस्सा बढ़ि कए 57.5 प्रतिशत भए गेल, जखनकि संघीय सरकार कें 42.5 प्रतिशत हिस्सा भेटैत अछि। आब संघीय सरकार कर्जक पुनर्गठन आ रक्षा आवश्यकताक लेल बेसी धन चाहैत अछि। एहि कारण राष्ट्रीय वित्त आयोगक व्यवस्था मे परिवर्तनक संभावना पर सेहो चर्चा अछि।

# रसुवा मे अंतहीन भेल जा रहल अछि अपन लोकक प्रतीक्षा

आकांक्षा

चालीस वर्षीय भारत राज बिष्ट जखन पहिल बेर अपन पैघ भायक कार्यस्थल देखबाक लेल रसुवा पहुंचलाह, तखन ओ स्थान पूर्ण रूप सं ध्वस्त भए चुकल छल। नेपालक रसुवा जिला मे अनचोके आयल बाढ़िक नौ दिन बीति गेल छल। बाढ़ि सभ किछु तहस-नहस कए देने छल। अपर त्रिशूली-3ए जलविद्युत परियोजनाक सुरंग सं दू गोटे जीवित बाहर निकालल गेल छलाह। एहि सं लापता लोकक परिवार मे आशाक एकटा किरण जागल छल, मुदा बिष्टक प्रतीक्षा समाप्त नहि भेल छल। हुनका एखन धरि ई पता नहि छल जे हुनकर पैघ भाय कीर्त सिंह बिष्ट कतय छथि। डोटी जिलाक निवासी भारत राज बिष्ट एक दिनक यात्रा कए रसुवा पहुंचलाह। रसुवा नेपाल-तिब्बत सीमाक लग अवस्थित जिला अछि आ 26 अगस्तक अनचोके आयल बाढ़िक मुख्य केंद्र रहल। बिष्ट कहलनि जे पहिने हुनका लागल छलनि जे 3ए सुरंग सं लोक सभ कें बचाओल जा रहल अछि आ हुनकर भाइ सेहो बचि जायताह। मुदा जखन पता चलल जे मात्र दू गोटे कें जीवित निकालल गेल अछि आ ओहि मे हुनकर भाइ नहि छथि, तं ओ स्वयं रसुवा आबि गेलाह। बिष्टक समान बहुतो लापता मजदूरक परिजन सेहो नेपाली सेनाक माध्यम सं समाचारक प्रतीक्षा करबाक बदला स्वयं घटनास्थल धरि पहुंचबाक निर्णय कएलनि। शांति बजार 60 मेगावाट क्षमताबला सुरंगक लगक सब सं लगक गाम अछि। बाढ़िक बाद गाद सं भरल त्रिशूली नदी सुरंग आ विद्युतगृहक लग सं बहि रहल अछि आ पूरा क्षेत्र कें चिन्हब कठिन भए गेल अछि। 4 सितंबर कें 3ए सुरंग सं दू मजदूर - कबीर महाजन आ संजय



शाह-जीवित बचाओल गेल छलाह। मुदा तकर बाद सेना कें मात्र एकटा शव भेटल। एहि कारण सुरंग मे लापता करीब 40 मजदूरक परिवार मे बेचैनी बढ़ैत जा रहल अछि। घटनास्थल पर लापता मजदूरक परिवार, थाकल बचावकर्मी आ बाढ़ि मे घर-दुआरि आ खेत गमौने विस्थापित लोक एकत्रित छथि। रसुवा जाए बला मुख्य सड़क बहि गेलाक कारण राहति पहुंचेनाइ कठिन अछि। सेना कें सैनिक, खुदाई मशीन, राहति सामग्री आ तंबू धरि हवाई मार्ग सं पहुंचाबय पड़ि रहल अछि।

**हुनका दिस सं कोनो समाचार नहि भेटल :** नुवाकोटक मुख्यालय बिदुर सं रसुवाक मुख्यालय धुंचे धरि त्रिशूली नदीक कातक यात्रा पहिने लगभग 40 मिनट मे पूरा भए जाइत छल, मुदा आब टूटल पहाड़ी बाटक कारण एहि मे साढ़े छह घंटा धरि लागि रहल अछि। लापता मजदूरक परिजनक लेल ई प्राय: घटनास्थल धरि पहुंचबाक एकमात्र साधन अछि। बिदुर सं हेलीकॉप्टरक सुविधा भेटल तं अलग बात। त्रिशूली-3ए, त्रिशूली-3बी आ अपर त्रिशूली-1 जलविद्युत परियोजनाक सुरंग सभक लगपास तीन सय सं बेसी लोक कार्यरत छलाह। ग्लेशियर सं चट्टानक मलबा नदी मे खसला सं आयल भीषण बाढ़ि मे ई सभ लापता भए गेलाह। बाढ़ि नुवाकोट सं रसुवा जाएबला मुख्य सड़क कें सेहो बहा देने अछि। 56 वर्षीय सुना तमांग कतर मे चालक छथि। बाढ़िक समाचार जखन हुनका भेटल, तखन ओ रोजगारक सिलसिला मे सऊदी अरब मे छलाह। हुनकर बेटा त्रिशूली-3बी सुरंग मे चालक छलाह। बेटा, पत्नी आ नौ मासक पुत्रक संग रहैत छलाह। तमांग पहिने कहियो बेटा कें कार्यस्थल पर देखबाक लेल नहि गेल छलाह आ अपन पोताक संग सेहो भेंट नहि भेल छल। कतेको दिन धरि ओ फोन पर संपर्कक प्रयास करैत रहलाह। नेपाल पहुंचला पर हुनका अपन बेटाक शव भेटबाक समाचार भेटल।

# ब्रिक्स 2026 : भारतक कूटनीतिक क्षमताक लेल चुनौती

प्रोफेसर (डॉ.) डी.के. पांडेय

2026 मे वैश्विक भू-राजनीतिक परिस्थितिक बीच ब्रिक्स आब मात्र आर्थिक सहयोगक संक्षिप्त रूप नहि रहल, बल्कि उभरैत बहुध्रुवीय विश्व-व्यवस्थाक आकार देनिहार महत्वपूर्ण संस्थागत शक्ति बनि गेल अछि। एकर महत्व, उपलब्धि, चुनौती आ ब्रिक्स-विरोधी धारणाक सामना करबाक प्रयास कें बुझब आवश्यक अछि।

## बहुध्रुवीय दुनियां मे ब्रिक्सक महत्व

ब्रिक्स ग्लोबल साउथ अर्थात वैश्विक दक्षिणक हितक प्रतिनिधित्व आ संतुलित बहुध्रुवीय विश्वक निर्माणक लेल महत्वपूर्ण मंच बनि गेल अछि। 2025 धरि ब्रिक्सक सदस्य देश दुनियाक लगभग 48 प्रतिशत जनसंख्या आ क्रय-शक्ति समानता (पीपीपी)क आधार पर वैश्विक सकल घरेलू उत्पादक लगभग 39 प्रतिशतक प्रतिनिधित्व करैत छल। 2026 मे भारतक अध्यक्षताक मार्गदर्शक विषय अछि - लचीलापन, नवाचार, सहयोग आ स्थायित्वक लेल निर्माण। कमजोर वैश्विक शासन, संरक्षणवादी नीति आ बढ़ैत भू-राजनीतिक अनिश्चितताक समय मे ब्रिक्स दक्षिण-दक्षिण सहयोगक एकटा वैकल्पिक मंच उपलब्ध करबैत अछि। ई उभरैत अर्थव्यवस्था सभ कें अपन साझेदारी मे विविधता आनबाक आ वैश्विक शासन मे अपन आवाज मजबूत करबाक अवसर दैत अछि, बिना शीतयुद्धक तरहक द्विध्रुवीय गुटबंदी मे पड़ल।

## ब्रिक्सक प्रमुख उपलब्धि

ब्रिक्सक विस्तार एकर महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। 2026 धरि एहि समूह मे मूल पांच देश - ब्राजील, रूस, भारत, चीन आ दक्षिण अफ्रीकाक अतिरिक्त मिस्र, इथियोपिया, ईरान, इंडोनेशिया, संयुक्त अरब अमीरात आ सऊदी अरब शामिल अछि। सऊदी अरबक औपचारिक स्थिति कें लए कए किछु कूटनीतिक अस्पष्टता एखनहुं अछि। ब्रिक्स अपन पहुंच बढ़ेबाक लेल ह्लसाझेदार देशह्वक औपचारिक श्रेणी सेहो बनौलक। 2025 मे बेलारूस, बोलिविया, क्यूबा, कजाकिस्तान, मलेशिया, नाइजीरिया, थाईलैंड, युगांडा, उज्बेकिस्तान आ वियतनाम साझेदार देश बनल। एहि सं समूहक पहुंच बढ़ल, मुदा निर्णय-प्रक्रिया पर अतिरिक्त बोझ नहि पड़ल। न्यू डेवलपमेंट बैंक (एनडीबी) सेहो ब्रिक्सक महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। दस वर्ष पूरा कए चुकल एहि बैंक स्वच्छ ऊर्जा, परिवहन आ सतत विकासक क्षेत्र मे 120 सं बेसी पैघ परियोजनाक वित्तपोषण केने अछि। ई वैश्विक दक्षिण लेल साझेदारी, संप्रभुता आ साझा प्राथमिकताक आधार पर बहुपक्षीय विकास बैंकक विकल्प प्रस्तुत करैत अछि। ब्रिक्सक भीतर व्यापार मे सेहो उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। 2003 मे 84 अरब डॉलरक व्यापार 2024 मे बढ़ि कए 1.17 ट्रिलियन डॉलर भए गेल, अर्थात लगभग 13 गुना वृद्धि। एहि अवधि मे औसत वार्षिक वृद्धि 13.3 प्रतिशत रहल, जे वैश्विक व्यापारक 5.7 प्रतिशतक वृद्धि सं बहुत बेसी अछि।

## आगांक चुनौती

भारतक अध्यक्षता मे ब्रिक्स कें आगू बढ़ेनाइ आसान नहि होयत। भारतक पहल ब्रिक्स कनेक्ट्सक उद्देश्य सदस्य देशक सामान्य लोक कें प्रत्यक्ष लाभ पहुंचेनाइ अछि। एहि मे डिजिटल भुगतान, वित्तीय समावेशन, शैक्षणिक डिग्रीक पारस्परिक मान्यता, सस्ता इंटरनेट, मानव-केंद्रित कृत्रिम बुद्धिमत्ता, ब्रिक्स स्टार्टअप ज्ञान-केंद्र आ नीक व्यापार गलियारा प्रमुख अछि। मुदा ब्रिक्सक सदस्य देशक राजनीतिक आ रणनीतिक सोच मे पर्याप्त भेद अछि। रूस आ ईरान पश्चिमक मुखर विरोधी छथि, जखनकि भारत आ ब्राजील पश्चिमी देश सभक संग मजबूत रणनीतिक आ आर्थिक संबंध रखैत अछि। एहि विविधताक कारण साझा सहमति बनौनाइ कठिन अछि। तेज विस्तारक संग संस्थागत एकता बना रखब सेहो चुनौती अछि। बेसी विस्तार सं समूहक निर्णय लेबाक क्षमता कमजोर पड़ि सकैत अछि। आर्थिक प्राथमिकता सभ मे सेहो मतभेद अछि। किछु देश पश्चिमी वित्तीय व्यवस्था सं तेजी सं अलग होमय चाहैत अछि, जखनकि दोसर देश व्यावहारिक आर्थिक विकास कें प्राथमिकता दैत छथि।

## ब्रिक्स-विरोधी धारणाक सामना

ब्रिक्स कें पश्चिम-विरोधी समूह बताओल जाएत रहल अछि। भारतक अध्यक्षता मे समूह एहि धारणाक खंडन करैत अपन छवि कें संतुलन आ सुधारक पक्षधरक रूप मे प्रस्तुत कए रहल अछि। ओकर स्पष्ट संदेश अछि जे ब्रिक्स पश्चिम-विरोधी नहि, बल्कि संतुलनक पक्षधर अछि। ब्रिक्स देश सभ कें जी-7 विरोधी बनेबाक आवश्यकता नहि अछि आ जी-7 कें सेहो ब्रिक्स-विरोधी नहि बनबाक चाही। डॉलरक निर्भरता घटेबाक मुद्दा पर सेहो ब्रिक्स क्रमिक आ व्यावहारिक दृष्टिकोण अपना रहल अछि। साझा मुद्रा द्वारा अमेरिकी डॉलर कें अनचोके बदलबाक बदला स्थानीय मुद्रा मे व्यापार, द्विपक्षीय मुद्रा-विनिमय समझौता आ डिजिटल मुद्रा आधारित व्यापारक संभावना पर ध्यान देल जा रहल अछि। ब्रिक्स संयुक्त राष्ट्रक सुधार, बहुपक्षीय व्यापार व्यवस्था आ अधिक समावेशी वैश्विक शासनक समर्थन करैत अछि। वर्तमान संस्थान सभ कें समाप्त करबाक बदला ओकरा मे सुधारक पक्ष मे रहलाक कारण एकरा कतेको उदारवादी देशक समर्थन भेटि सकैत अछि। साझेदार देशक व्यवस्था सेहो ब्रिक्स कें सीमित गुटक छवि सं बाहर निकालैत अछि। थाईलैंड, मलेशिया आ कजाकिस्तान जेना देश सभक सहभागिता देखबैत अछि जे ब्रिक्स सं जुड़नाइ पश्चिमी देश सभ सं संबंधक विरोधी होयब आवश्यक नहि अछि। 2026 मे ब्रिक्स एकटा महत्वपूर्ण संक्रमणक दौर मे अछि। एकर सब सं पैघ शक्ति वैश्विक दक्षिण कें संगठित आ संस्थागत आवाज देबाक क्षमता अछि। भारत चारिम बेर ब्रिक्सक अध्यक्षता करैत आर्थिक आ व्यापारिक आधारभूत संरचना कें मजबूत करबाक प्रयास कए रहल अछि। ब्रिक्सक दीर्घकालीन सफलता आंतरिक मतभेद कम करबा, न्यू डेवलपमेंट बैंक जेहन संस्थाक माध्यम सं ठोस आर्थिक लाभ पहुंचायबा आ व्यावहारिक तथा सुधारोन्मुख रुख कायम रखबा पर निर्भर करत। एहि आधार पर ब्रिक्स अपन विरोधी धारणाक सामना करैत बहुध्रुवीय विश्व-व्यवस्था मे प्रभावी भूमिका निभा सकैत अछि।

# आकाश आनंदक ससुर अशोक सिद्धार्थ लेलनि राजनीति सं संन्यास



बहुजन समाज पार्टीक भीतर चलि रहल अंदरूनी खींचतानक बीच पूर्व राज्यसभा सांसद आ पार्टीक नेशनल कोऑर्डिनेटर रहल डॉ. अशोक सिद्धार्थ राजनीति सं संन्यास लए लेलनि। अशोक सिद्धार्थ बसपा प्रमुख मायावतीक भतीजा आकाश आनंदक ससुर सेहो छथि। बसपा प्रमुख मायावतीक दिस सं राखल गेल एकटा शर्तक तुरंत बाद अशोक सिद्धार्थ ई घोषणा कएलनि। ओ सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर एकटा लंबा पत्र साझा कएलनि।

ओतहि मायावती हुनकर संन्यास कें सही कदम बतौलनि। अपन पत्र मे ओ बतौलनि जे हुनका लेल आदरणीय बहनजीक आदेश आ बहुजन मिशन दुनियाक कोनो संबंध, पद वा परिवार सं बहुत बेसी महत्वपूर्ण अछि। अशोक सिद्धार्थ अपन पत्र मे लिखलनि जे ओ पछिला 35 वर्ष सं बहुजन समाज पार्टी, कांशीराम आ बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकरक विचार आ मिशन लेल पूरा ईमानदारी सं समर्पित रहल छथि। मायावतीक लेल ओ लिखलनि, अहां हमर राजनीतिक गुरु छी, हमर पैघ बहिन छी। अहां हमरा जकां एकटा सामान्य व्यक्ति कें की नहि देलहुं। अहांक कारणे हम विधान परिषद आ राज्यसभाक सदस्य रहलहुं। अहां हमरा अपन परिवारक सदस्य बनौलहुं, ई अहांक एहन ऋण अछि जे हम एहि जन्म मे नहि चुका सकैत छी। ओ आगू लिखलनि जे जं बहनजी कें लगैत अछि जे हुनकर राजनीति मे रहला सं संत, गुरु आ महापुरुषक बहुजन मिशन कें कोनो नोकसान पहुंचि रहल अछि, तं ओ एही क्षण राजनीतिक आ सामाजिक जीवन सं संन्यास लए रहल छथि। ओ कहलनि, राजनीति छोड़ब बहुत छोट बात अछि।

जं अहांक लेल कहियो हमरा अपन जान सेहो देबाक पड़त, तं ई सेहो हमर लेल गर्वक बात होयत। अशोक सिद्धार्थ पर आरोप लगि रहल छल जे ओ पार्टी पर कब्जा करबाक प्रयास कए रहल छथि आ आकाश आनंद कें गुमराह कए रहल छथि। एहि आरोपक जवाब दैत ओ भगवान गौतम बुद्ध आ कांशीरामक शपथ लैत कहलनि जे ओ कहियो पार्टीक हितक विरुद्ध कोनो काज नहि कएलनि। ओ लिखलनि जे हुनकर संन्यास लेबाक निर्णय कें आकाश आनंदक पार्टी मे वापसी सं जोड़ि कए नहि देखल जाए। मायावती कें संबोधित करैत ओ कहलनि, आकाश आनंद हमर दामाद होयबाक पहिने अहांक भतीजा छथि आ आनंद भाईक बेटा छथि। हुनकर भीतर अहांक खून अछि। ओ जीवनक दू दशक अहांक छत्रछाया मे बितौलनि। हमर जकां मामूली कार्यकर्ता भला हुनका की गुमराह कए सकैत अछि? अशोक सिद्धार्थ कहलनि जे आकाश आनंद कें फेर जिम्मेदारी देब वा नहि देब, ई मायावतीक निर्णय अछि। एकरा हुनकर संन्यास सं जोड़ि कए मायावती हुनका जकां मामूली कार्यकर्ता कें हुनकर हैसियत सं बेसी महत्व दए रहल छथि। अशोक सिद्धार्थ ई सेहो बतौलनि जे पछिला किछु मास मे हुनकर आकाश आनंद सं मात्र एक-दू बेर भेट भेल छल, सेहो तखन जखन ओ पार्टी दिस सं देल गेल राज्यक जिम्मेदारीक सिलसिला मे भेटल छलाह। अशोक सिद्धार्थ अपन पत्र मे पार्टीक किछु नेतापर निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे बसपा मे हुनका भेटल सम्मान, राज्यसभा आ एमएलसीक पदक कारण किछु पार्टीक साथी हुनका सं ईर्ष्या करैत छथि।

**मायावती कहलनि- देरी भेल, मुदा सही कएलनि**

ओही लोक सभ हुनकर विरुद्ध ई साजिश रचि रहल छथि जे ओ पार्टी पर कब्जा करए चाहैत छथि। ओ आशा व्यक्त कएलनि जे ई हुनकर राजनीतिक विरोधीक सोचि-समझि कए रचल साजिश अछि, जेकर सच्चाइ एक ने एक दिन मायावतीक सामने जरूर आबि जायत। ओतहि अशोक सिद्धार्थक संन्यास कें मायावती सही फैसला बतौलनि। ओ एक्स पर लंबा पोस्ट करैत कहलनि, आइ अशोक सिद्धार्थक राजनीति सं संन्यासक घोषणा बहुत देरी सं लेल गेल, मुदा सही कदम अछि। लोकक कहब अछि जे जं ई फैसला ओ बहुत पहिने लए लेने रहितथि तं बसपा, बहुजन समाज, बहुजन आंदोलन आ हुनकर दामाद आकाश आनंद कें सेहो लगातार विपरीत परिस्थिति सं नहि गुजरए पड़ित। वास्तव मे बसपा प्रमुख मायावती सोशल मीडिया पर चारि बिंदुक एकटा कड़ा बयान जारी केने छलखिन।

मायावती अपन बयान मे कहलनि जे अशोक सिद्धार्थ पार्टीक मिशन सं बेसी अपन निजी राजनीतिक महत्वाकांक्षा कें प्राथमिकता देलनि। मायावतीक अनुसार, अशोक सिद्धार्थक एहि कार्यशैलीक नोकसान हुनका स्वयं आ आकाश आनंद दूनू कें उठाबए पड़ल। मायावती स्पष्ट शब्द मे शर्त रखने छलखिन जे जं अशोक सिद्धार्थ राजनीति सं पूरा तरहे किनारा कए लैत छथि आ संन्यास लए लैत छथि, तखने आकाश आनंद लेल खुलि कए काज करब संभव होयत। एकर बादए पार्टी आकाश आनंद कें फेर पैघ जिम्मेदारी देबाक विषय मे विचार करत। अशोक सिद्धार्थक राजनीति सं संन्यासक घोषणा बाद उत्तर प्रदेशक राजनीतिक गलियारा मे हलचल तेज भए गेल अछि। बसपाक कार्यकर्ता आ राजनीतिक विश्लेषकक नजरि आब पूरा तरहे पार्टी प्रमुख मायावती पर टिकि गेल अछि।

# पीएम मोदीक जन्मदिन सं 17 अक्टूबर धरि देशभरि मे होयत जनसेवाक कार्यक्रम



बचपन सं राजनीति कें सब सं पैघ मंच धरि पहुंचल नरेंद्र मोदीक यात्रा मे 25 वर्षक एक आरो पड़ाव जुड़य जा रहल अछि। चायबला छोटू नरेंद्र सं पीएम नरेंद्र मोदी धरि ई यात्रा भारतक इतिहास मे स्वर्णिम अक्षर मे लिखल जाएत। 7 अक्टूबर 2026 कें हुनका पहिल बेर गुजरातक मुख्यमंत्रीक जिम्मेदारी संभारने 25 वर्ष पूरा होयत। एहि खास अवसर कें बीजेपी मात्र उत्सवक रूप मे नहि, बल्कि सेवा

**कखन सं कखन धरि चलत अभियान?**

सं जोड़बाक निर्णय लेने अछि। 17 सितंबर कें पीएम मोदीक जन्मदिन सं शुरू होयबला सेवा संकल्प अभियान पूरा देश मे एक मास धरि चलत। एहि दौरान कतहु रक्तदान होयत, कतहु सफाइ अभियान चलत, तं कतहु लोक कें सरकारी योजनाक लाभ देबाक लेल शिविर लगाओल जायत। एहि कार्यक्रमसभक एकमात्र लक्ष्य जनसेवा बताओल जा रहल अछि। कहल जा रहल अछि जे आम जनता लेल ई सभ शिविर लगाओल जायत, जाहि मे जन-जन लाभ उठा सकत। विद्यालय सभ मे विकसित भारत विषय पर प्रतियोगिता होयत आ अलग-अलग स्थान पर मोदी सरकारक काज कें देखाबयबला कार्यक्रम सेहो आयोजित कएल जायत। अर्थात पीएम मोदीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवनक कथा कें बीजेपी सेवा आ जनभागीदारीक माध्यम सं लोकक बीच पहुंचाबय चाहैत अछि।

**सेवा संकल्प अभियान की अछि?**

बीजेपीक सेवा संकल्प अभियान पीएम मोदीक सार्वजनिक जीवनक 25 वर्ष पूरा भेलाक अवसर पर आयोजित एक मासक देशव्यापी अभियान अछि। एकर उद्देश्य मोदीक सेवा आ विकास सं जुड़ल काज कें लोक धरि पहुंचेबाक संग जनसेवाक कार्यक्रम कें बढ़ावा देब अछि। एहि कार्यक्रम मे रक्तदान शिविर, सफाइ अभियान, विद्यालय मे प्रतियोगिता आदि शामिल अछि।

ई अभियान 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर धरि चलत। 17 सितंबर पीएम मोदीक जन्मदिन अछि, जखनकि 7 अक्टूबर कें हुनकर सार्वजनिक पद पर 25 वर्ष पूरा होयत। 17 अक्टूबर कें पैघ कार्यक्रमक संग अभियानक समापन कएल जायत।

**देशभरि मे होयत सेवाक कार्यक्रम**

अभियानक अंतर्गत रक्तदान शिविर, सफाइ अभियान, प्रदर्शनी, सेमिनार आ सरकारी योजना सं जुड़ल जागरूकता गतिविधि होयत। प्रखंड स्तर पर सेवा सेतु शिविर लगाओल जायत, जतय लोक कें कल्याणकारी योजनाक लाभ लेबाक लेल सहायता देल जायत।

**विकसित भारत पर रहत जोर**

विद्यालय सभ मे विकसित भारत 2047 विषय पर चित्रकला आ भाषण प्रतियोगिता आयोजित होयत। नमो सेवाक अंतर्गत नुक्कड़ नाटक आ आंगनबाड़ी केंद्र सभ पर आंगन मिलन सेवा जकां कार्यक्रम सेहो राखल गेल अछि।

**50 बदलावबला स्थानक होयत यात्रा**

विकसित भारत संकल्प यात्राक अंतर्गत करीब 50 एहन स्थान चुनल जायत, जेकरा बीजेपी मोदी सरकारक कार्यकाल मे भेल बदलावक उदाहरण मानैत अछि। एहि मे गुजरातक गिफ्ट सिटी आ बस्तर जकां स्थान शामिल अछि। सोशल मीडिया क्रिएटर सभ कें सेहो एहि स्थान सभ पर लए जेबाक योजना अछि।

**17 अक्टूबर कें पैघ समापन**

अभियानक आखरी दिन जनसेवक महाकुंभ मे पंचायत सं संसद धरि करीब 1.25 लाख जनप्रतिनिधिक शामिल होयबाक योजना अछि। एहि दौरान सामूहिक रूप सं वंदे मातरम्क सभ छह कड़ी गेबाक कार्यक्रम प्रस्तावित अछि।

# की कांग्रेस मे शामिल हेताह रोहित पवार? भाजपा एमएलसीक दावापर राजनीतिक सरगर्मी तेज






महाराष्ट्रक राजनीति मे राजनीतिक गर्मी तेज अछि। एहि बीच जारी बयानबाजी कें मध्य भाजपा विधान परिषद सदस्य परिणय फुकेक पैघ दावा सामने आयल अछि। फुकेक कहब अछि जे एनसीपी (शरद पवार गुट)क विधायक रोहित पवार कांग्रेस पार्टी मे शामिल होयबाक विचार कए रहल छथि। एहि बयानक बाद राजनीतिक पारा चढ़ि गेल अछि आ रोहित पवार पलटवार करैत फुके पर भ्रष्टाचार नुकौने आ किसानक उपेक्षा करबाक गंभीर आरोप लगौलनि।

भाजपा एमएलसी परिणय फुके दावा केने छलाह जे रोहित पवारक एनसीपी (एसपी)क कार्यकारी अध्यक्ष सुप्रिया सुले सं संबंध नीक नहि चलि रहल अछि आ पार्टीक वरिष्ठ नेता सेहो हुनकर विरोध मे छथि। फुकेक अनुसार, एहि कारणे रोहित पवार कांग्रेसक वरिष्ठ नेता नाना पाटोले कें प्रसन्न करबाक लेल भंडारा-गोंदिया दौरा पर गेल छलाह आ ओ कांग्रेस मे जाएबाक मन बना रहल छथि। एहि दावापर भड़कैत कर्जत-जामखेड सं एनसीपी (एसपी) विधायक रोहित पवार भाजपा नेता कें आड़े हाथ लैत कहलनि जे ओ हुनकर चिंता छोड़ि किसानक मुद्दा पर ध्यान दिअथि। पवार कहलनि जे पारिवारिक वा राजनीतिक अटकलबाजी करबाक बदला सरकार अहांक अछि, तें जनता सं जुड़ल वास्तविक मुद्दा पर बात करू। पवार आरोप लगौलनि जे फुके मुख्यमंत्रीक नजदीक होयबाक लाभ उठा कए विरोधी पर कारबाइ करवाबैत छथि आ अपन पार्टीक लोक कें बचबैत छथि।

ओ मांग कएलनि जे छत्तीसगढ़क तर्ज पर महाराष्ट्र मे सेहो धानक खरीद 3500 रुपैया प्रति क्विंटल कएल जेबाक चाही आ किसान कें वादा कएल बोनस आ कर्जमाफीक लाभ भेटबाक चाही। एतबे नहि, गोंदिया जिलाक देवरी तहसील मे रोजगार गारंटी योजना (ईजीएस) मे भारी गड़बड़ीक आरोप लगबैत पवार कहलनि जे कागज पर 12 करोड़ रुपैया निकालेबाक मामिला सामने आयल अछि। जांच भेलापर ई घोटाला 1,000 करोड़ रुपैया धरि पहुंचि सकैत अछि। ओ आरोप लगौलनि जे योजनाक सामान एक स्थानीय भाजपा पदाधिकारीक दोकान सं खरीदल गेल अछि।

# यूपी 2027 चुनाव लेल बीजेपीक माइक्रोमैनेजमेंट प्रत्येक बूथ पर तैनात होयत 50 सं 60 नव वालंटियर




भाजपा 2027क विधानसभा चुनाव लेल नव रणनीति अपना रहल अछि। एकर अंतर्गत पार्टीक पांच मोर्चा प्रत्येक बूथ पर 10-10 वालंटियर नियुक्त करत। बूथ पर जकरा जातिक संख्या बेसी होयत, ओहि जातिक वालंटियर राखल जायत। महिला मोर्चा सेहो प्रत्येक बूथ पर 10-10 कार्यकर्ता तैनात करत। बाद मे विशेष समितिक निगरानी मे मोर्चाक दिस सं सम्मेलन आयोजित कएल जायत, जाहि मे प्रदेश आ केंद्रीय टीमक वरिष्ठ पदाधिकारी उपस्थित रहताह।

भाजपाक 98 संगठनात्मक जिलाक 1918 मंडल मे 1.77 लाख बूथ मानल गेल अछि। 2027क विधानसभा चुनाव कें देखैत भाजपा माइक्रोमैनेजमेंट पर जोर दए रहल अछि। किछु दिन पहिने एकहि संग सभ बूथ पर बैठक भेल छल। बूथ समितिक दू स्तर पर सत्यापन सेहो कएल गेल। पार्टीक संरचना अनुसार एकटा बूथ मे अध्यक्ष सहित 11 सं 20 सदस्यक टीम होइत अछि। एहि बेर बूथ अध्यक्ष सं हुनका क्षेत्रक जातीय गणित सेहो मांगल गेल अछि। भाजपाक प्रदेश इकाई सभ मोर्चा कें प्रत्येक बूथ पर ओहि क्षेत्र मे प्रभाव राखनिहार जातिक वालंटियर बनाबय लेल कहलनि अछि। प्रत्येक बूथ पर 50-60 वालंटियर बनाओल जायत, जे पार्टीक नीति कें अपन-अपन वर्गक बीच पहुंचाओत।

चुनाव सं पहिने ई वालंटियर अपन क्षेत्रक सर्वे रिपोर्ट पार्टी कें उपलब्ध कराओत। पार्टी बूथक रिपोर्टक अध्ययन कए विधानसभा क्षेत्र मे नव उम्मीदवार कें अवसर दए सकैत अछि। पार्टीक विशेष फोकस ओबीसी आ अनुसूचित मोर्चा पर रहत, जकर वोटक संख्या सब सं बेसी अछि। सवर्ण कें अपन पक्ष मे करबाक लेल प्रबुद्ध सम्मेलन आयोजित कएल जायत। किछु दिन पहिने लखनऊ पहुंचल राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन आ राष्ट्रीय महामंत्री संगठन बीएल संतोष सेहो बूथ मैनेजमेंट पर पार्टी कार्यकर्ता कें दिशा-निर्देश देलनि।

# अखिलेश यादव सं भेंट केलनि लोकदल अध्यक्ष सुनील सिंह, चुनावी रणनीति पर मंथन



उत्तर प्रदेश मे 2027क विधानसभा चुनाव कें लए राजनीतिक सरगर्मी तेज होइत देखाइ पड़ि रहल अछि। एहि क्रम मे लोकदल राष्ट्रीय अध्यक्ष चौधरी सुनील सिंह बुध दिन समाजवादी पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव सं लोहिया ट्रस्ट मे भेट कएलनि। दूनू नेता कें बीच आगामी विधानसभा चुनाव कें लए महत्वपूर्ण राजनीतिक चर्चा भेल। एहि भेट कें प्रदेशक आगामी राजनीतिक दिशा आ संभावित राजनीतिक समीकरणक दृष्टि सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

भेंटक बाद चौधरी सुनील सिंह बातचीत क सकारात्मक बाताबौता कहलनि जे 2027क विधानसभा चुनाव कें लए दूनू पक्षक बीच सार्थक चर्चा भेल अछि। ओ कहलनि जे ई भेट मात्र औपचारिक राजनीतिक भेट नहि छल, बल्कि बहुत आत्मीय आ पारिवारिक माहौल मे भेल। सुनील सिंहक अनुसार, आबि रहल विधानसभा चुनाव कें लए विभिन्न मुद्दा पर संवादक प्रक्रिया आगू सेहो जारी रहत आ समयक संग राजनीतिक तस्वीर आरो स्पष्ट होयत।

**यूपी चुनाव 2027क राजनीतिक तैयारी तेज**

**किसान आ युवाक मुद्दा कें बतौलनि महत्वपूर्ण**

लोकदल अध्यक्ष कहलनि जे उत्तर प्रदेशक राजनीति मे किसान, युवा, मजदूर आ आम जनता सं जुड़ल मुद्दा बहुत महत्वपूर्ण अछि। ओ कहलनि जे प्रदेशक जनता सं जुड़ल सवाल कें केंद्र मे राखि कए भविष्यक राजनीतिक दिशा तय कएल जेबाक चाही। हुनकर अनुसार, 2027 मे उत्तर प्रदेशक राजनीति कें नव दिशा देबाक लेल समान विचारधारा रखनिहार लोक आ राजनीतिक दलक बीच संवाद आ समन्वय जरूरी अछि।

**जनता बदलाव चाहैत अछि**

चौधरी सुनील सिंह कहलनि जे आइक भेट कें सकारात्मक नजरिया सं देखल जेबाक चाही। ओ संकेत देलनि जे 2027क विधानसभा चुनाव कें लए आगू बातचीतक सिलसिला जारी रहत। लोकदल अध्यक्षक अनुसार, प्रदेशक जनता बदलाव चाहैत अछि आ आगामी राजनीतिक रणनीति किसान, युवा आ आम लोकक हित कें केंद्र मे राखि कए तैयार कएल जायत। ओ कहलनि जे जनताक मुद्दा कें प्राथमिकता दैत समान विचारधारा बला दल आ नेताक बीच व्यापक संवाद आगूक समय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि।

# बाढ़ि पीड़ितक बीच पहुंचला केंद्रीय कृषि राज्यमंत्री, राहति व्यवस्थाक लेलनि जायजा

## सामुदायिक रसोइघर मे भोजनक गुणवत्ता परखलनि

विद्यापतिनगर/समस्तीपुर, समदिया

विद्यापतिनगर प्रखंड क्षेत्र मे गंगा आ बाया नदीक जलस्तर बढ़ला सं उत्पन्न बाढ़िक विकट स्थिति बीच बृहस्पतिदिन केंद्रीय कृषि एवं किसान कल्याण राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक दौराकेलनि। ओ शेरपुर ढेपुरा आ मऊ धनेशपुर दक्षिण पंचायतक विभिन्न क्षेत्र मे पहुंचि बाढ़िक स्थिति तथा प्रशासन द्वारा चलाओल जा रहल राहति कार्यक स्थलीय जायजा लेलनि। एहि क्रम मे चिनगिया बांध परशरण लेने विस्थापित परिवार सभ सं भेंट कए हुनकर समस्या सुनलनि। बाढ़ि पीड़ित सभ मंत्री कें बतौलनि जे घर सभ मे पानि घुसि गेलाक कारण हुनका सभ कें सुरक्षित स्थान आ बांध पर शरण लेबय पड़ल अछि। लोक सभ भोजन, पेयजल, पशुचारा, प्रकाश व्यवस्था आ अन्यआवश्यक सुविधा



सं जुड़ल कठिनाइक जानकारी देलनि। मंत्री प्रभावित परिवार सभ कें हरसंभव सहायता देबाक भरोसा देलनि आ पदाधिकारी सभ सं राहति व्यवस्थाक जानकारी लेलनि। क्षेत्र भ्रमणक दौरान केंद्रीय राज्यमंत्री सह राज्यसभा सांसद सामुदायिक रसोइघरक निरीक्षण सेहो केलनि। ओतय तैयार भए रहल भोजन, भोजनक गुणवत्ता आ पीड़ितसभक बीच ओकर वितरण व्यवस्थाक जानकारी लेलनि। एहि अवसर पर उपस्थित पदाधिकारी सभ

**» चिनगिया बांध पर विस्थापित परिवार सं सुनलनि समस्या**

कें निर्देश देलनि जे बाढ़िक कारण घर सं बाहर रहय लेल विवश लोक सभ कें समय पर पर्याप्त आ गुणवत्तापूर्ण भोजन उपलब्ध कराओल जाय। राहति कार्य मे कोनोप्रकारक लापरवाही नहि होबाक चाही।ओ कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित परिवार सभ धरि राहति पहुंचेनाइ राज्य सरकार आ प्रशासनक प्राथमिकताअछि। प्रभावित लोक सभ लेल स्वच्छ पेयजल, प्रकाश आ चिकित्सा सुविधाक संग आवश्यक सामग्रीकउपलब्धता सुनिश्चित कयल जाय। ओ विशेष रूप सं मवेशी सभ लेल पर्याप्त चारा उपलब्ध करयबाक परजोर देलनि। राज्यमंत्री कहलनि जे बाढ़िक कारण जिनका परिवार कें अपन घर छोड़ि बांध अथवा अन्य ऊंच स्थान पर रहय पड़ि रहल अछि, हुनकर आवश्यकतापर प्रशासन कें निरंतर नजरि रखबाक आवश्यकता अछि। राहति कार्य मात्र भोजन उपलब्ध करय धरि सीमित नहि रहय, बल्कि प्रभावित परिवारआ हुनकर पशुधनक आवश्यकता कें ध्यान मे रखैत समुचित व्यवस्था कयल जाय। मौक़ा पर अनुमंडलाधिकारी किशन कुमार, बीडीओ महताब अंसारी, राजस्व अधिकारी अरुण कुमार शर्मा, प्रदेश जदयू महासचिव धीरेंद्र कुमार सिंह, जदयू प्रखंड अध्यक्ष रंजीत कुमार सिंह, मुखिया राम प्रवेश राय, अमरनाथ सिंह मुन्ना सहित स्थानीय जनप्रतिनिधि आ प्रशासनिक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# लोक अदालत सं पहिने 50 प्रतिशत चालान जमा कयला सं न्यायालय अयबाक काज नहि

## परिवहनक लंबित मामिलाक होयत निपटारा

समस्तीपुर, समदिया

12 सितंबर कें आयोजित होबयवला राष्ट्रीय लोक अदालत मे परिवहन विभागक लंबित चालानक निपटारा लेल जिला प्रशासन जागरूकता अभियान शुरू केलक अछि। समाहरणालय परिसर सं जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा जागरूकता वाहन कें हरियर झंडी देखाओल कए रवाना केलनि। ई वाहन जिलाक विभिन्न क्षेत्र मे घूमि-घूमि कए वाहन चालक आ वाहन स्वामी सभ कें लोक अदालत तथा चालान भुगतानक विशेष सुविधाक संबंध मे जानकारी देत। जिला प्रशासनक अनुसार वाहन स्वामी 7 सितंबर सं 11 सितंबर धरि जिला परिवहन कार्यालय, समस्तीपुर मे पहुंचि अपन लंबित चालानक मात्र 50 प्रतिशत राशि जमा कए सकैत छथि। एहि अवधि मे राशि जमा करयवला वाहन स्वामी कें 12



सितंबर कें आयोजित होबयवला राष्ट्रीय लोक अदालत मे उपस्थित होयबाक आवश्यकता नहि रहत। राष्ट्रीय लोक अदालत 12 सितंबर केंप्रातः 10 बजे सं सांझ 4 बजे धरि सदर अनुमंडल कार्यालय परिसर मे आयोजित कयल जायत। एहिदौरान परिवहन विभाग सं संबंधित लंबित चालानक निपटारा कयल जायत। जिलाधिकारी आ जिलापरिवहन पदाधिकारी सभ वाहन चालक सं अपील केलनि जे एहि विशेष छूटक लाभ उठबैत समय परअपन लंबित चालानक निपटारा करा ली। एहि

**» 12 सितंबर कें सदर अनुमंडल मे लागत राष्ट्रीय लोक अदालत**

अवसर पर उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह, अपर समाहर्ता ब्रजेश कुमार, जिला परिवहन पदाधिकारी प्रवीण कुमार, अपर जिला परिवहन पदाधिकारी सौरभकुमार सहित प्रशासन आ परिवहन विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# सिंघिया मे बीएलओक बैसार, प्रपत्र 6, 7 आ 8क निष्पादनक निर्देश

रोसड़ा, समदिया

सिंघिया प्रखंड मुख्यालय स्थित पंचायत समिति भवनक सभागार मे बृहस्पतिदिन 139 रोसड़ा आ 140 हसनपुर विधानसभा क्षेत्रक सभ बूथ स्तरीय पदाधिकारी (बीएलओ) क बैसार आयोजित भेल। बैठकक अध्यक्षता बीडीओ विवेक रंजन केलनि। एहि अवसर पर रोसड़ाक अवर निर्वाचन पदाधिकारी राजेश कुमार सेहो उपस्थित छलाह। बैसार मे मतदाता सूचीक अद्यतन आ निर्वाचन सं जुड़ल कार्यक समीक्षा करैत बीएलओ कें निर्धारित प्रक्रिया आ समय-सीमाक भीतर सभ कार्य पूरा करबाक निर्देश देल गेल। एहि दौरान विशेष रूप सं प्रपत्र 6, 7 आ 8क निष्पादन पर विस्तार सं चर्चा भेल। बीएलओ कें बताओल गेल जेमतदाता सूची कें त्रुटिरहित आ अद्यतन रखबाक लेल प्राप्त आवेदनक नियमानुसार सत्यापन कय समय पर निष्पादन आवश्यक अछि। प्रपत्र 6क माध्यम सं नव



मतदाताक नाम मतदाता सूची मे जोड़ल जाइत अछि, प्रपत्र 7सं नाम हटेबाक प्रक्रिया होइत अछि, जखन कि प्रपत्र 8क माध्यम सं मतदाता सूची मे दर्ज विवरण मे आवश्यक संशोधन कयल जाइत अछि। अवर निर्वाचन पदाधिकारी राजेश कुमार कहलनि जे निर्वाचन कार्य मे बीएलओक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। सभ बीएलओ अपन-अपन मतदान केंद्र क्षेत्र मे मतदाता सूची सं संबंधित आवेदनक गंभीरतापूर्वक जांच करथि आ निर्धारित नियमक अनुसार ओकर निष्पादन सुनिश्चित करथि। कोनो आवेदन कें अनावश्यक रूप सं लंबित नहि रखबाक निर्देश सेहो देल गेल। बीडीओ विवेक रंजन कहलनि जे मतदाता सूची लोकतांत्रिक व्यवस्थाक महत्वपूर्ण आधार अछि। योग्य मतदाताक नाम जोड़बाक संग मृत, स्थानांतरित अथवा अन्य कारण सं अपात्र भेल व्यक्तिक नाम नियमानुसार हटेनाइ आ विवरण मे त्रुटि रहला पर ओकर सुधार करेनाइ आवश्यक अछि। ओ बीएलओ कें मतदाता सभ कें निर्वाचन प्रक्रिया संबंधी जानकारी देबाक आ आवश्यक सहयोग करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे निर्वाचन कार्य निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करबाक पर विशेष जोर देल गेल। बीएलओकसमस्या आ आवश्यकताक संबंध मे सेहो चर्चा भेल। अधिकारी सभ आपसी समन्वय सं निर्वाचन कार्य सुचारू रूप सं संपन्न करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे मनोज साफी, मोहन बैठा, संजय पासवान, नरेश झा, धर्मेंद्र पासवान, सुमित सिंह, राकेश कुमार सिंह, रघुनाथ चौपाल, अनिल कुमार मंडल सहित पैघ संख्या मे बीएलओ शिक्षक उपस्थित छलाह।

# कुशेश्वरस्थान धरि रेल परियोजना पूरा करबाक मांग, हरनगर स्टेशन पर धरना

कुशेश्वरस्थान, समदिया

सकरी-हसनपुर रेल परियोजना कें पुरान मार्ग सं कुशेश्वरस्थान धरि पूरा करबाक मांग कें लए कए बृहस्पतिदिन हरनगर स्टेशन परिसर मे कुशेश्वरस्थानधाम रेल परियोजना निर्माण संघर्ष समितिक बैनर तर एक दिवसीय धरना-प्रदर्शन कयल गेल। सामाजिक कार्यकर्ता मधुकांत झा मिंटूक अध्यक्षता मे आयोजित धरना मे विभिन्न राजनीतिक दल आ सामाजिक संगठन सं जुड़ल लोक सभ भाग लेलनि। धरना कें संबोधित करैत सामाजिक कार्यकर्ता शंकर कुमार झा कहलनि जे हरनगर सं कुशेश्वरस्थान धरि पुरान रेल मार्ग कें छोड़ि नव मार्ग बनयबाक प्रक्रिया शुरू करब किसानक



संग-संग सरकारी खजानापर सेहो अतिरिक्त भार देत। हुनकर कहब छल जे पुरान मार्ग पर परियोजनाक पैघ हिस्सा पहिनहि तैयार भए चुकल अछि। करीब 3 किलोमीटर क्षेत्र मे 90 प्रतिशत माटि कार्यक संग पुल-पुलियाक निर्माण कार्य सेहो पूरा भए चुकल अछि।वक्ता सभ आरोप लगौलनि जे एहि सभक बावजूद रेलवे विभाग करीब 12 किलोमीटर लंबा नव मार्ग लेल भूमि अधिग्रहण आ डीपीआरक प्रक्रिया आगू बढ़ा रहल अछि। एहि सं किसानक हजारो एकड़ जमीन फेर अधिग्रहित होबाक स्थिति उत्पन्न होयत तथा पैघ संख्या मे परिवारक सामने जीविकाक संकट ठाढ़ भए सकैत अछि। संघर्ष समितिक सदस्य सभ कहलनि जे जं पुरान मार्ग कें स्वीकृति दए निर्माण कार्य आगू बढ़ाओल जाय तं बांकी कार्य करीब 6 महिना मे पूरा कए हसनपुर धरि रेल परिचालन शुरू कयल जा सकैत अछि। एहि सं समय आ सरकारी राशिक दुनूक बचत होयत। वक्ता सभ कहलनि जे कुशेश्वरस्थान कें रेल सं जोड़ब कोनो एकटा राजनीतिक दलक नहि, बल्कि संपूर्ण क्षेत्रक वर्षो पुरान मांग अछि। पूर्वरेलमंत्री स्वर्गीय ललित नारायण मिश्र आ पूर्व केंद्रीय मंत्री रामविलास पासवानक बाबा कुशेश्वरनाथ धाम कें रेल जंक्शनक रूप मे विकसित करबाक सपना पूरा करबाक लेल सर्वदलीय संघर्ष जारी रहत। समितिक दिस सं स्पष्ट कयल गेल जे पुरान मार्ग सं रेल लाइन निर्माणक मांग पूरा नहि होय धरि आंदोलन जारी राखल जायत।

# केंद्रीय विद्यालय लेल भूमि चिन्हित करबाक लेल डीएम केलनि स्थल निरीक्षण

## माधोपुर, नवादा आ डाक बंगला स्थित स्थल सभक लेलनि जायजा

बेनीपुर, समदिया

बेनीपुर प्रखंड मे केंद्रीय विद्यालयक निर्माण लेल उपयुक्त भूमि चिन्हित करबाक उद्देश्य सं जिलाधिकारी कौशल कुमार बृहस्पतिदिन विभिन्न स्थल सभक निरीक्षण केलनि। जिलाधिकारी प्रखंड अंतर्गत माधोपुर, नवादा आ डाक बंगला स्थित प्रस्तावित स्थल सभक बारी-बारी सं जायजा लेलनि। निरीक्षणक दौरानजिलाधिकारी उपलब्ध भूमि, स्थल केर वर्तमान स्थिति, पहुंच मार्ग, भौगोलिक स्थिति आ अन्य आवश्यकसुविधाक संबंध मे विस्तृत जानकारी लेलनि। एहि क्रम मे ओ संबंधित पदाधिकारी सभ सं प्रस्तावितस्थल सभक भूमि अभिलेख, उपलब्ध रकबा, भूमि केर प्रकृति, स्वामित्वक स्थिति सहित अन्य आवश्यकबिंदु पर जानकारी प्राप्त केलनि। जिलाधिकारी केंद्रीय



विद्यालयक स्थापना लेल निर्धारित मापदंड आआवश्यकताक अनुरूप सभ स्थल केर उपयुक्तताक सेहो जायजा लेलनि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें भूमि संबंधी आवश्यक जानकारी आ अभिलेखक समुचित जांच करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं विद्यालय निर्माण लेल उपयुक्त स्थल केर चयन प्रक्रिया आगू बढ़ाओल जा सकय। स्थल निरीक्षणक दौरान सहायक समाहर्ता सुश्री कल्पना रावत, बेनीपुरक अनुमंडल पदाधिकारी, भूमि सुधार उप समाहर्ता (डीसीएलआर), अंचलाधिकारी सहित संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# केवटी मे सड़क आ नाला निर्माणक बाट साफ, करोड़ोक योजनाक निविदा प्रक्रिया मे

## विधायक डॉ. मुरारी मोहन झाक प्रयास सं वर्षो सं लंबित सड़क कें भेटल गति

केवटी, समदिया

केवटी विधानसभा क्षेत्र मे सड़क आ जलनिकासीक समस्या दूर करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल भेल अछि। स्थानीय विधायक डॉ. मुरारी मोहन झाक प्रयास सं वर्षो सं लंबित सड़क सुदृढ़ीकरण आ नालानिर्माणक योजना सभ कें गति भेटल अछि। पथ निर्माण विभाग, दरभंगा प्रमंडलक अधीनओपीआरएमसीक तृतीय चरण मे केवटी आ सिंहवाड़ा क्षेत्रक प्रमुख सड़कसभक कालीकरण तथा जलजमावसं निजात लेल नाला निर्माणक निविदा प्रक्रिया चलि रहल अछि। योजनाक विशेषता ई अछि जे सड़क निर्माणक संग आगू सात बरख धरि ओकर संधारणक व्यवस्था सेहो रहत। एहि सं सड़कक गुणवत्ता कें कायम रखबा मे सहायता भेटत आ ग्रामीण सभ कें दीर्घकाल धरि नीक आवागमनक सुविधा उपलब्ध भएसकत।



योजनाक अंतर्गत करजापट्टी (एसएच-75) मे 9 किलोमीटर सड़कक 5 करोड़ टाकाक लागत संकालीकरण तथा 1.8 किलोमीटर नालाक 1.70 करोड़ टाकाक लागत सं निर्माण कयल जायत। सिमरी- तारलाही सड़क पर 300 मीटर नाला निर्माण लेल 45 लाख टाका तथा 6.5 किलोमीटर सड़कक कालीकरण लेल 2.60 करोड़ टाका खर्च कयल जायत। ओहिना हाजीपुर-छतवन मार्गक 7 किलोमीटर हिस्साक 2 करोड़ टाकाक लागत सं सुदृढ़ीकरण कयल जायत। खिरमा जलवारा-असराहा मार्गक 6 किलोमीटर हिस्साक लेल 1.71 करोड़ टाका स्वीकृत अछि। रैयाम-रनवे मार्ग पर 6.5 किलोमीटर सड़ककालीकरण पर 1.50 करोड़ टाका तथा 800 मीटर नाला निर्माण पर 60 लाख टाका खर्च होयत। एहियोजनासभक माध्यम सं क्षेत्रक जर्जर सड़कक संग वर्षो पुरान जलजमावक समस्याक समाधानक आशाबनल अछि। विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा कहलनि जे केवटी विधानसभा क्षेत्रक सर्वांगीण विकास हुनकर प्राथमिकता अछि। जनता सं कयल गेल सभ वादा कें पूरा करबाक लेल निरंतर प्रयास कयल जा रहल अछि।

# जिला निर्वाचन पदाधिकारी केलनि ईवीएम वेयर हाउसक निरीक्षण



दरभंगा, समदिया

भारत निर्वाचन आयोगक निर्देशानुसार ईवीएम आ वीवीपैटक वेयर हाउसब त्रैमासिक निरीक्षण जिला निर्वाचन पदाधिकारी-सह-जिला दंडाधिकारी कौशल कुमार द्वारा मान्यताप्राप्त राजनीतिक दलसभकप्रतिनिधिक उपस्थिति मे कयल गेल। एहि क्रम मे दरभंगा समाहरणालय परिसर स्थित ईवीएम-वीवीपैट वेयर हाउस मे राखल ईवीएम तथा वेयर हाउस्क आंतरिक व्यवस्थाक निरीक्षण कयल गेल। तकर बाद जिला निर्वाचन पदाधिकारी बहादुरपुर प्रखंड मुख्यालय परिसर स्थित ईवीएम आ वीवीपैट वेयर हाउस मे सेहो पहुंचि आंतरिक गोदामक स्थिति तथा राखल ईवीएमक अवलोकन केलनि। निरीक्षणक दौरान वेयर हाउस मे ईवीएम आ वीवीपैटक सुरक्षित भंडारणक व्यवस्थाक जायजा लेल गेल। एहि अवसर पर सहायकसमाहर्ता कल्पना रावत, नगर पुलिस अधीक्षक अशोक कुमार चौधरी आ उप निर्वाचन पदाधिकारी सुरेश कुमार उपस्थित छलाह।मान्यता प्राप्त राजनीतिक दलसभक दिस सं देवेंद्र कुमार झा, राहुल कुमार कर्ण, विनय पासवान, बसंतकुमार झा, सत्यनारायण पासवान, जवाहर लाल शर्मा, रामकिशोर पांडे सहित अन्य प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

# बहानाबाजी नहि चलत, पूरा क्षमता सं समय सीमा मे पूरा करू कार्य : जिलाधिकारी

**» स्ट्रॉम वॉटर ड्रेनेजक कार्य मे तेजी आनबाक जिलाधिकारीक निर्देश**

सीतामढ़ी, समदिया

जिला मे सात निश्चय 2 योजनाक अंतर्गत कराओल जा रहल स्ट्रॉम वॉटर ड्रेनेज कार्यक प्रगतिक समीक्षा जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे विमर्श सभा कक्ष मे भेल। बैसार मे योजनाक विभिन्न चरण मे चलि रहल कार्य, कार्यक गति आ एखन धरि भेल प्रगतिक विस्तार सं समीक्षा कयल गेल। कार्यक धीमा गति आ भए रहल विलंब पर जिलाधिकारी संबंधित कार्यकारी एजेंसीक प्रतिनिधि सभ कें कड़ी फटकार लगबैत कार्य मे तत्काल तेजी आनबाक निर्देश देलनि। ओ बुडकोक पदाधिकारी सभ कें निर्माण कार्यक नियमित निगरानी करैत निर्धारित समय-सीमाक भीतर कार्य पूरा कराबय लेल कहलनि। जिलाधिकारी बुडकोक कार्यपालक अभियंता कें निर्देश देलनि जे कार्यकारी एजेंसी सं कार्यक धीमी प्रगतिक संबंध मे स्पष्टीकरण प्राप्त करथि। ओ स्पष्ट कहलनि जे एक-दोसर पर जिम्मेदारी देबाक बदला सभ संबंधित एजेंसी आपसी समन्वय आ पूरा प्रतिबद्धताक संग कार्य करय। जनहित सं जुड़ल एहि महत्वपूर्ण योजना मे कोनो स्तर पर अनावश्यक विलंब स्वीकार नहि कयल जाएत।जिलाधिकारी योजनाक नोडल पदाधिकारी वरीय उपसमाहर्ता मोहम्मद इस्लाम आ डीआरडीए निदेशक राजेश भूषण कें स्ट्रॉम वॉटर ड्रेनेज योजनाक प्रगतिक दैनिक प्रतिवेदन जिलाधिकारी कें उपलब्ध करेनाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। संगहि संबंधित एजेंसी कें प्रत्येक 10 दिनक लेल स्पष्ट आ व्यावहारिककार्ययोजना प्रस्तुत करबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे कार्यक प्रगति मे कोनो प्रकारक बहानेबाजी अथवा अनावश्यक विलंब स्वीकार नहि कयल जाएत। निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप निर्माण कार्यमे तेजी आनबाक संग गुणवत्ता आ तकनीकी मापदंडक पूरा ध्यान रखबाक निर्देश सेहो देलनि। जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनि जे स्ट्रॉम वॉटर ड्रेनेज योजना शहर मे जलजमावक समस्याक स्थायी समाधानक दिशा मे महत्वपूर्ण योजना अछि। निर्माण कार्य मे कोनो स्तर पर अनावश्यक विलंब स्वीकार नहि कयल जाएत। संबंधित एजेंसी पूरा क्षमताक संग कार्य मे तेजी आनय आ गुणवत्तापूर्ण निर्माण सुनिश्चित करय। ओ कहलनि जे योजनाक प्रगतिक नियमित समीक्षा कयल जाएत आ जनहित सं जुड़ल एहि महत्वपूर्णपरियोजना कें निर्धारित समय-सीमा मे पूरा कराबय लेल आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित कयल जाएत।बताबी जे सीतामढ़ी जिला मे सात निश्चय–2 योजनाक अंतर्गत लगभग 104 करोड़ टाकाक लागत संबुडको द्वारा स्ट्रॉम वॉटर ड्रेनेजक कार्य कराओल जा रहल अछि। योजना पूरा भेलाक बाद शहरक विभिन्नभाग मे जलजमावक समस्या सं बहुत हद धरि निजात भेटबाक उम्मीद अछि। एहि योजना सं मेहसौल चौक, कारगिल चौक, गौशाला चौक, साहू चौक सहित शहरक विभिन्न क्षेत्रक पैघ संख्या मे लोक कें लाभ भेटत।बैसार मे डीडीसी शश्वेता भारती, सदर एसडीओ, नोडल पदाधिकारी, डीपीआरओ कमल सिंह सहित बुडको आ विभिन्न संबंधित विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# करेह नदी मे भेटल शव, डूबल युवकक भेल पहिचान

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया

शिवाजीनगर थाना क्षेत्रक घिवाही-शंकरपुरक बीच करेह नदीक कात निर्माणाधीन पुल सं करीब 100 मीटर दक्षिण बृहस्पतिदिन एकटा अज्ञात शव भेटला सं क्षेत्र मे सनसनी पसरि गेल। सूचना भेटिते शिवाजीनगर थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शवक पहचान आ घटनाक सत्यापन लेल आवश्यक कारबाइ शुरू केलक। ग्रामीण आ घटनास्थल पर पहुंचल परिजन सं पूछताछक बाद शवक पहचान दरभंगा जिलाक अशोक पेपर मिल थाना क्षेत्रक मनोथा गाम निवासी योगेश्वर मुखियाक पुत्र बिनोद मुखिया उर्फ बौका मुखियाक रूप मे भेल। परिजन पुलिस कें देल लिखित आवेदन मे बतौलनि जे बिनोद मुखिया गत 8 सितंबर कें अपन गाम मे जन्माष्टमीक अवसर पर प्रतिमा विसर्जनक दौरान नदी मे डूबि गेल छलाह। घटनाक बाद सं परिवारक लोक हुनकर खोजबीन मे लागल छलाह। एहि संबंध मे अशोक पेपर मिल थाना मे सेहो आवेदन देल गेल छल। घटना जानकारी भेटलाक बाद संबंधित थाना पुलिस आ एसडीआरएफक टीम करेह नदी मे बहुत खोजबीन केलक, मुदा ओहि समय युवकक शव बरामद नहि भए सकल छल। बृहस्पतिदिन



शिवाजीनगर थाना क्षेत्र मे करेह नदीक कात शव भेटबाक सूचना पर शिवाजीनगर पुलिस मामिलाक गंभीरता देखैत अशोक पेपर मिल थाना पुलिस कें जानकारी देलक। तकर बाद संबंधित थानापुलिस आ एसडीआरएफक कर्मी घटनास्थल पर पहुंचल। ग्रामीण आ परिजन सं भेटल जानकारी तथा संबंधित थाना द्वारा कराओल सत्यापनक बाद स्पष्ट भेल जे बरामद शव ओहि युवकक अछि, जे 8 सितंबर कें जन्माष्टमीक प्रतिमा विसर्जनक दौरान मनोथा गाम मे नदी मे डूबि गेल छल। पुलिसक अनुसार मामिला दरभंगा जिलाक अशोक पेपर मिल थाना क्षेत्र सं संबंधित होबाक कारण शव कें संबंधित थाना पुलिस आ एसडीआरएफ टीम कें वैधानिक कारबाइ लेल सुपुर्द कय देल गेल। पोस्टमार्टम सहित आगूक कागजी प्रक्रिया अशोक पेपर मिल थाना पुलिस द्वारा पूरा कयल जायत। शिवाजीनगर थाना स्तर पर घटनाक सूचना सत्यापन, परिजन सं लिखित आवेदन लेब आ शव कें संबंधित थाना पुलिसक सुपुर्दकरबाक कारबाइ कयल गेल। शव भेटबाक खबरि पसरिते मृतकक परिजन मे शोकक स्थिति बनल रहल। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार कहलनि जे करेह नदी मे एकटा अज्ञात शव भेटबाक सूचना प्राप्त भेल छल। सूचना भेटलाक बाद पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि मामिलाक सत्यापन केलक। सत्यापनक दौरान पता चलल जे किछु दिन पूर्व एक व्यक्ति नदी मे डूबि गेल छल आ हुनकर खोजबीन चलि रहल छल। शव कें संबंधित थाना पुलिस आ एसडीआरएफ टीम कें सुपुर्द कय देल गेल अछि। परिजन सं लिखित आवेदनसेहो लेल गेल अछि। आगूक वैधानिक कारबाइ संबंधित थाना पुलिस द्वारा कयल जायत।

# समस्तीपुर मे 4.48 लाख पेंशनधारी कें 52.55 करोड़ टाकाक भुगतान

## मुख्यमंत्री डीबीटी सं केलनि राशि ट्रांसफर

समस्तीपुर, समदिया



बिहार सरकार द्वारा सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक अंतर्गत राज्यभरक लाभुक सभ कें पेंशनक राशि वितरित कयल गेल। एहि क्रम मे समस्तीपुर जिलाक 4 लाख 48 हजार 291 पेंशनधारीक खाता मे कुल 52 करोड़ 55 लाख 40 हजार 900 टाका डीबीटीक माध्यम सं पठाओल गेल अछि। लाभुक सभ कें प्रतिमाह 1100 टाकाक दर सं पेंशनक संग बकाया राशि सेहो देल गेल अछि। मुख्यमंत्री द्वारा कयल गेलराशि ट्रांसफर कार्यक्रमक सीधा प्रसारण समस्तीपुर जिला स्तर पर वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं देखल गेल। जिला मे योजनावार लाभुकक संख्या एहि प्रकार अछि— इंदिरा गांधी राष्ट्रीय वृद्धावस्था पेंशन योजनाक 83,268, मुख्यमंत्री वृद्धजन पेंशन योजनाक 2,24,676, बिहार निःशक्तता पेंशन योजनाक 69,249, लक्ष्मीबाई सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक 41,249, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय विधवा पेंशन योजनाक26,654 तथा इंदिरा गांधी राष्ट्रीय निःशक्तता पेंशन योजनाक 3,195 लाभुक छथि। एहि अवसर परजिलाधिकारी सभ पेंशनधारी सं अपील केलनि जे अपन जीवन प्रमाणीकरण आ आधार सीडिंग समय परअवश्य करा ली, जाहि सं पेंशनक भुगतान मे कोनो प्रकारक बाधा नहि आबय। कार्यक्रम मे जिला प्रोग्रामपदाधिकारी, आईसीडीएस, सहायक निदेशक, दिव्यांगजन सशक्तीकरण कोषांग तथा सहायक निदेशक, सामाजिक सुरक्षा कोषांग सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# सभ लंबित मामिलाक शीघ्र करथि निष्पादन : एसपी

जामताड़ा, समदिया



पुलिस अधीक्षक कार्यालयक सभाकक्ष मे एसपी शंभु कुमार सिंहक अध्यक्षता मे मासिक अपराध गोष्ठीक आयोजन कएल गेल। बैठक मे जिलाक सभ थाना प्रभारी, पुलिसनिरीक्षक, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, पुलिस उपाधीक्षक आ विभिन्न शाखाक प्रभारी उपस्थितछलाह।एसपी जिलाक विधि-व्यवस्था, अपराध नियंत्रण, सुरक्षा व्यवस्था आ लंबित कांडक थानावार समीक्षा कएलनि। ओ अधिकारी सभके लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक आ अपराधी सभक विरुद्ध सख्त कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। बैठक मे बताओल गेल जे अगस्त 2026 मे वारंट निष्पादन आ गिरफ्तारी अभियानक अंतर्गत जिला मे 286 लोक कें गिरफ्तार कएल गेल। ओतहि, विभिन्न कांड मे वांछित 35 अभियुक्तके गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेल। एसपी गंभीर अपराध मे फरार अपराधी सभक गिरफ्तारी लेल विशेष अभियान चलाबयक निर्देश देलनि। संगहि स्थायी वारंट सहित दोसर लंबित वारंटक शीघ्र निष्पादन पर जोर देलनि। जामताड़ा मे साइबर अपराध पर अंकुश लगाबय लेल एसपी सभ थाना प्रभारीके सूचना तंत्र मजबूत करबाक निर्देश देलनि। साइबर अपराधी सभक विरुद्ध लगातार छापामारी अभियान चलाबय आ ठगी मे संलिप्त अपराधी सभक पहचान कए हुनकर गिरफ्तारी सुनिश्चित करबाक कहल गेल। अपराध नियंत्रण लेल थाना क्षेत्र सभ मे नियमित आ सघन गश्ती करबाक निर्देश देल गेल।बैंक, एटीएम, ज्वेलरी दोकान, व्यावसायिक प्रतिष्ठान आ दोसर संवेदनशील स्थान पर पुलिसक मौजूदगी सुनिश्चित करबाक कहल गेल। एकर अतिरिक्त समय आ स्थान बदलि कए नियमित एंटी क्राइम वाहन जांच अभियान चलाबयक निर्देश देल गेल। एकर निगरानी संबंधित अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी आ पुलिस निरीक्षक करथिन। एसपी महिला आ बच्चा सं संबंधित अपराध मे त्वरित आ संवेदनशील कारबाइ करबाक कहलनि। ओ लंबित कांडक अभियुक्त सभक गिरफ्तारी सुनिश्चित करबाक तथा निर्धारित समय-सीमाक भीतर अनुसंधान पूरा कए मामिलाक निष्पादन करबाक निर्देश देलनि।गंभीर आपराधिक घटना मे संलिप्त अपराधी सभक संग पहिने गिरफ्तार भए जेल पठाओल गेल आ हालहि मे जेल सं बाहर आएल अपराधी सभक गतिविधि पर सेहो नजरि रखबाक कहल गेल। एसपी अधिकारी सभके निर्देश देलनि जे एहन लोकक गतिविधिक निगरानी कएल जाए आ कोनो संदिग्ध गतिविधिक सूचना भेटला पर तुरंते कारबाइ कएल जाए।

# गंगाक जलस्तर वर्षक सब सं ऊंच स्तर पर, साहिबगंज मे 28.65 मीटर पहुंचल पानि

साहिबगंज, समदिया

## दियारा आ निचला इलाका मे बाढ़ि, एनडीआरएफ तैनात



साहिबगंज जिला मे गंगा नदीक जलस्तर एहि वर्षक सब सं ऊंच स्तर पर पहुंचि गेल अछि। बुध दिन सांझ 5 बजे केंद्रीय जल आयोग गंगाक जलस्तर 28.65 मीटर दर्जकएलक। आयोग बृहस्पति सं जलस्तर आओर बढ़बाक आशंका जतौलक अछि। साहिबगंज मे गंगाक चेतावनी रेखा 26.25 मीटर अछि, जखनकि खतराक निशान 27.25 मीटर पर अछि। पछिला चारि वर्ष मे 2022 मे अधिकतम जलस्तर 28.60 मीटर, 2023 मे 27.38मीटर, 2024 मे 28.06 मीटर आ 2025 मे 28.70 मीटर धरि रहल छल। बाढ़ि आ कटावक कारण दियारा आ तराइ क्षेत्र मे रहनिहार लोकके बहुत परेशानी भए रहल अछि। पानि सं घेरायल दियारा क्षेत्रक लोकके एखन धरि राहति नहि भेटि सकल अछि। शहरक निचला इलाका मे सेहो घर मे पानि घुसि गेल अछि, जाहि सं लोक अपन सामान बचाबय मेलागल छथि।एनडीआरएफक टीम लोक कें राहति पहुंचा रहलबाढ़िक स्थिति कें देखैत पटना सं एनडीआरएफक 9म बटालियन आ रांची स्थित रीजनल रिस्पांस केंद्र सं 30 सदस्यक टीम साहिबगंज पहुंचि गेल अछि। एनडीआरएफक टीम बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे लोकके राहति पहुंचा रहल अछि। किछु दिन पहिने गंगा मे डूबल 6 वर्षक बच्ची कंचन कुमारीक एखन धरि कोनो पता नहि चलि सकल अछि। टीम ओकर तलाश मे लागलअछि। साहिबगंज जिलाक उधवा प्रखंड मे एक दर्जन सं बेसी सरकारी स्कूल मे बाढ़िक पानि घुसि गेल अछि, जाहि सं बच्चा सभक पढ़ाइ पर असर पड़ल अछि। सदर एसडीओ अमर जॉन आईद आ अंचल अधिकारी बासुकीनाथ टुडू बाढ़ि प्रभावित लोकक बीच राहति सामग्री बांटलनि। राजमहल आ मडरो प्रखंडक किछु टोला सेहो बाढ़ि सं प्रभावित अछि। मडरो प्रखंडक नया टोला गांवक दर्जनो घर मे बाढ़िक पानि घुसि गेल अछि, जाहि सं ई गांव पूरा तरहे जलमग्न भए गेल अछि। बाढ़िक कारण इलाका मे कतेको दोसर समस्या सेहो उत्पन्न भए गेल अछि। पशु सभके चारा नहि भेटि रहल अछि, जाहि सं हुनकर परेशानी बढ़ि गेल अछि। राजनीतिक दल आ सामाजिककार्यकर्ता सेहो बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे पहुंचि लोकक बीच राहति सामग्री बांटि रहल छथि। ओतहि, बाढ़ि सं बचेबाक लेल लोक घरक छत आ मचानक सहारा लैत सेहो देखाइ पड़ि रहल छथि।

# रांची रेलवे स्टेशन साउथ साइडक 90 प्रतिशत काज पूरा, दिसंबर सं खुजत साउथ टर्मिनल

रांची, समदिया

## सेकेंड फ्लोर पर रहत ब्रांडेड मॉल



रांची रेलवे स्टेशन आब नव आ आधुनिक स्वरूप मे नजरि आबय बला अछि। स्टेशनक साउथ साइडक 90 प्रतिशत सं बेसी निर्माण काज पूरा भए गेल अछि आ एखन फिनिशिंगकआखरी काज चलि रहल अछि। रेलवे एहि वर्ष दिसंबर धरि यात्री सभके नव टर्मिनलक सुविधादेबाक तैयारी मे अछि। करीब 443 करोड़ रुपैयाक लागत सं स्टेशनक नॉर्थ आ साउथ दुनू हिस्साक री-डेवलपमेंट कएल जा रहल अछि। साउथ साइड सं आवागमन शुरू भेलाक बाद ई शहरक प्रमुख व्यावसायिक आ यात्री केंद्रक रूप मे उभरत। नव टर्मिनल मे यात्री सभक आवागमन नीक बनेबाक संग आधुनिक सुविधापर सेहो जोर देल जा रहल अछि। साउथ साइड शुरू भेलाक बाद नॉर्थ गेटक पुनर्विकासक काज सेहो तेज कएल जाएत।नवनिर्मित जी-2 बिल्डिंगक सेकेंड फ्लोरके मॉल आ एयरपोर्टक तर्ज पर आधुनिक कमर्शियल स्पेसक रूप मे विकसित कएल जाएत। रेलवे एहि फ्लोरके कोनो एक डेवलपर वा फर्मके 12 वर्षक लीज पर देबाक तैयारी मे अछि। एहि सं स्टेशन परिसर मे व्यावसायिक गतिविधिक बढ़ावा भेटबाक संग यात्री सभके सेहो नीक सुविधा उपलब्ध होयत।फूड प्लाजा एरियाक अतिरिक्त करीब एक हजार यात्रीक बैसबाक लेल पैघ वेटिंग स्पेस रहत। 500 सं बेसी गाड़ीक लेल पार्किंग तैयार कएल गेल अछि, जाहि सं जाम आ पार्किंगक समस्या दूर होयत। बच्चा सभक लेल प्ले एरिया, महिला सभक लेल फीडिंग एरिया आ यात्री सभक लेल डोरमेट्री रूम तैयार भए गेल अछि। स्टेशनक एंट्री गेटके हाईटेक तकनीक सं लैस कएल जा रहल अछि। आबि आ जाइत कएनिहार लोकक गहन जांच कएल जाएत।रेलवे मांगलक एक्सप्रेशन ऑफ इंटरेस्टसीनियर डीसीएम श्रेया सिंहक अनुसार, एहि लेल एक्सप्रेशन ऑफ इंटरेस्ट (ईओआई) जारी कएल गेल अछि। इच्छुक फर्म सभ 15 सितंबर धरि अपन सुझाव आ प्रस्ताव दए सकैत अछि। पार्किंगदिस खुलनिहार प्रीमियम मल्टी-ब्रांड आउटलेट लेल ओहि फर्म सभके पात्र मानल जाएत, जिनकरदेशभरि मे कम सं कम 20 आउटलेट पहिने सं चलि रहल हो। वर्ल्ड क्लास होयत स्टेशन : डीआरएम डीआरएम करुणानिधि सिंह कहलनि जे साउथ साइड पर मुख्य निर्माण काज पूरा भेलाक बाद एखन फिनिशिंगक काज तेजी सं चलि रहल अछि। दिसंबर धरि साउथ साइड यात्री सभ लेल तैयार करबाक लक्ष्य अछि। स्टेशनके वर्ल्ड क्लास बनेबाक काज चलि रहल अछि। महिला, बच्चा आ बुजुर्ग यात्रीक सुविधाक विशेष ध्यान राखल गेल अछि। नव एफओबीक निर्माण सेहो शीघ्र पूरा भए जाएत।

# बेंदी स्टेशन पर मालगाड़ीक एक बोगी बेपटरी, यातायात रहल प्रभावित

बेंदी, समदिया



सीआईसी सेक्शन अंतर्गत बरवाडीह-बरकाकाना रेलखंडक बेंदी रेलवे स्टेशन पर बुध दिन सांझ मालगाड़ीक एकटा खाली बोगी बेपटरी भए गेल। रेलवे स्टेशनक प्लेटफॉर्म सं सटल डाउनलूप रेल लाइन पर भेल एहि घटना मे बोगीक चारू पहिया पटरी सं उतरि गेल। एहि सं लूप लाइन पर यातायात प्रभावित रहल। घटनाक कारण एतय डाउन रेल लाइन पर आबि रुकय बला लोकल पैसेंजर ट्रेनके दोसर रेल लाइन सं गंतव्य दिस पठाओल जा रहल अछि। घटनाक सूचना भेटिते रेलवे टीम घटनास्थल पर पहुंचि गेल। टीम बेपटरी भेल मालगाड़ीक बोगीके फेर पटरी पर लए जेबाक काज शुरू कए देलक अछि। भारी बरखाक कारण राहति आ मरम्मति काज मे कर्मचारी सभके परेशानीक सामना करए पड़ि रहल अछि। रेलवे अधिकारीक अनुसार शीघ्रे प्रभावित रेल लाइनके पूरा तरहे दुरुस्त कए यातायात सामान्य कए देल जाएत। बताओल गेल जे उक्त मालगाड़ी कोयला लेबाक लेल बालूमाथ साइडिंग दिस जा रहल छल।घटनाक कारणक पता एखन धरि नहि चलि सकल अछि।

# रांची मे 108 एंबुलेंस कर्मचारी सभक चरणबद्ध आंदोलन, 25 सितंबर कें राज्यव्यापी हड़ताल

रांची , समदिया




108 एंबुलेंस सेवाक जिला स्तर पर संचालन, वेतन भुगतान आ कर्मचारी सभक लंबित मांगके लए झारखंड प्रदेश एंबुलेंस कर्मचारी संघ चरणबद्ध आंदोलनक घोषणा केने अछि। बुधदिन भारतीय मजदूर संघ कार्यालय, धुर्वा मे प्रदेश अध्यक्ष नीरज तिवारीक अध्यक्षता मे भेल बैठक मे आंदोलनक रणनीति तय कएल गेल। संघक अनुसार, एमडी, एनएचएम कार्यालय सं सिविल सर्जन सभके जिला स्तर पर 108 एंबुलेंस संचालन आ वेतन भुगतानक निर्देश देल गेलाक बावजूद कतेको जिला मे सेवा शुरू नहि भेलअछि। भारतीय मजदूर संघक रांची जिला मंत्री सुबोध कुमार यादव कहलनि जे आपातकालीन सेवा बाधित होबाक स्थिति बने सं पहिने सरकारके कर्मचारी सभक मांगक समाधान करबाकचाही। संघ वर्तमान टेंडर प्रक्रिया रद्द करबाक, जिला स्तर पर सेवा संचालन, हटाओल गेल कर्मचारीसभक बहाली आ श्रमिक अधिकार देबाक मांग केने अछि। चरणबद्ध आंदोलनक दौरान 14 सं 19 सितंबर धरि कर्मचारी काला बिल्ला लगौताह। 19 सितंबरके कैंडल मार्च, 23 सितंबरके धरना आ 25 सितंबरके राज्यव्यापी हड़ताल कएल जाएत। मांग नहि मानल गेल तं 28 सितंबर सं अनिश्चितकालीन हड़ताल करबाक चेतावनी देल गेल अछि।बैठक मे संघक प्रभारी रामाशंकर प्रसाद, मुकेश कुमार, अजय कुमार दांगी, रविकांत देव, निशा प्रभा सहित पैघ संख्या मे एंबुलेंस कर्मचारी आ पूर्व कर्मचारी उपस्थित छलाह।

# म्यूल बैंक खाता पर बोकारो पुलिस सख्त, संदिग्ध लेनदेनक सूचना नहि देलापर सेहो होयत कारबाइ

बोकारो , समदिया



साइबर ठगीक रकमके एकटा बैंक खाता सं दोसर खाता मे पठा सामान्य लेनदेन सन देखेबाक लेल इस्तेमाल कएल जा रहल संदिग्ध अर्थात 'म्यूल बैंक खाता' पर बोकारो पुलिसक नजरि अछि। पुलिसक माननाइ अछि जे साइबर अपराधी ठगीक रकमके कतेको खाता मे ट्रांसफर कए ओकर वास्तविक पहचान नुकएबाक प्रयास करैत छथि। एहन खाता सभक पहचान कए दुरुपयोग पर रोक लगेनाइ साइबर ठगीक पूरा श्रृंखलाके तोड़बा मे महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। एहि उद्देश्य सं पुलिस बैंकिंग व्यवस्था सं जुड़ल सीएसपी संचालक सभके सेहो जागरूक करत। पुलिस अधिकारी सभक दिस सं सीएसपी संचालक सभके वित्तीय साइबर अपराधक रोकथाम, संदिग्ध खाता सभक पहचान आ असामान्य बैंकिंग गतिविधि पर नजरि रखबाक संबंध मे जानकारी देल जा रहल अछि। एसपी नाथू सिंह मीणा, चास एएसपी वेदांत शंकर, मुख्यालय डीएसपी पवन कुमार आ सिटी डीएसपी राजीव रंजनक स्तर सं सेहो एहि दिशा मे जागरूकता पर जोर देल जा रहल अछि।पुलिसक अनुसार सीएसपी संचालक आ संबंधित बैंककर्मी बैंकिंग सेवा उपलब्ध करबैत समय ग्राहकक गतिविधि आ लेनदेनक तरीका पर जरूरी सतर्कता बरतथि। कोनो खाता मे असामान्य वा संदिग्ध गतिविधि देखाइ पड़ला पर संबंधित बैंक आ पुलिसके सूचना देबाक सलाह देल गेलअछि। एसपी नाथू सिंह मीणाक अनुसार साइबर अपराधी कतेको बेर लोकके रुपैया वा कमीशनक लालच दए हुनकर बैंक खाताक इस्तेमाल करैत छथि। ठगीक रकम पहिने एहन खाता मे मंगाओलजाइत अछि आ तकर बाद दोसर बैंक खाता मे ट्रांसफर कए देल जाइत अछि। कतेको खाता मे रकम घुमेबाक उद्देश्य लेनदेनके सामान्य देखेनाइ आ जांचके कठिन बनेनाइ भए सकैत अछि। पुलिस आम लोक सं सेहो अपन बैंक खाता दोसर व्यक्तिक इस्तेमाल लेल उपलब्ध नहि करएबाक अपील केने अछि। कमीशन वा किराया लेल बैंक खाता देनाइ खाताधारक लेल कानूनी परेशानीक कारण भए सकैत अछि। पुलिसक अनुसार खाता मे अनचोके पैघ रकमक आबि-जाइत, स्पष्ट कारणक बिना अलग-अलग खाता मे रकम ट्रांसफर होनाइ, दोसर व्यक्तिक हाथ मे खाताक संचालनक नियंत्रण रहनाइ वा संदिग्ध दस्तावेज आ मोबाइल नंबरक इस्तेमाल खतराक संकेत भए सकैत अछि। एहन मामिलामे खाताधारकके तुरंते अपन बैंकके जानकारी देबाक चाही। मुख्यालय डीएसपी पवन कुमार कहलनि जे बैंकिंग सेवा उपलब्ध करबैत समय सीएसपी संचालकके अतिरिक्त सतर्कता बरतए पड़त। कोनो ग्राहक वा हुनकर लेनदेन मे किछु संदिग्ध देखाइ पड़ला पर समय रहैत सूचना देनाइ जरूरी अछि। पुलिसक अनुसार नियमक अनदेखी कएनिहार सीएसपी संचालक सेहो जांचक दायरा मे आबि सकैत छथि। पुलिस स्पष्ट केने अछि जे जं कोनो सीएसपी संचालक नियमक अनदेखी कए संदिग्ध व्यक्तिके बैंकिंग सुविधा उपलब्ध करबैत अछि वा संदिग्ध गतिविधिक जानकारी रहला पर संबंधित बैंक अथवा पुलिसके सूचना नहि दैत अछि, तं मामिलाक जांच कएल जा सकैत अछि आ दोष सामने अएला पर कानूनी कारबाइ कएल जाएत।म्यूल अकाउंट एहन बैंक खाताके कहल जाइत अछि, जकर इस्तेमाल साइबर अपराधी ठगी वा दोसर अवैध गतिविधि सं प्राप्त रकमके राखबाक आ फेर दोसर खाता मे पठेबाक लेल करैत छथि। कतेको मामिला मे खाताधारकके रकम ट्रांसफर करबाक बदला मे कमीशनक लालच देल जाइत अछि। पुलिसक अनुसार कोनो व्यक्तिक खाता साइबर ठगीक रकमक लेनदेन मे इस्तेमाल भेल भेटैत अछि तं खाताधारक सेहो जांच आ संभावित कानूनी कारबाइक दायरा मे आबि सकैत छथि।

# जेएसएलपीएसक समीक्षा बैठक मे एसएचजी गठन, क्रेडिट लिंकेज आ ई-केवाईसी पर सख्ती

लोहरदगा , समदिया

जिलाधिकारी संदीप कुमार मीनाक अध्यक्षता मे जेएसएलपीएसक समीक्षा बैठक भेल। बैठक मे प्रखंडवार स्वयं सहायता समूह (एसएचजी), ग्राम संगठन (वीओ) आ क्लस्टर लेवल फेडरेशन (सीएलएफ)क गठन, क्रेडिट लिंकेज, ई-केवाईसी, बैंक खाता आ आजीविका गतिविधिक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। उपायुक्त सभ प्रखंड कार्यक्रम प्रबंधकके लक्ष्यक अनुरूप एसएचजी, वीओ आ सीएलएफक गठन मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे एनआरएलएमक अंतर्गत पात्र परिवार सभके एसएचजी सं जोड़नाइ सुनिश्चित कएल जाए, जाहि सं बेसी परिवारके आजीविका, कृषि, उद्योग आ दोसर आर्थिक गतिविधि सं जोड़ल जा सकय। बैठक मे सभ एसएचजीके समय पर क्रेडिट लिंकेज उपलब्ध कराबय पर जोर देल गेल। उपायुक्त गठित समूह सभक बैंक खाता खुलबाबय आ समूह सदस्य सभक शत-प्रतिशत ई-केवाईसी पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे जाहि समूहक बैंक खाता नहि खुलल अछि, तिनकर जरूरी दस्तावेज एक सप्ताहक भीतर बैंक मे जमा कराओल जाए।वित्तीय वर्ष 2026-27 मे एसएचजीके पहिल क्रेडिट लिंकेज देबाक काजके प्राथमिकताक संग पूरा करबाक निर्देश देल गेल।

# गुमला मे घटिया सड़क निर्माण पर कारबाइक मांग, एक सप्ताहक समय-सीमा देल गेल

गुमला , समदिया



भ्रष्टाचार विरोधी मंच गुमलाक बैनर तर एक प्रतिनिधिमंडल उपायुक्त सं भेंट कए चैनपुर प्रखंड मे भेल सड़क निर्माण मे व्यापक अनियमितताक विरुद्ध ज्ञापन सौंपलक। मंचचेतावनी देलक अछि जे जं एक सप्ताहक भीतर दोषी सभ पर ठोस कारबाइ नहि कएल गेल तं16 सितंबर 2026 कें जिला मुख्यालय पर जोरदार विरोध प्रदर्शन कएल जाएत।प्रतिनिधिमंडल अनुसार चैनपुर प्रखंडक मालम सं कोल्हूकोना धरि करीब 5 करोड़ 50 लाख रुपैयाक लागत सं कालीकरण सड़क निर्माण कराओल गेल अछि। ग्रामीण विकास विभागकअधीन बनल एहि सड़कक गुणवत्ता बहुत खराब अछि आ निर्माणक किछुए दिन बाद सड़कउखड़य लागल अछि। मंच एहि पूरा मामिलाक उच्चस्तरीय जांच करा दोषी सभक विरुद्धविधिसम्मत कानूनी कारबाइक मांग केने अछि। एकर संग ज्ञापन मे एनजीटी (नेशनल ग्रीन ट्रिब्यूनल)क स्पष्ट प्रतिबंधक बावजूद स्थानीय नदी सभ सं धड़ल्ले सं भए रहल अवैध बालू उठावक मुद्दा सेहो प्रमुखता सं उठाओल गेल। मंचक सदस्य सभ कहलनि जे प्रशासनिक सुस्तीक कारण अवैध खनन कएनिहार सभक हौसला बढ़ल अछि, जाहि सं पर्यावरणके भारी नोकसान भए रहल अछि। सौंपल गेल ज्ञापन मे एक सप्ताहक भीतर प्रशासनिक हस्तक्षेपक मांग कएल गेल अछि। एहिसमय-सीमाक भीतर कारबाइ नहि भेल तं 16 सितंबर 2026 कें गुमला जिला मुख्यालय मे उग्रआंदोलनक रूपरेखा तैयार कएल जाएत।एहि प्रतिनिधिमंडल मे मंच सं जुड़ल पुष्पा उरांव, अशोक साहू, जीवन भगत, सहदेव साहू आ सरफुद्दीन अंसारी मुख्य रूप सं शामिल छलाह।

# गोबिंदपुर हाईवे पर बाइक-स्कूटीक टक्कर मे 5 घायल, दंपती आ 3 बच्चा जख्मी

जामताड़ा , समदिया

## पांचू एक्कहि बाइक पर छलाह सवार



जामताड़ा जिलाक गोबिंदपुर-साहेबगंज हाईवे पर बृहस्पतिके सड़क दुर्घटना भए गेल। नारायणपुर थाना क्षेत्रक कोरीडीह वन गांवक लग मोटरसाइकिल आ स्कूटीक टक्कर भए गेल।एहि दुर्घटना मे एक्कहि परिवारक पांच लोक घायल भए गेलाह। स्थानीय ग्रामीण सभ सभ घायलके नारायणपुरक सरकारी अस्पताल पहुंचौलनि। घायल सभक पहचान करमाटांड़ थाना क्षेत्रक हिरणानगर निवासी मोहम्मद फिरोज (30), हुनकर पत्नी आसमुन खातून (28), बेटी जोया खातून (8), अलिसवा खातून (3) आ दू मासक बेटा सरजान बादशाहक रूप मे भेल अछि।बताओल गेल जे परिवारक सभ सदस्य मोटरसाइकिल सं अपन संबंधीक घर जा रहल छलाह। कोरीडीह वनक लग सामने सं आबि रहल स्कूटी सं हुनकर टक्कर भए गेल। दुर्घटना बादस्थानीय लोक तुरंते घटनास्थल पर पहुंचलाह आ घायल सभके अस्पताल पहुंचेबा मे मदतिकएलनि।नारायणपुर अस्पताल मे डॉक्टर सभ सभ घायलक प्रारंभिक इलाज कएलनि। मोहम्मद फिरोजकस्थिति गंभीर रहला सं हुनका आगांक इलाज लेल धनबाद रेफर कएल गेल। दोसर घायल सभक इलाज नारायणपुर मे कएल गेल। घटना बाद पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि।

# एसपी नीक काज कएनिहार पुलिसकर्मी सभ कें सम्मानित कएलनि

## अपराध नियंत्रण आ निशाक विरुद्ध कारबाइ मे नीक प्रदर्शन पर प्रशस्ति-पत्र आ नगद राशि

**भभुआ, समदिया**

पुलिस अधीक्षक शिखर चौधरीक अध्यक्षता मे मासिक अपराध गोष्ठीक आयोजन कएल गेल। बैठक मे अगस्त मासक दौरान कानून-व्यवस्था कायम रखबा, लंबित मामिला सभक निष्पादन आ नशीला पदार्थक तस्करीक विरुद्ध प्रभावी कारबाइ कएनिहार पुलिस अधिकारी आ जवान सभके सम्मानित कएल गेल। उत्कृष्ट काज कएनिहार पुलिसकर्मी सभके प्रशस्ति-पत्र आ नगद पुरस्कार दए हुनकर उत्साह बढ़ाओल गेल।



### 143 किलो गांजा बरामदगी मे दुर्गावती पुलिस कें सम्मान

दुर्गावती थाना पुलिस कारबाइ करैत 143.040 किलोग्राम गांजा बरामद केने छल। एहि कारबाइ मे नीक भूमिका निभौनिहार थानाध्यक्ष गिरीश कुमार, सब इंस्पेक्टर योगेंद्र कुमार, सब इंस्पेक्टर संजय कुमार सहित अन्य पुलिसकर्मी सभके प्रशस्ति-पत्र आ नगद पुरस्कार दए सम्मानित कएल गेल।

### चांद मे 441 लीटर शराब जब्त

चांद थाना क्षेत्र मे पुलिस 441.615 लीटर देशी आ विदेशी शराब बरामद केने छल। शराबक विरुद्ध एहि प्रभावी कारबाइक लेल थानाध्यक्ष सब इंस्पेक्टर हरिप्रसाद शर्मा कें प्रशस्ति-पत्र आ सु-सेवांक प्रदान कएल गेल।

### 24 घंटा मे हत्याक खुलासा पांच आरोपी गिरफ्तार

कुढनी थाना क्षेत्र मे भेल हत्याक घटनाक पुलिस मात्र 24 घंटाक भीतर खुलासा कए देने छल। मामिला मे शामिल पांचू आरोपीके गिरफ्तार कएनिहार पुलिस टीमक सदस्य सभके सेहो उत्कृष्ट काज लेल सम्मानित कएल गेल।

### डीआईयू टीमक कारबाइ मे 13 किलो गांजा बरामद

डीआईयू टीम सेहो कारबाइ करैत 13.613 किलोग्राम गांजा बरामद केने छल। नशीला पदार्थक तस्करीक विरुद्ध एहि कारबाइ मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौनिहार पुलिसकर्मी सभके एसपी प्रशस्ति-पत्र आ नगद पुरस्कार दए सम्मानित कएलनि।

### अपराध नियंत्रण कें लए एसपी देलनि निर्देश

अपराध गोष्ठी मे एसपी शिखर चौधरी सभ थाना प्रभारी आ अनुसंधान अधिकारीके अपन-अपन क्षेत्र मे अपराध पर प्रभावी नियंत्रण रखबाक निर्देश देलनि। ओ लंबित आ पुरान मामिला सभक शीघ्र निष्पादन करबाक, सूचना तंत्रके मजबूत करबाक आ अपराधी सभक विरुद्ध लगातार कारबाइ करबाक पर जोर देलनि।

एसपी पुलिस अधिकारी आ जवान सभके आगू सेहो एहि लगन आ जिम्मेदारीक संग काज करबाक लेल प्रेरित कएलनि। ओ कहलनि जे नीक काज कएनिहार पुलिसकर्मी सभके लगातार प्रोत्साहित कएल जाएत।

# पावर हाउस मे ब्रेकर ब्लास्ट सं 33 केवी लाइन ठप

## मेसकौर मे 9 सितंबर सं बिजली आपूर्ति बंद

### गर्मी मे लोक परेशान एमआरटी टीम पहुंचल मरम्मतिक लेल

**नवादा, समदिया**

नवादा जिलाक मेसकौर पावर हाउस मे 33 केवी लाइन सं जुड़ल ब्रेकर मे खराबी भेलाक बाद ब्लास्ट भए गेल। एहि सं बिजली आपूर्ति बंद भए गेल। बुध दिन सं प्रखंडक दर्जनो गांव मे बिजली नहि अछि, जाहि सं ग्रामीण परेशान छथि। गर्मी आ उमसक कारण लोकक मुश्किल बढ़ि गेल अछि। पावर हाउस मे ब्रेकर ब्लास्ट भेला सं 33 केवी लाइन ठप भए गेल छल। जानकारी भेटिते बिजली विभागक लाइनमैन टीम घटनास्थल पर पहुंचि खराबी ठीक करबाक काज शुरू कएलक। बाद मे एमआरटी (मीटर रिले टेस्टिंग) टीम सेहो मेसकौर पावर हाउस पहुंचल। टीम ब्रेकरक जांच आ मरम्मति कए रहल अछि।



बिजली विभागक कर्मचारी खराब ब्रेकरके ठीक करबा मे लागल छथि। विभागीय कर्मचारीक अनुसार, खराबी ठीक भेलाक बादे बिजली आपूर्ति सामान्य भए सकत। मरम्मति मे किछु समय लागि सकैत अछि। ग्रामीण सं धीरज रखबाक अपील कएल गेल अछि।

### बिजली बंद रहला सं दोकान आ छोट कारोबार प्रभावित

लगातार बिजली बंद रहला सं घरक काजक संग-संग दोकानदार आ छोट कारोबार कएनिहार सभक काज सेहो रुकि गेल अछि। साइबर कैफे, आटा चक्की, वेल्डिंग आ मोबाइल रिपेयरिंग सन कतेको दोकान बंद पड़ल अछि। घर मे पंखा-कूलर नहि चलला सं लोक गर्मी आ उमस सं परेशान छथि। ग्रामीणक कहब अछि जे बेसी समय धरि बिजली बंद रहला सं रोजमर्राक काज रुकि गेल अछि। कतेको ग्रामीण बिजली विभागक जूनियर इंजीनियर सं फोन पर बात करबाक प्रयास कएलनि, मुदा हुनकर फोन नहि उठल। एहि सं हुनका सभके बिजली कहिया एतय, एकर जानकारी नहि भेटि सकल। बिजली विभागक टीम लगातार खराबी ठीक करबा मे लागल अछि। ब्रेकर ठीक भेलाक बाद 33 केवी लाइन चालू कए इलाका मे बिजली आपूर्ति शुरू करबाक प्रयास कएल जाएत।

# राहति सामग्री नहि भेटला सं बाढ़ि पीड़ितक हंगामा



**लखीसराय, समदिया**

लखीसराय मे बाढ़ि राहति सामग्री नहि भेटला सं नाराज बाढ़ि पीड़ित सभ बृहस्पतिके सदर प्रखंड कार्यालय लग सड़क जाम कए देलनि। साबिकपुर, अमहरा आ गढ़ी विशनपुर पंचायतक सैकड़ो महिला-पुरुष बाढ़ि पीड़ित सड़क पर उतरि एलाह। हुनका सभ जिला प्रशासनक विरुद्ध नाराजगी जतौलनि। सड़क जाम भेला सं दुनू दिस वाहनक लंबा कतार लागि गेल आ यातायात पर असर पड़ल। बाढ़ि पीड़ित सभक आरोप अछि जे गंगाक जलस्तर बढ़ला सं इलाका मे भयंकर बाढ़ि आएल अछि। कतेको परिवारक घर पानि मे डूबि गेल अछि।

खेत मे लागल फसल पूरा तरहे बर्बाद भए गेल अछि। बाढ़िक कारण पशु सभक लेल चारा जुटेनाइ सेहो कठिन भए गेल अछि। एकरा बावजूद प्रशासन एखन धरि हुनका सभके सूखा राशन, पशुचारा वा दोसर जरूरी राहति सामग्री नहि देलक अछि। प्रदर्शन करैत महिला सभ बतौलनि जे घर मे बाढ़िक पानि घुसला सं परिवारक सामने भोजन आ रहबाक संकट ठाढ़ भए गेल अछि। कतेको लोक एखनहु बाढ़िक पानि बीच रहबा लेल मजबूर छथि। पीड़ित सभ सदर अंचलाधिकारी पर मनमानी करबाक आरोप लगौलनि। हुनका सभ प्रशासन सं तुरंत राहति देबाक मांग कएलनि। नाराज बाढ़ि पीड़ित सभ स्पष्ट कहलनि जे जखन धरि कोनो जिम्मेदार अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचि हुनकर समस्या सुनि राहति सामग्री देबाक भरोसा नहि दैत छथि, तखन धरि सड़क जाम जारी रहत।

# आरओबी निर्माणक मांग कें लए कांग्रेस देलक धरना, सरकार कें घेरलक

## जिलाध्यक्ष प्रभाकर झा कहलनि- समाधान नहि भेल तं आंदोलन तेज होयत

**नवादा, समदिया**

नवादा मे जिला कांग्रेस कमेटीक दिस सं बृहस्पतिके टाउन थाना लग 16 सूत्री मांगके लए एकदिवसीय धरना देल गेल। एहि दौरान कांग्रेस नेता आ कार्यकर्ता सभ सरकार आ प्रशासनक विरुद्ध आवाज उठौलनि। धरना मे रेलवे ओवरब्रिज (आरओबी) निर्माणक मांग प्रमुख रहल। कांग्रेस जिलाध्यक्ष प्रभाकर झा कहलनि जे नवादाक जनता बहुत दिन सं आरओबी निर्माणक समस्या सं जूझि रहल अछि। ओ बतौलनि जे एहि आरओबीक उद्घाटन सांसद विवेक ठाकुर आ भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्ष जेपी नड्डा केने छलाह।



एकरा सं पहिने पूर्व सांसद गिरिराज सिंह सेहो एकर उद्घाटन कए चुकल छथि। मुदा एखन धरि एकर निर्माण पूरा नहि भए सकल अछि। झा कहलनि जे उद्घाटनक बाद कानूनी अड़चनक कारण ई मामिला अटकल अछि। प्रशासनके जनताक हित मे एहि विवादक समाधान कए निर्माण काज शुरू करबाक चाही। कांग्रेस नेता सभ जोर दए कहलनि जे आरओबीक समस्या प्रतिदिन गंभीर होइत जा रहल अछि। एहि कारण आम लोकके आबि-जाइत मे बहुत दिक्कत भए रहल अछि।

हुनका सभ चेतावनी देलनि जे जं शीघ्र निर्माण काज शुरू नहि भेल तं कांग्रेस एहि मुद्दा पर लंबा लड़ाइ लड़त। जरूरत पड़ला पर पैघ आंदोलन सेहो कएल जाएत।

धरना मे रोहके अनुमंडल बनेबाक मांग सेहो प्रमुखता सं उठाओल गेल। कांग्रेस नेता सभ बतौलनि जे रोहके रजौली अनुमंडल सं जोड़ल गेल अछि। एहि कारण लोकके करीब 70 किलोमीटरक यात्रा करए पड़ैत अछि। एकर अतिरिक्त शिक्षा विभाग मे बच्चा सभक भोजन लेल काज कएनिहार एनजीओक निगरानी करबाक मांग सेहो कएल गेल। नवादाक खराब आ जाम सड़कक समस्या सन दोसर मुद्दा सेहो उठाओल गेल। कांग्रेस कहलनि जे ओ सभ 16 सूत्री मांगके लए लगातार सरकारक ध्यान आकृष्ट करा रहल छथि। हुनका सभ चेतावनी देलनि जे जं मांग पूरा नहि भेल तं आंदोलनके आओर बढ़ाओल जाएत। एहि धरना मे पैघ संख्या मे कांग्रेस नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# सड़क पर बरखाक पानि जमा रहला सं बटोही सभ मे दुर्घटनाक आशंका



**अररिया, समदिया**

भरगामा मे सिमरबनी चौक सं बरियारपुर चौक धरि जेबाक सड़क करीब 10 वर्ष सं खराब हालत मे अछि। बरखा भेलाक बाद सड़क पर पानि जमा भए गेला सं राहगीरक परेशानी बढ़ि गेल अछि। पानि मे डूबल खद्धा देखाइ नहि पड़ैत अछि, जाहि कारण दुर्घटनाक आशंका बनल रहैत अछि। बरखाक कारण सड़कक कतेको हिस्सा मे पानि जमा भए गेल अछि। दुपहिया वाहन चलौनिहार सभके सब सं बेसी दिक्कत भए रहल अछि। पानिक नीचां खद्धा रहबाक पता नहि चलैत अछि, जाहि कारण वाहन असंतुलित भए खसबाक खतरा रहैत अछि। स्थानीय लोकक अनुसार, एहि बाट सं प्रत्येक दिन पैघ संख्या मे ग्रामीण, छात्र, किसान आ दोसर लोक अबैत-जाइत छथि।

ग्रामीणक कहब अछि जे ओ सभ बहुत दिन सं सड़कक मरम्मतिक मांग कए रहल छथि, मुदा एखन धरि कोनो पक्का समाधान नहि निकलल अछि। सड़क पर पानि निकासी कें उचित व्यवस्था नहि अछि, जाहि कारण बरखाक पानि बहुत समय धरि जमा रहैत अछि। एहि सं सड़कक हालत लगातार खराब होइत जा रहल अछि। स्थानीय लोक संबंधित विभाग आ प्रशासन सं सड़कक शीघ्र मरम्मत कराबय, खद्धा भराबय आ पानि निकासी कें व्यवस्था ठीक करबाक मांग केने छथि। ग्रामीणक कहब अछि जे समय रहैत सड़क ठीक नहि भेल तं आगू ई समस्या आओर गंभीर भए सकैत अछि।



# सर्दी-खांसी सन देखाइ बला आरएसवी वायरस बच्चा सभ लेल खतरनाक

## डब्ल्यूएचओ जारी कएलक चेतावनी

सर्दी-खांसी सन देखाइ पड़य बला आरएसवी (रेस्पिरेटरी सिंसिटियल वायरस) मात्र एक सामान्य मौसिमी वायरस नहि अछि। ई दुनियाभरि मे छोट बच्चा सभ लेल गंभीर स्वास्थ्य चुनौती बनि सकैत अछि। प्रत्येक वर्ष आरएसवीक कारण 36 लाख सं बेसी बच्चा सभके अस्पताल मे भर्ती करबाक आवश्यकता पड़ैत अछि आ करीब 1 लाख छोट बच्चा सभक जान चलि जाइत अछि। एहि लेल एकर संबंध मे सही जानकारी रहनाइ आ समय पर सावधानी बरतनाइ बहुत जरूरी अछि। विश्व स्वास्थ्य संगठन (डब्ल्यूएचओ) सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर पोस्ट कए बतौलक जे आरएसवी एक बहुत संक्रामक वायरस अछि। ई संक्रमित व्यक्तिक खांसला वा छींकला सं निकलय बला बूंदक माध्यम सं पसरि सकैत अछि। संक्रमित सतहके छूबि कए फेर आंखि, नाक वा मुंह छूबला सं सेहो संक्रमण भए सकैत अछि। एहि कारण घर, स्कूल, डे-केयर आ भीड़भाड़ बला स्थान पर छोट बच्चा सभके एकरा सं बचेनाइ चुनौतीपूर्ण भए सकैत अछि।



हालांकि आरएसवी कोनो उमेरक व्यक्ति कें संक्रमित कए सकैत अछि, मुदा छोट बच्चा सभ, खास कए छह मास सं कम उमेरक शिशु मे एकर असर बेसी गंभीर भए सकैत अछि। समय सं पहिने जन्मल बच्चा सभ आ कमजोर प्रतिरक्षा प्रणाली बला बच्चा सभ मे सेहो गंभीर बेमारीक खतरा बेसी भए सकैत अछि। कतेको बेर शुरूआत मे एकर लक्षण सामान्य सर्दी-खांसी सन देखाइ पड़ैत अछि, एहि लेल माता-पिता लेल एकरा पहचाननाइ जरूरी अछि।

बच्चा कें नाक बहनाइ, खांसी, छींक वा हल्का बोखार भए सकैत अछि, मुदा जं बच्चा सांस लेबा मे परेशानी महसूस कए रहल अछि, नीक सं दूध वा भोजन नहि लए पाबि रहल अछि, बहुत बेसी सुस्त अछि वा ओकर होंठ आ नह नील पड़ि रहल अछि तं एकरा गंभीर संकेत मानबाक चाही। एहन स्थिति मे तुरंत डॉक्टर सं संपर्क करनाइ जरूरी अछि।

आरएसवी सं बचाव लेल रोजमर्राक किछु छोट-छोट सावधानी बहुत मददगार भए सकैत अछि। बच्चा कें छूबय सं पहिने आ बाद हाथ नीक जकां धोउ, बेमार लोक सं शिशु कें दूर राखू आ घर मे बेर-बेर छूएल जाए बला सतह सभके साफ करैत रहू। बच्चाक आसपास धूम्रपान बिल्कुल नहि करू, कारण धुआंक संपर्क सं सांस संबंधी समस्याक खतरा बढ़ि सकैत अछि। गर्भवती महिला सभ आ नवजात शिशु सभक सुरक्षा लेल डॉक्टर सं उपलब्ध आरएसवी वैक्सीन वा शिशु लेल आरएसवी एंटीबॉडी सन बचावक विकल्पक संबंध मे जानकारी लेल जा सकैत अछि। कोन विकल्प उपयुक्त होयत, ई मां आ बच्चाक स्थितिक आधार पर डॉक्टर तय कए सकैत छथि।

# औषधीय गुण सं भरपूर अछि बेलक गाछ

## आयुष मंत्रालय बतौलक एकर चमत्कारी गुण

भारत मे गाछक महत्व मात्र पर्यावरण धरि सीमित नहि रहल अछि, बल्कि प्राचीन समय सं कतेको गाछक उपयोग औषधीय जरूरत लेल सेहो कएल जाइत रहल अछि। एहन महत्वपूर्ण गाछ मे बेल सेहो अछि, जकरा संस्कृत मे बिल्व आ अंग्रेजी मे वुड एप्पल कहल जाइत अछि। नेशनल मेडिसिनल प्लांट्स बोर्ड, आयुष मंत्रालय सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर बेलक औषधीय महत्व सं जुड़ल जानकारी साझा केने अछि।



वनस्पति विज्ञान मे बेलक नाम एगल मामेलोस अछि आ ई रैसेसी परिवार सं संबंधित अछि। ई गाछ मुख्य रूप सं भारत आ दक्षिण-पूर्व एशियाक मूल निवासी मानल जाइत अछि। भारत मे ई सुखाड़ल जंगल आ मैदानी क्षेत्र मे सामान्य रूप सं देखबा मे अबैत अछि। खास बात ई अछि जे बेल अलग-अलग प्रकारक जलवायु मे सेहो आसानी सं पनपि सकैत अछि आ कम उपजाऊ माटि मे सेहो नीक जकां बढ़बाक क्षमता रखैत अछि। बेलक गाछ मध्यम आकारक पर्णपाती वृक्ष होइत अछि, जकर ऊंचाइ करीब 15 मीटर धरि पहुंचि सकैत अछि। एकर पात तीन पातक समूह अर्थात त्रिपर्णी होइत अछि आ एहि मे हल्का सुगंध होइत अछि। बेलक फूल हरियर-उजर रंगक आ सुगंधित होइत अछि। एकर फल कच्चा आ सुखेला बाद सेहो कतेको पारंपरिक उपयोग मे अबैत अछि।

आयुर्वेद मे बेलके बहुत पहिने सं महत्वपूर्ण औषधीय गाछ मानल जाइत अछि। एकर फल, पात आ जड़िक उपयोग विभिन्न पारंपरिक औषधीय काज मे कएल जाइत अछि। खास कए बेलक फलके पाचन तंत्र सं जुड़ल समस्या मे उपयोगी मानल जाइत अछि। राष्ट्रीय औषधीय पादप बोर्डक अनुसार, एहि मे एंटी-डायरियल, एंटी-इंफ्लेमेटरी आ एंटीमाइक्रोबियल सन औषधीय गुण बताओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त एहि मे एंटीबायोटिक आ ब्रोंकोडायलेटर गतिविधिक सेहो उल्लेख कएल गेल अछि।

बेलक धार्मिक आ सांस्कृतिक महत्व सेहो बहुत गहीर अछि। भगवान शिवक पूजा मे बेलपत्र चढ़ेबाक परंपरा सदियौं पुरान अछि। एहि कारण बेलक गाछ भारतीय परंपरा मे औषधीय उपयोगक संग-संग आध्यात्मिक दृष्टि सं सेहो विशेष स्थान रखैत अछि।

# 12 सं दिल्ली मे शुरू भए रहल अछि ब्रिक्स सम्मेलन, आखिर एहि मे के–के अछि शामिल?







**नई दिल्ली, समदिया**

12 आ 13 सितंबर कें नई दिल्ली मे 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलन आयोजित होयत। चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग सेहो एहि बैठक मे सहभागी होयताह। चीनक विदेश मंत्रालयक अनुसार, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक निमंत्रण पर शी जिनपिंग 12 आ 13 सितंबर कें ब्रिक्सक 18म शिखर सम्मेलन मे भाग लेबाक लेल भारत आबि रहल छथि। शिखर सम्मेलन कें देखैत राजधानी दिल्ली मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देल गेल अछि। समाचार एजेंसी एएनआइक अनुसार, तुगलक रोड क्षेत्र मे करीब 500 सीसीटीवी कैमरा लगाओल गेल अछि। पीटीआइक मुताबिक, आयोजन स्थल आ ओकर आसपास बहुस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल अछि। एक वरिष्ठ पुलिस अधिकारीक अनुसार, राष्ट्रीय राजधानी मे करीब 15 हजार पुलिसकर्मी आ अर्धसैनिक बलक 200 कंपनी तैनात कएल जायत। तैयारीक संबंध मे दिल्ली पुलिसक वरिष्ठ अधिकारी मनीष कुमार अग्रवाल कहलनि जे दिल्ली मे कतेको गणमान्य अतिथि आबि रहल छथि। एहि मे राष्ट्राध्यक्ष, सरकारक प्रमुख, मंत्री, विदेशी प्रतिनिधिमंडल आ अंतरराष्ट्रीय संगठनक सदस्य शामिल छथि। हुनका सभक सुरक्षा कें ध्यान मे राखि व्यवस्था एहन कएल गेल अछि जाहि सं आम लोक कें कम-सं-कम असुविधा हो। भारत एहि सं पहिने 2012, 2016 आ 2021 मे ब्रिक्सक अध्यक्षता करैत सम्मेलनक मेजबानी कए चुकल अछि। एहि वर्ष मई मे सेहो भारत ब्रिक्स देशक विदेश मंत्री सभक बैठकक मेजबानी केने छल। एहि बेरक शिखर सम्मेलन एहन समय मे भए रहल अछि जखन मध्य-पूर्व मे फेर तनाव बढ़ल अछि आ वैश्विक तेल बाजार मे अस्थिरता देखल जा रहल अछि। सम्मेलन मे चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंगक सहभागिताक प्रश्न पर सेहो सभक नजरि टिकल अछि।

**आयोजन स्थल आ ओकर आसपास बहुस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल अछि**

**ब्रिक्स की अछि? :** ब्रिक्स दुनियां भरिक तेजी सं उभरैत प्रमुख अर्थव्यवस्था आ विकासशील देश सभक एक समूह अछि। ब्रिक्स शब्द अंग्रेजी अक्षर बी, आर, आइ, सी आ एस सं बनल अछि। प्रारंभ मे एकर अर्थ ब्राजील, रूस, भारत, चीन आ दक्षिण अफ्रीका सं छल। वर्तमान मे ब्रिक्स मे 11 पूर्ण सदस्य देश शामिल अछि। ई देश अछि - रूस, चीन, भारत, ब्राजील, मिस्र, इथियोपिया, इंडोनेशिया, ईरान, सऊदी अरब, दक्षिण अफ्रीका आ संयुक्त अरब अमीरात। ब्रिक्स 2026क वेबसाइटक अनुसार, मिस्र, इथियोपिया, ईरान, सऊदी अरब आ संयुक्त अरब अमीरात जनवरी 2024 सं ब्रिक्सक पूर्ण सदस्य बनल, जखन कि इंडोनेशिया जनवरी 2025 मे पूर्ण सदस्य बनल। 2025 मे ब्राजीलक रियो डी जेनेरियो मे भेल ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे बेलारूस, बोलीविया, कजाखस्तान, क्यूबा, मलेशिया, नाइजीरिया, थाईलैंड, युगांडा, उज्बेकिस्तान आ वियतनाम एहि समूहक साझेदार देश बनल। किछु विशेषज्ञक मानब अछि जे वर्ष 2050 धरि ई देश विनिर्माण उद्योग, सेवा आ कच्चा मालक क्षेत्र मे दुनियां लेल प्रमुख आपूर्तिकर्ता बनि सकैत अछि। हुनका सभक अनुसार, चीन आ भारत विनिर्माण उद्योग आ सेवा क्षेत्र मे विश्वक प्रमुख आपूर्तिकर्ता बनत, जखन कि रूस आ ब्राजील कच्चा मालक पैघ आपूर्तिकर्ता बनि सकैत अछि।

**ब्रिक्स नाम कोना पड़ल? :** ब्रिक्स नाम ब्रिटेनक अर्थशास्त्री जिम ओ नीलक देल शब्द ब्रिक सं विकसित भेल। ओ गोल्डमैन सैक्स मे कार्य करैत काल एहि शब्दक प्रयोग केने छलाह। ओ 2001 मे अपन शोधपत्र मे पहिल बेर ब्रिक शब्दक प्रयोग केने छलाह। ब्रिक मे ब्राजील, रूस, भारत आ चीन शामिल छल। वर्ष 2010 मे दक्षिण अफ्रीका एहि समूह मे शामिल भेलाक बाद ब्रिकक नाम ब्रिक्स भए गेल। दक्षिण अफ्रीका अप्रैल 2011 मे चीनक सान्या मे आयोजित समूहक तेसर शिखर सम्मेलन मे पहिल बेर सहभागी भेल। ब्राजील, रूस, भारत आ चीनक नेता सभक पहिल बैठक 2006 मे रूसक सेंट पीटर्सबर्ग मे जी-8 शिखर सम्मेलनक क्रम मे भेल छल। सितंबर 2006 मे न्यूयॉर्क मे संयुक्त राष्ट्र महासभाक बैठकक दौरान एहि चारू देशक विदेश मंत्री सभक औपचारिक बैठक भेल, जाहि सं ब्रिक समूहक औपचारिक रूप सं पहिचान बनल। ब्रिक्सक पहिल आधिकारिक शिखर स्तरीय बैठक 16 जून 2009 कें रूसक येकातेरिनबर्ग मे भेल। 2010 मे ब्राजीलक राजधानी ब्रासीलिया मे दोसर शिखर सम्मेलन आयोजित भेल। एहि बीच दक्षिण अफ्रीका समूह मे जुड़ल आ एकर नाम ब्रिक्स भए गेल।

**ब्रिक्सक उद्देश्य आ विस्तार :** ब्रिक्सक गठन उत्तरी अमेरिका आ पश्चिमी यूरोपक विकसित देश सभक राजनीतिक आ आर्थिक प्रभाव कें चुनौती देबाक आ दुनियां भरिक महत्वपूर्ण विकासशील देश सभ कें एक मंच पर अनबाक उद्देश्य सं भेल छल। बादक वर्ष सभ मे कतेको देश एहि समूह मे शामिल होयबाक इच्छा व्यक्त केलनि। करीब 30 देश ब्रिक्सक सदस्य बनबाक लेल अपन रुचि प्रकट कए चुकल छथि। ब्रिक्स देश आर्थिक विषय पर एक संग काज करबाक इच्छा रखैत अछि, मुदा समूहक किछु सदस्यक बीच गंभीर राजनीतिक मतभेद सेहो अछि। भारत आ चीनक बीच सीमा विवाद एकर प्रमुख उदाहरण अछि। ब्रिक्सक सदस्य बनबाक कोनो निर्धारित औपचारिक प्रक्रिया नहि अछि। सदस्यताक निर्णय सदस्य देश सभक आपसी सहमति सं लेल जाइत अछि। वर्ष 2020 धरि समूह मे नव सदस्य जोड़बाक प्रस्ताव पर बहुत बेसी ध्यान नहि देल गेल, मुदा ओकर बाद ब्रिक्सक विस्तार पर गंभीर चर्चा शुरू भेल। ट्रंपक ब्रिक्स पर रुख ब्रिक्सक बढ़ैत प्रभाव कें लए कए अमेरिका मे सेहो प्रतिक्रिया देखल गेल अछि। अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप ब्रिक्सक प्रति अपन रोष सार्वजनिक रूप सं व्यक्त केने छथि। 2025 मे भेल ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक बाद ट्रंप चेतावनी देने छलाह जे जे देश अमेरिका-विरोधी नीतिक समर्थन करत, तिनका पर अमेरिका पहिने सं लागू शुल्कक अतिरिक्त 10 प्रतिशत शुल्क लगा सकैत अछि। ब्रिक्सक मुख्यालय चीनक शंघाई मे अछि। समूहक शिखर सम्मेलन प्रत्येक वर्ष आयोजित होइत अछि आ एहि मे सदस्य देश सभक राष्ट्राध्यक्ष सहभागी होइत छथि। समूह मे चारि देश रहला काल प्रत्येक पांचम वर्ष एक सदस्य देश सम्मेलनक मेजबानी करैत छल। वर्तमान व्यवस्था मे ब्रिक्सक अध्यक्षता प्रत्येक वर्ष क्रमशः सदस्य देश सभ कें देल जाइत अछि। एहि वर्ष सम्मेलनक मेजबानी भारत कए रहल अछि। ब्रिक्स 2026क वेबसाइटक अनुसार, सदस्य देश सभक संयुक्त जनसंख्या दुनिया आबादीक करीब 49.5 प्रतिशत अछि। वैश्विक सकल घरेलू उत्पाद मे ब्रिक्सक हिस्सा करीब 40 प्रतिशत आ वैश्विक व्यापार मे हिस्सेदारी करीब 26 प्रतिशत अछि।

# शेख हसीनाक बेटी कें सेहो छोड़य पड़ल पद, धोखाधड़ीक लागल आरोप

**ढाका, एजेंसी**





बांग्लादेशक पूर्व प्रधानमंत्री शेख हसीनाक बेटी आ विश्व स्वास्थ्य संगठन (डब्ल्यूएचओ)क दक्षिण-पूर्व एशिया क्षेत्रीय निदेशक साइमा वाजेद बुधदिन अपन पद सं इस्तीफा दए देलनि। हुनकर इस्तीफा डब्ल्यूएचओ आ बांग्लादेशी अधिकारी सभ द्वारा चलाओल जा रहल कथित धोखाधड़ीक जांचक बीच आयल अछि। वाजेद 2024क प्रारंभ मे डब्ल्यूएचओक दक्षिण-पूर्व एशिया क्षेत्रक क्षेत्रीय निदेशकक पदभार ग्रहण केने छलथि। हुनकर कार्यकाल पांच वर्षक छल। मुदा जुलाई 2025 मे हुनका प्रशासनिक अवकाश पर पठा देल गेल छल आ बाद मे ई अवकाश बिना वेतनक जारी रहल।

**डब्ल्यूएचओ हुनका विरुद्ध शुरू केलक जांच**

**कोन आरोपक जांच भए रहल छल? :** रॉयटर्सक रिपोर्टक अनुसार, बांग्लादेशक भ्रष्टाचार निरोधक आयोग मार्च 2025 मे वाजेद पर धोखाधड़ी आ जालसाजी सहित कतेको आरोप लगौने छल। एकर बाद डब्ल्यूएचओ सेहो हुनका विरुद्ध जांच शुरू केलक। आरोप सभ मे चीन यात्रा सं जुड़ल खर्च मे वित्तीय अनियमितता, अपन शैक्षणिक योग्यता संबंधी गलत जानकारी देनाइ आ बांग्लादेश मे जमीनक एकटा टुकड़ा कथित रूप सं अवैध तरीका सं प्राप्त करबाक आरोप शामिल छल। वाजेद सभ आरोप सं इनकार केने छथि। जुलाई 2026 मे अपन वकीलक माध्यम सं डब्ल्यूएचओ कें पठाओल पत्र मे वाजेद चीन यात्रा खर्च सं जुड़ल करीब 901 डॉलरक मामिला मे कोनो धोखाधड़ी सं इनकार केलनि। हुनकर कहब छल जे हुनकर एक सहायक सं प्रशासनिक स्तर पर गलती भेल छल। शैक्षणिक योग्यता संबंधी आरोप पर वाजेद कहलनि जे बांग्लादेश मे ऑटिज्मक क्षेत्र मे कएल गेल काज लेल हुनका मानद डॉक्टरेट भेटल छल आ एहि योग्यता संबंधी जानकारी ओ डब्ल्यूएचओक महानिदेशक टेड्रोस अधानोम घेब्रेयेसुस कें देने छलथि। जमीन संबंधी आरोप पर हुनकर कहब छल जे ओ डब्ल्यूएचओ मे शामिल होय सं पहिने जमीन हासिल केने छलथि आ बांग्लादेशक स्वतंत्रता आंदोलनक नेता शेख मुजीबुर रहमानक परिवार लेल लागू कानूनक अंतर्गत ओ एहि जमीनक हकदार छलथि।

**डब्ल्यूएचओ नेतृत्व पर भरोसा नहि रहल :** अपन इस्तीफा पत्र मे वाजेद कहलनि जे हुनका क्षेत्रक देश सभक सेवा लेल क्षेत्रीय निदेशक चुनल गेल छल आ ओ ईमानदारी सं अपन दायित्व निभौलनि। मुदा हुनकर आरोप अछि जे डब्ल्यूएचओ नेतृत्व हुनका प्रभावी ढंग सं काज करबा सं रोकैत रहल। एहि कारणें संगठनक नेतृत्व पर हुनकर भरोसा समाप्त भए गेल। वाजेद इहो कहलनि जे करीब एक वर्ष बिना वेतन रहलाक बाद हुनकर आर्थिक स्थिति एहन नहि रहल जे ओ एहि स्थिति कें आगू जारी राखि सकथि। एहि परिस्थिति मे हुनका पद छोड़बाक निर्णय लेबय पड़ल। मुदा एहि मामिला पर ओ एकरा सं बेसी टिप्पणी करबा सं इनकार कए देलनि।

## मरैत-मरैत बचलनि जेलेंस्की, विमानक लग धरि पहुंचि गेल छल रूसी ड्रोन

**ओस्लो, एजेंसी।** यूक्रेनक राष्ट्रपति वोलोडिमिर जेलेंस्की मंगल कें एकटा पैघ दुर्घटना सं बाल–बाल बचलाह। रूस दिस सं छोड़ल गेल एकटा ड्रोन हुनकर विमानक बेहद लग पहुंचि गेल छल। समय रहैत ड्रोनक जानकारी भेटलाक बाद विमानक उड़ान किछु समय लेल रोकि देल गेल, जाहि सं संभावित दुर्घटना टरि गेल। घटनाक जानकारी सब सं पहिने नॉर्वेक प्रधानमंत्री जोनास गहर स्टोर देलनि। हुनकर अनुसार, जेलेंस्की मोल्दोवा सं ओस्लो जाइत छलथि,



तखन एकटा ड्रोन हुनकर विमानक अत्यंत समीप आबि गेल। मुदा विमान सं ओकर टक्कर नहि भेल। जेलेंस्की नॉर्वेक राजधानी ओस्लो मे राजा हेराल्ड पंचमक अंतिम संस्कार मे सहभागी होय लेल पहुंचल रहथि। बाद मे मोल्दोवा सरकार पुष्टि केलक जे ड्रोन रूस दिस सं पठाओल गेल छल। मोल्दोवाक अधिकारीक अनुसार, घटना विमानक उड़ान सं ठीक पहिने भेल। रूसी ड्रोनक चेतावनीक बाद मोल्दोवाक हवाई क्षेत्र अस्थायी रूप सं बंद कए देल गेल छल। ड्रोन मोल्दोवाक क्षेत्र मे खसलाक पुष्टि भेलाक बादे जेलेंस्कीक विमान कें उड़ानक अनुमति देल गेल। एहि बीच अमेरिका रूस–यूक्रेन युद्ध समाप्त करबाक प्रयास मे त्रिपक्षीय वार्ता फेर शुरू करबाक पक्ष मे अछि। अमेरिकी दूत स्टीव विटकॉफ आ जैरेड कुशनर कीव मे जेलेंस्की सं एहि संबंध मे वार्ता केलनि।

## भारत-रूस मैत्रीक नव युग, ब्रिक्स सं पहिने होयत पैघ विमान सौदा

**नई दिल्ली, एजेंसी**



**प्रस्तावित सौदा मे क्षेत्रीय यात्री विमानक 105 विमान किनबाक योजना सेहो शामिल अछि**

नई दिल्ली मे 12 सं 13 सितंबर धरि ब्रिक्सक 18म शिखर सम्मेलन आयोजित होयबाक अछि। एहि सं पहिने रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बीच शुक्र कें ब्रिक्स शिखर सम्मेलन सं इतर द्विपक्षीय वार्ता होयबाक संभावना अछि। एहि वार्ता मे यूक्रेन आ ईरान मे जारी युद्धक अतिरिक्त दुनू देशक आर्थिक आ रक्षा संबंध कें आरो मजबूत करबाक विषय पर विचार–विमर्श होयबाक अपेक्षा अछि। एहि बीच ब्रिक्स सम्मेलन सं पहिने नई दिल्ली मे 9 सं 11 सितंबर धरि आयोजित इनोप्रोम इंडिया प्रदर्शनी मे रूसक विमानन कंपनी भारतक विमानन कंपनीक संग किछु पैघ सौदा कें अंतिम रूप देबाक तैयारी मे अछि। प्रस्तावित सौदा मे क्षेत्रीय यात्री विमानक 105 विमान खरीदबाक योजना सेहो शामिल अछि। एहि सौदा सं भारतक क्षेत्रीय विमानन उद्योग कें नव गति भेटबाक संभावना अछि। रूसक यूनाइटेड एयरक्राफ्ट कॉरपोरेशनक क्षेत्रीय यात्री विमान आईएल–114–300 एहि सहयोगक प्रमुख आकर्षण बनि कए उभरल अछि। कंपनीक मुख्य कार्यकारी अधिकारी वादिम बादेखाक अनुसार, भारतीय साझेदार सभक संग पछिला छह मास मे वार्ता मे महत्वपूर्ण प्रगति भेल अछि आ प्रदर्शनीक दौरान कतेको समझौता आखरी रूप लए सकैत अछि। प्रस्तावित सौदा मे पिनेकल एयर लेल 50 आईएल–114–300 विमान, एयर केरल लेल 20 विमान आ स्लीक एविएशनक संग भेल समझौता ज्ञापनक अंतर्गत 35 विमानक योजना शामिल अछि। एहि सं पहिने जनवरी मे यूएसी हैदराबाद मे आयोजित विंग्स इंडिया विमानन प्रदर्शनीक दौरान फ्लेमिंगो एयरोस्पेसक संग छह आईएल–114–300 विमानक संभावित आपूर्तिक लेल प्रारंभिक समझौता केने छल। रूस भारत कें विमान निर्माणक विस्तार लेल संभावित आधारक रूप मे सेहो देखैत अछि। यूएसीक अनुसार, भारत मे एसजे–100 क्षेत्रीय जेटक स्थानीय उत्पादन लेल वार्ता करीब 80 प्रतिशत पूरा भए चुकल अछि।

# मक्का रक्षा समझौता पर पाकिस्तानक रुख बदलल



**इस्लामाबाद, एजेंसी**

सऊदी अरब आ हूती विद्रोहीक बीच बढ़ैत तनावक बीच पाकिस्तान स्पष्ट कए देने अछि जे ओ ईरान समर्थित हूतीक विरुद्ध कोनो सैन्य कारबाइ नहि करत। पाकिस्तानक अनुसार, सऊदी अरब आ तुर्कीक संग भेल मक्का संयुक्त रक्षा समझौताक अंतर्गत फिलहाल यमनक हूती विद्रोहीक विरुद्ध सैन्य कारबाइक कोनो योजना नहि अछि। विदेश कार्यालयक प्रवक्ता सज्जाद हैदर खान साप्ताहिक पत्रकार सम्मेलन मे कहलनि जे मक्का समझौता व्यापक रक्षा सहयोगक एकटा ढांचा अछि, तत्काल सैन्य अभियानक आदेश नहि। हुनक अनुसार, एहि समझौताक अंतर्गत हूतीक विरुद्ध सैन्य कारबाइ पर एहि समय कोनो चर्चा नहि चलि रहल अछि। इस्लामाबाद सऊदी अरबक संग रक्षा आ सुरक्षा मामिला मे समन्वय बनौने अछि, मुदा समझौता लागू होय मे समय लागत आ एकर विभिन्न पक्ष क्रमशः स्पष्ट होयत।

**हूतीक विरुद्ध कारबाइ सं कएलक साफ मना**

**रक्षात्मक प्रकृतिक अछि समझौता :** प्रवक्ता कहलनि जे परिस्थिति जं आवश्यकता उत्पन्न करत तं पाकिस्तान समझौताक अंतर्गत कदम उठा सकैत अछि। हुनका अनुसार, मक्का रक्षा समझौता मूलतः रक्षात्मक प्रकृतिक अछि। तीनू देश मे सं कोनो एक पर सशस्त्र हमला सभ पर हमला मानल जायत। मुदा एकर अर्थ ई नहि जे सऊदी अरब सं जुड़ल प्रत्येक सुरक्षा संकट मे पाकिस्तान सैन्य हस्तक्षेप करत। पाकिस्तानक सेना पहिने सं सऊदी अरब मे प्रशिक्षण आ रसद सहयोगक लेल तैनात अछि। ई तैनाती दुनू देशक पुरान रक्षा सहयोगक हिस्सा अछि। नव समझौता कें व्यापक ढांचा मानल जा रहल अछि, जाहि अंतर्गत आगू अतिरिक्त रक्षा तंत्र विकसित कएल जा सकैत अछि।

**हूती हमला बीच पाकिस्तानक बयान :** पाकिस्तानक ई बयान पश्चिम एशिया मे बढ़ैत तनाव आ सऊदी अरब पर हालक हूती हमलाक बीच आयल अछि। सऊदी ऊर्जा मंत्रालयक अनुसार, यमन सं सऊदी अरबक दक्षिणी क्षेत्रक ऊर्जा प्रतिष्ठान सभ पर हमला भेल, जाहि सं किछु स्थान पर आगि लागि गेल आ काज-काज किछु समय लेल प्रभावित रहल। अधिकारी सभक अनुसार, मिसाइल आ ड्रोन हमला मे कम-से-कम 73 लोक घायल भेल। पाकिस्तान एहि सं पहिने ईरान सं आग्रह कए चुकल अछि जे ओ हूती पर अपन प्रभावक उपयोग करैत सऊदी अरब पर आगांक हमला रोकय। पाकिस्तान ईहो स्पष्ट केने अछि जे मक्का समझौता रक्षात्मक गठबंधन अछि आ फिलहाल एकरा विस्तार देबाक अथवा कोनो अन्य देश कें एहि मे शामिल करबाक योजना नहि अछि।

# जूनियर महिला हॉकी एशिया कप : शान सं सेमीफाइनल मे पहुंचल भारतक बेटी




भारतीय टीम विमेंस जूनियर हॉकी एशिया कप 2026क क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे पाकिस्तानके 19-0 सं हरा देलक। एहि जीतक संग भारत सेमीफाइनल मे अपन जगह पक्का कए लेलक। डिफेंडिंग चैंपियन भारत मैचक शुरूआत सं शानदार खेल देखौलक। टीमके पहिल गोल करबा मे मात्र सात मिनट लागल, जखन पूजा साहू गेंदके गोलपोस्ट मे पहुंचा कए टीमके 1-0क बढ़त दियौलनि। दू मिनट बाद रोशनी ऐंड भारतक बढ़त दोगुना कए देलनि। एकर बाद भारतीय खेलाड़ी सभ लगातार आक्रमण कएलनि, जाहि सं पाकिस्तानक टीम पर दबाव बढ़ैत गेल। अगिला पांच मिनट मे भारत चारि आओर गोल दागलक। तनुश्री दिनेश काडू 11म मिनट मे, सुखवीर कौर 13म मिनट मे आ सानिका चंद्रकांत माने सेहो 13म मिनट मे गोल कएलनि। मधु सिदार आ गीता यादव सेहो गोल कए टीमक बढ़त आओर बढ़ा देलनि। ओतहि सानिका माने 23म मिनट मे अपन दोसर गोल कए भारतक मजबूत स्थिति आओर मजबूत कए देलनि। भारत पहिल हाफ मे अपन दबदबा पूरा तरहे बनौने रहल। तनुजा टोप्पो आ पूजा मलिक गोल कए टीमक बढ़त आओर मजबूत कएलनि। तकर बाद 33म मिनट मे पूर्णिमा यादव सेहो गोल दागलनि, जाहि सं हाफ टाइम धरि भारत 10-0क पैघ बढ़त बना लेलक। दोसर हाफ शुरू भेलाक बाद सेहो भारतीय टीम आक्रामक खेल जारी रखलक। 39म मिनट मे मधु सिदार एकटा आओर गोल कएलनि आ एक मिनट बाद सुप्रिया सेहो मैचक अपन पहिल गोल दागलनि। तकर बाद पूजा मलिक शानदार प्रदर्शन करैत 49म आ 51म मिनट मे लगातार दू गोल कए अपन हैट्रिक पूरा कएलनि। भारत पूरा मैच मे पाकिस्तानके वापसीक कोनो मौका नहि देलक। कृष्णा शर्मा आ बिनिमा धन सेहो गोल कएलनि, जाहि सं टीमक बढ़त लगातार बढ़ैत गेल। सुप्रिया 54म मिनट मे अपन दोसर गोल दागलनि, जखनकि रोशनी मैचक आखरी मिनट मे गोल कए अपन दोसर गोल पूरा कएलनि आ भारतक शानदार जीत पर मुहर लगा देलनि।

# यूएस ओपन : अलेक्जेंडर ज्वेरेव सेमीफाइनल मे पहुंचलाह, करेन खाचानोव सं होयत मोकाबला

अलेक्जेंडर ज्वेरेवक यूएस ओपन 2026 मे शानदार प्रदर्शन जारी अछि। जर्मनीक एहि खेलाड़ी क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे बोटिक वैन डे जैंडशुल्पके 6-2, 7-5, 6-1 सं हरा एकल वर्गक सेमीफाइनल मे जगह बना लेलनि।

अपन शुरूआती 2 मैच पांच-पांच सेट धरि खींचनिहार ज्वेरेव आब लय पकड़ि लेने छथि आ लगातार तीन मैच सीधा सेट मे जीतैत सेमीफाइनल मे पहुंचल छथि।

ज्वेरेव शुरूआती सेट मे दू बेर सर्विस तोड़लनि आ डच खेलाड़ी बोटिकके कोनो समय सेटल नहि होमय देलनि। दोसर सेट मे किछु समय लेल मोकाबला बराबरीक देखाइ पड़ल।

जैंडशुल्प 5-4 सं आगू रहैत एकटा सेट पॉइंट हासिल केने छलाह, मुदा ज्वेरेवक मजबूत प्रदर्शनक कारण ओ एकरा कन्वर्ट नहि कए सकलाह। तकर बाद जर्मन खेलाड़ी अगिला गेम मे सर्विस करबाक पहिने ब्रेक लेलनि, जाहि सं हुनकर प्रतिद्वंद्वीक वापसीक उम्मीद खत्म भए गेल। जर्मन खेलाड़ी अपन सामने आएल दुनू ब्रेक पॉइंट बचौलनि आ आठ एसक संग मैच खत्म कएलनि।

एहि जीतक संग 2026 मे ज्वेरेव सभ चारू मेजर टूनार्मेंटक सेमीफाइनल मे पहुंचनिहार पहिल आ एकमात्र पुरुष खेलाड़ी भए गेल छथि। ज्वेरेव एहि वर्षक फ्रेंच ओपन जीतने छथि आ विंबलडन मे उपविजेता रहलाह। ऑस्ट्रेलियन ओपनक सेमीफाइनल मे हुनका कार्लोस अल्काराज सं हारक सामना करए पड़ल छल।



जानिक सिनरक अनुपस्थिति आ कार्लोस अल्काराजक क्वार्टर फाइनल मे हारि टूनार्मेंट सं बाहर भेलाक बाद ज्वेरेव लग अपन पहिल यूएस ओपन खिताब आ एहि वर्षक दोसर खिताब जीतेबाक मौका अछि। यूएस ओपन 2026क सेमीफाइनल मे अलेक्जेंडर ज्वेरेवक मोकाबला कैरेन खाचानोव सं होयत। रूसक करेन खाचानोवक क्वार्टर फाइनल मोकाबला बेल्जियमक अलेक्जेंडर ब्लॉक्स सं भेल। ब्लॉक्स मोकाबला मे 6-2, 7-5, 3-2 सं पाछू छलाह। चोटिक कारण हुनका मोकाबला सं हटए पड़ल आ खाचानोव सेमीफाइनल मे जगह बना लेलनि। खाचानोवक सेमीफाइनल धरि पहुंचबाक यात्रा शानदार रहल अछि। ओ फेलिक्स ऑगर-अलियासि मे आ लर्नर टिएनके हरा कए टूनार्मेंट सं बाहर कए चुकल छथि।

# ईस्ट जोन ईशान किशनक कप्तानी मे दलीप ट्रॉफीक खिताब जीतलक

ईशान किशनक कप्तानी मे ईस्ट जोन 13 वर्षक सूखा खत्म करैत दलीप ट्रॉफीक खिताब अपन नाम कए लेलक। एमए चिदंबरम क्रिकेट स्टेडियम मे साउथ जोनक विरुद्ध खेलल गेल फाइनल मोकाबला मे पहिल पारीक आधार पर हासिल बढ़तक कारण ईस्ट जोनके विजेता घोषित कएल गेल। ईस्ट जोन तेसर बेर दलीप ट्रॉफीक खिताब अपन नाम केने अछि। एहि सं पहिने टीम 2012-13 मे आखरी बेर ट्रॉफी पर कब्जा जमौने छल।



ईस्ट जोनक प्रदर्शन फाइनल मोकाबला मे शानदार रहल। पहिल पारी मे ईस्ट जोन बेहतरीन बल्लेबाजी करैत 708 रनक स्कोरबोर्ड पर जोड़लक। कप्तान ईशान किशन शानदार प्रदर्शन करैत 270 रनक यादगार पारी खेललनि। 334 गेंदक अपन एहि पारी मे ईशान 30 चौका आ 7 छक्का लगौलनि। ओतहि कुमार कुशाग्र शतक लगबैत 132 गेंद मे 101 रनक योगदान देलनि। शिखर मोहन 85 रन बनौलनि, जखनकि वैभव सूर्यवंशी मात्र 37 गेंद मे 44 रन बनौलनि।

अभिमन्यु ईश्वरन 86 गेंद मे 72 रनक योगदान देलनि। अनुकूल रॉय 45 आ मोहम्मद कौनेन कुरैशी 40 रन बनौलनि। ईस्ट जोन द्वारा पहिल पारी मे बनाओल 708 रनक जवाब मे साउथ जोनक टीम कप्तान तिलक वर्माक 99 रनक पारीक बावजूद 336 रन पर ऑलआउट भए गेल।

तिलकक अतिरिक्त टीम दिस सं देवदत्त पडिक्कल किछु हद धरि लय मे देखौलनि आ ओ 62 रन बनौलनि, जखनकि चमा मिलिंद 43 रन बनाकए आउट भेलाह। गेंदबाजी मे ईस्ट जोन दिस सं मुकेश कुमार 3 विकेट लेलनि, जखनकि मोहम्मद शमी, कुरैशी आ शिखर मोहन दूनू-दूनू विकेट लेलनि। पहिल पारीक आधार पर ईस्ट जोन 372 रनक पैघ बढ़त हासिल कएलक। दोसर पारी मे सेहो ईस्ट जोनक बल्लेबाज सभक प्रदर्शन दमदार रहल।

मैच ड्रॉ घोषित होए सं पहिने टीम 7 विकेटक नोकसान पर 388 रन बनौलक। टीम दिस सं ईशान किशन दोसर पारी मे सेहो बेहतरीन बल्लेबाजी करैत 80 रनक शानदार पारी खेललनि। ओतहि मोहम्मद कौनेन कुरैशी 190 गेंद मे 116 रन बनाकए नाबाद रहलाह। अनुकूल रॉय 64 रनक योगदान देलनि, जखनकि शिखर मोहन सेहो अर्धशतकीय पारी खेललनि।

# यूएस ओपन : कोको गॉफ मीरा एंड्रीवा कें हरा सेमीफाइनल मे बनौलनि स्थान

कोको गॉफ क्वार्टर फाइनल मे मीरा एंड्रीवा विरुद्ध शानदार जीत दर्ज कए यूएस ओपन 2026क महिला एकल कें सेमीफाइनल मे जगह बना लेलनि। गॉफ मीरा एंड्रीवा कें 2-6, 7-6, 6-2 सं हरौलनि। गॉफ 2023क बाद पहिल बेर यूएस ओपनक सेमीफाइनल मे पहुंचल छथि। गॉफ मैचक शुरूआत मे कमजोर देखाइ देलनि आ एंड्रीवा कें टक्कर नहि दए पाबि रहल छलखिन। एंड्रीवा मात्र 26 मिनट मे पहिल सेट 6-2 सं जीत लेलनि। पहिल सेट कें बाद एना बुझाइत छल जे एंड्रीवा सेमीफाइनल मे जगह बना लेती, मुदा एतय सं अनुभवी गॉफ वापसी कएलनि। दोसर सेट शुरू होइते मोमेंटम बहुत बदलि गेल। एंड्रीवाक



स्तर खसि गेल आ ओ गलती करए लगलखिन, जाहि सं गॉफ कें मोकाबला मे वापस आबि गेलाक मौका भेटल। एकर बाद दूनू खेलाड़ीक बीच तनावपूर्ण संघर्ष शुरू भेल। दोसर खेलाड़ी दबाव नहि बनबैत धरि कोनो खेलाड़ी रैली करए लेल तैयार नहि छल। अंततः सेट टाईब्रेक मे पहुंचल, जतय गॉफ दू बेर मैच पॉइंट पर पहुंचलनि। एंड्रीवा द्वारा पहिल चाल चलेबाक प्रतीक्षा करबाक बदला गॉफ आक्रामक तरीका अपनौलनि। एंड्रीवा कोनो मौका नहि भुना सकलखिन। ओ पहिल मैच पॉइंट पर लॉब कें बेसलाइन पार पठा देलनि आ दोसर मौका पर सेहो गलती कएलनि, जाहि सं गॉफ कें टिकि रहबाक मौका भेटल। ई निर्णायक मोड़ साबित भेल। गॉफ अनचोके अपन खेल मे एकटा आरो गियर जोड़ि लेलनि, जखनकि एंड्रीवाक आत्मविश्वास कम होमय लागल। एंड्रीवा एहि गिरावट सं उबरि नहि सकलखिन। गॉफ तेसर सेट 6-2 सं जीत कए मैच अपन नाम कएलनि आ सेमीफाइनल मे अपन जगह सुनिश्चित कएलनि।


धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित

समदिया परिवार





# अफगानिस्तानक विरुद्ध टी-20 सीरीज आ एशियन गेम्स 2026 सं बाहर भेलाह हर्षित राणा

भारतीय टीम कें 13 सितंबर सं अफगानिस्तानक विरुद्ध शुरू होमय बला तीन मैचक टी-20 सीरीज सं पहिने पैघ झटका लागल अछि। हर्षित राणा अपन चोट सं नहि उबरि सकलाक कारण अफगानिस्तानक विरुद्ध टी-20 सीरीज आ एशियन गेम्स 2026 सं बाहर भए गेलाह।

हर्षित राणाक जगह भारतीय टीम मे यश ठाकुरके अफगानिस्तान टी-20 सीरीज आ एशियन गेम्स लेल चुनल गेल अछि। भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड (बीसीसीआई) बृहस्पतिके अपन सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर एहि संबंध मे जानकारी देलक। बीसीसीआई कहलनि, पुरुष चयन समिति अफगानिस्तानक विरुद्ध तीन मैचक टी-20 इंटरनेशनल सीरीज आ एशियन गेम्स 2026 लेल भारतक टीम मे हर्षित राणाक जगह यश ठाकुरके शामिल केने अछि।

हर्षितके अफगानिस्तानक विरुद्ध टी-20 सीरीज लेल टीम मे शामिल कएल गेल छल, मुदा हुनका पहिने फिटनेस टेस्ट सं गुजरए पड़बाक छल। भारतीय बोर्ड बतौलक जे हर्षितके अफगानिस्तानक विरुद्ध टी-20 सीरीज लेल हुनकर फिटनेसक आधार पर टीम मे चुनल गेल छल। मुदा 7 सितंबरके गेंदबाजी करैत समय हुनकर जांघक मांसपेशी मे खिंचाव आबि गेल। बीसीसीआई कहलनि,

यश ठाकुरके भेटल स्थान



ई तेज गेंदबाज बीसीसीआई सेंटर ऑफ एक्सीलेंस (सीओई) मे अपन रिहैबक दौरान नीक प्रगति कए रहल छलाह। 7 सितंबरके मैच सिमुलेशनक दौरान गेंदबाजी करैत समय हुनकर जांघक मांसपेशी मे खिंचाव आबि गेल, जाहि कारण हर्षितके टीम सं बाहर होमय पड़ल अछि। जिंबाब्वेक विरुद्ध टी-20 इंटरनेशनल सीरीजक दौरान डेब्यू कएनिहार यश एखन धरि कुल 2 मैच खेललनि अछि आ कुल 4 विकेट लेलनि अछि। हालांकि नीक प्रदर्शनक बावजूद यशके अफगानिस्तानक विरुद्ध टी-20 सीरीज लेल टीम मे नहि चुनल गेल छल। एशियन गेम्स 2026 लेल सेहो भारतीय टीम कागज पर मजबूत देखाइ पड़ि रहल अछि। एशियन गेम्सक आयोजन 19 सितंबर सं जापानक आइची-नागोया मे होमय बला अछि। भारतीय टीम टूनार्मेंट मे अपन पहिल मोकाबला क्वार्टर फाइनल रूप मे 28 सितंबरके खेलत।

### अफगानिस्तानक विरुद्ध टी-20 सीरीज लेल भारतीय टीमक अपडेटेड स्क्वॉड

श्रेयस अय्यर (कप्तान), अभिषेक शर्मा, वैभव सूर्यवंशी, संजू सैमसन (विकेटकीपर), ईशान किशन (विकेटकीपर), तिलक वर्मा (उपकप्तान), शिवम दुबे, नीतीश कुमार रेड्डी, अक्षर पटेल, वॉशिंगटन सुंदर, वरुण चक्रवर्ती, रवि बिश्नोई, जसप्रीत बुमराह, अर्शदीप सिंह आ यश ठाकुर।

### एशियन गेम्स 2026 लेल भारतीय टीमक अपडेटेड स्क्वॉड

श्रेयस अय्यर (कप्तान), अभिषेक शर्मा, संजू सैमसन (विकेटकीपर), ईशान किशन (विकेटकीपर), शिवम दुबे, तिलक वर्मा (उपकप्तान), नीतीश कुमार रेड्डी, अक्षर पटेल, वाशिंगटन सुंदर, वरुण चक्रवर्ती, रवि बिश्नोई, जसप्रीत बुमराह, अर्शदीप सिंह, वैभव सूर्यवंशी आ यश ठाकुर।

वर्ष 17, अंक 04 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053